МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ

# МЕН НЕГЕ жазыўшылықты таңладым?



М. НЫЗАНОВ МЕН НЕГЕ жазыўшылықты таңладым?

УОК 821. 512.121 (081)
КБК 5 Қар
Н — 97

**М. Нызанов. Мен неге жазыўшылықты таңладым?** Нөкис, «Билим» баспасы, 2018-жыл. 184 бет.

**УОК 821. 512.121 (081)**
**КБК 5 Қар**
**Н — 97**

Автор өзиниң бул китабына хәр қыйлы жылларда жазылған проблемалық мақалаларын енгизди. Мақалалар кең оқыўшылар жәмийетшилигине арналған. Соның менен бирге, жас жазыўшылар хәм болажақ журналистлер ушын тема таңлаў, оны ашып бериў жоллары, мақала қара сөзден ибарат болып қалмаў, «оқыйтуғын» тартымлы шығарма сыпатында үлги хызметин атқара алады.

Пикир билдириўши:

**Кеңесбай Реймов** — *Өзбекстан Республикасында хызмет көрсеткен журналист.*

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90604

ISBN 978-9943-4447-6-8

© М. Нызанов, 2018.
© «Билим» баспасы, 2018.

## АҒЛА ПАЗЫЙЛЕТЛЕРИ БАР ХАЛҚЫМНЫҢ

Халқымыздың сондай бир ағла пазыйлетлери бар, бул дүньядан кетип атырған инсанның ким болыўына қарамастан, арқасынан ғыйбат сөз айтпайды. Оның соңғы сапарға атланардағы мерекесине ҳәмме жумысларын жыйнастырып қойып, қатнасыўға ҳәрекет етеди. Марҳумның тирилигинде бендешилик пенен ислеген бирли-жарым кәтеликлери болса сол мәўриттиң өзинде умытып, «пақыр, жақсы адам еди, ақырети абат болғай» деп тилек тилейди.

Халқымыздың сондай бир ағла пазыйлетлери бар, жасы үлкенниң үстинен басып өтпейди, әўлийениң тусынан басып өтпейди. Қойымшылық тусынан өтип баратырған ҳәр қандай жолаўшы бул кәбирстанда ҳеш қандай жақын-жуўығы жатырған болмаса да, ол жердеги бәрше марҳумлардың руўхына дуўа қылмай өтиўди өзине айып ҳәм гүна деп биледи.

Сүйикли шайырымыз Ибрайым Юсупов халқымыздың бундай ағла пазыйлетлерин былай тәрийиплеген еди:

Бүгин еситкенди ертең көз көрер,
Өмир жаңалықлар менен өрлейди,
Ҳәтте қонақ күтиўлер де өзгерер,
Дәўир дәстүрлерге ырық бермейди.

Бирақ, бизиң халықтың шын инсанлығы,
Басқа ис түскенде мийирманлығы,
Өли сыйлаўдағы бексултанлығы,
Қандай заман тусында да өлмейди.

Ҳақыйқатында да, бизиң халқымыз не бир заманлардың қысыўметине ушырап, өтмишин умыттырыўға мәжбүрлеген пайытларда да өз инсаныйлық пазыйлетлеринен ўаз кешпеди. Ата-анасының жаназасына қатнасқаны ушын жазаланған коммунистлер ҳәмелден кешсе кешти де, ата-анасының ядгерлигинен кешпеди.

Қудаға мың қәтле шүкир, ғәрезсизлик шарапаты менен бул қысыўметлер артта қалды. «Ҳүждан еркинлиги» деген бир қәсийетли нызам енди «қағаздан шығып» ҳәр бир инсанның жүрегинен жай алды. Халық өзиниң ата-бабаларының басына еркин барып зыяратлай алатуғын, олардың белгисиз болып баратырғанларына белги қойып, қәбир әтирапын абаданластырып, қурбы келгенлер басларына мақбаралар салып, ибратлы зыяратханаларға айландырыўы мүмкиншилигине ийе болды.

Буннан онлаған жыл алдын белгили ел ағасы Қәллибек Камаловтың өзиниң ата-анасы жатырған «Нағым ата» қойымшылығын абаданластырып атырғанлығы ҳаққында еситкеним бар еди. Лекин, ол пайытлары буған онша итибар бермедим. Себеби, ата-ана қәбирин зыяратлаў, оны абаданластырыў ҳәр бир перзенттиң ўазыйпасы. Қала берсе, марҳумларды яд етиў мәмлекетлик сиясатқа айланғаннан баслап, қәбир басындағы саханалар әтирапын сыпырыстырыў, темирден қойылған белгилерди бояў, өшип баратырған жазыўларды қайта қәлпине келтириў ғалаба түс алған еди.

Биракта, соңғы жыллары айырым жасы үлкенлердиң «Нағым ата» қойымшылығына исленген ислер, ол жерде жаратылған бағлар бул этирапта жоқ деген баҳаларды қулағым шалғаннан кейин, бул ибратлы ислерди барып көрип, қойымшылықты зыярат етиў нийети пайда болды. Лекин, оны ақсақалға ашық айтыўға бираз ўақытқа дейин тартынып жүрдим.

—Жақында, 9-май күни ата-бабаны еслеў ушын зыяратқа бараман,—деди Қәллибек аға Камалов мениң бул кеўлиме алған нийетимнен хабар тапқаннан кейин. —Академик Жуманазар Базарбаевқа да мирәт етип қойыппан. Барсаң, сени де алып кетемен. Ол жерде елимиздиң үлкен уламалары, өз заманының көрнекли ағартыўшылары жатыр. Олардың көпшилиги Бухара медресесин питкерген, илим-билим сырларын жетик ийелеген зыялылар. Медреселер—бул тек ғана диний тәлийматты үйретиўши мәскан емес, ол жерде дүньялық илимлер философия (фалсафа), медицина (тиббиёт) математика (ал-жабр) астрономия (фалакият), география (жуғрафия), этика-эстетика (тасаўўиф) пәнлеринен сабақ өтилген. Егер усындай илимлер болмағанда Самарқанд, Бухара, Хийўа қалаларындағы анық өлшемлерге тийкарланған саўлатлы сарайларды, бийик минараларды қура аларма еди? Мине, бул билим кәнлеринен суўсынланған ахун-уламалар өз журтына келип, халықты саўатландырған, ийман-инсапты үйреткен, әлемниң мыңсанеки сырларынан хабардар еткен, қулласы, ағартыўшылық жумысларын алып барған. Солардың саўатқанлығы нәтийжесинде халқымыздың бай мийраслары, Жийен Жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ сыяқлы сөз шеберлериниң шығармалары,

ҳәзирде жүз томнан ибарат болған қарақалпақ фольклоры бизге дейин жетип келген. Усындай ибратлы ислерге бас-қас болған өтмиштеги зыялыларымызға қанша иззет көрсетсек арзыйды.

Мен бул иске 1991-жылдан шынтлап кирисип, 2015-жылға шекем, яғный 25 жыл өмиримди сарпладым. Өзимниң ел басқарған дәўиримде ислей алмаған, ислеўиме мүмкиншилик болмаған кемисликти толтырыўға ҳәрекет еттим. Сол 1991-жылы қойымшылыққа барғанымызда кебирдиң батпақшылығынан аяғымызды тартып ала алмайтуғын едик. Ата-анамыздың, бабаларымыздың басында түбири жоқары қарап көмилген шеңгеллер ғана бар еди. Ҳәзир бул жерде жети-сегиз мақбара пайда болды. Қойымшылыққа суў апарып, бағ көгерттик. Отыз түп гүжим ектирдим. Бүгин олар нәрўан болды. Гүжим — бул, рууханий дарақ. Бир заманлары Иgranнан Хорезмге алып келинген. Оннан республикамыздың түслик районларына, кейин-кейин арқа районларға өтип атыр. Оның Қараөзекке отырғызылыўы — биринши мәрте. Анам жатырған жерди бирақ, абаданластыра алмадым. Себеби, ол ертерек қайтыс болып кеткенликтен тығыз кәбирлердиң арасында қалған еди. Солай болса да, оған бир неше туўысқанларды қосып, басына жай салдырттым, саханасына ҳәм жайдың ишине ақ мармер төсеттим. Бетон қуйылған жол апардым. «Ананың ақ сүтин ақладым» деп айтып болмайды, сонда да қолымнан келгенинше хызмет етип, руўхын шад еткен шығарман деп ойлайман.

Жоқарыдағы айтылған қурылыс ҳәм абаданластырыў ислерине ҳеш кимнен кәрежет алмадым. Ҳәммеси балаларым Полатбек, Муратбек ҳәм өзимниң жыйған пулларыма исленди. Полатбек қу-

рылыстың басында «прораб» болды. 2015-жылы 22-мартта зыяратқа елимиздиң ардақлы ақсақаллары Амин Тажиев ҳәм Үббинияз Әширбековларды алып бардым. «Қәллибек Камалович, сиз жигирма бес жыл республиканы басқарып, Қарақалпақстанды гүлленген, раўажланған үлкеге айландырдыңыз. Мине, енди дем алысқа шыққан дәўириңизде ата-бабалардың руўхын шад етип атырсыз. Бундай абаданласқан, бағқа айланған қойымшылық Хорезм—Қарақалпақта жоқ»,—деди Амин Тажиев сонда. Қулласы, барғанда өзим бирим-бирим көрсетип, таныстыраман.

Лекин, сол 9-май зыяратына мен қатнаса алмадым. Оннан еки-үш күн алдын хызмет сапары менен Ташкентке барыўыма туўры келиўине байланыслы ақсақалдан кеширим сорадым.

—Баратуғын ўақтыңды еки-үш күн бурын айт,—деди Қәллибек аға еслеў күни өткеннен соң бираз күннен кейин. Қасыңа сол қойымшылықтың тарийхын жақсы билетуғын бир адамды қосаман. Көлик те меннен болады. Айтпақшы, шайыр ҳәм журналист Кеңесбай Реймовтың қосықлар топламы шығыпты. Қосықлары маған жүдә унады. Қарсы болмаса оны да қасыңа алсаң.

Солай етип, бизлер ўәделескен күн 27-май базар күнине туўра келди. Бизге «гид» ўазыйпасын атқарыўшы Нөкис қаласы Нураный қорының баслығы Кароматдин Қалендеров екен. Бул жасы үлкенге мен соннан бир күн бурынғы қапырық ыссыдан қорқып, азанда ерте кетип, салқын менен айланып қайтыўды өтиниш еттим. Қарасақ, ол да, мен де интернетке қызықпайды екенбиз. Интернетте 27-май күни ҳаўаның температурасы 22 градусқа дейин төменлейтуғыны, күшли даўыл ҳәм шаңғыт болатуғыны жазылған екен.

Бүгинги күнниң синоптиклери дым қәтелеспейтуғын болған. Азанда ерте сыртқа шықсам, күн жаздың айы дегендей емес, дүбелей ысқырып тур. Жети қат аспаннан жерге дейин уйтқып турған шаңғыт жүз метр жердеги қараның не нәрсе екенин аңғартпайды. Шаң-тозаңнан, тилиңди жаласаң ерниң ашыйды. Аспаннан шаң менен бирге дуз қуйып турғандай еди. Бул—Аралдан көтерилип келген дузлы шаң ба, яки атмосфера шаңы ма, айырып болмас еди.

—Бундай шаңғытты мен усы жасыма дейин көрмегенмен,—деди Караматдин аға машинаға отырып атырып.—Дүбелей, шамалаўымша түнги екилердиң әтирапында басланды. Мейли, жүреберейик, Халқабадтан соң ашылысар.

Бул дүбелей Халқабадта да, Шымбайда да, Қараөзекте де ашылмады.

—Қәне, бизге гүрриң бериң,—деди Караматдин аға ғүзар жолға түскеннен соң. —Бириң жазыўшысыз, бириң шайырсыз. Шаңғыт өз жолы менен. Ол ишке өте алмайды.

—Караматдин аға, бул рет гүрриңди сиз бересиз,—дедим мен оған. —Бул бизиң «Нағым ата»ға нийет еткен биринши сапарымыз. Сиз ол жерде жатырған уламалар ҳаққында жақсы билер екенсиз.

—Мейли, айтсам айтайын. Сизлердиң әңгимеңизди баспа сөзден оқып атырмыз ғо. Ҳәзир баратырған зыяратханамыз Қараөзек районының арқа тәрепинде, он сегиз километр қашықлықта жайласқан, Қараөзек хожалығы аймағындағы «Нағым ата» қойымшылығы. Ол әтирапта ертеде қарақалпақлардың қолдаўлы ҳәм мүйтен аўыллары сыбайлас отырған. XVIII әсирдиң ақыры, XIX әсирдиң орталарында Әбдикерим ҳажы ахун деген Бухара

медресесин тамамлаған, билимли адам өткен. Ол Бухара медресесинде 18 жыл мударрислик қылған. Ҳажы ахунның алты баласы болған. Алты баласының ең кишкенеси Қуламет ахун Бухара медресесин тамамлап, қазылық мөрин алып қайтқаннан кейин, өз заманының белгили ел басшысы Ораз аталық Әбдикерим ахуннан «усы балаңды бизиң аўылға бер, өзим жай салдырып, мешит ҳәм медресе қурдырып беремен, бери қараған елаттың балаларына тәлим берсин» деп сорап алады. Ораз аталық салдырған медресе дийўаллары елеге шекем турыпты. Усы медреседе Қуламет ахун үш жүзден зыят балаға билим берген.

—Үш жүз бала сыятуғын медресе болған ба?—дедим мен ҳайран қалып.

—Яғ-әй, үш жүз бала он жылда оқыды ма, жигирма жылда оқыды ма...

—Ал, Нағым ата деген ким?

—Нағым ата Қуламет ахунның үлкен баласы. Оның Нағым ийшаннан басқа Жамал ийшан, Камал ийшан деген де балалары болған.

—Неге қойымшылық Қуламет ахун атында емес, Нағым ийшан атында?

—Нағым ийшан үш мәрте ҳажыға барып келген, бәлким соннан болса керек...

—Караматдин аға, сиз ақсақалымыздың қойымшылықты абаданластырыў ислеринде қатнасқан көринесиз...

—Дурыс. Ең биринши мәрте Кәллибек аға қасына Жақсылық Палўановты, Данил Якубовты ҳәм мени алып усы қойымшылыққа келди. Бул 1991-жылдың 5-декабри еди. Сонда қойымшылықтың арасынан жүриў мүмкин болмады. Аяқларымыз кебирдиң батпағына кирип кетип, зорға

тартып алар едик. Өзлериңиз билесиз, қандай суўық болса да кебирдиң ылайы қатпайды. Ақсақал анасының басына қойыўға алып барған темир қорғаншаны не қыйыншылық пенен қойып қайтты. Мине, сол күннен баслап ол усы қойымшылықты абаданластырыўға жең түринип киристи. Қәбирлердиң арасындағы кебир топырақлардың бәрин 1 — 1,5 метр тереңликте алдырып, орнына салы атызларынан үлкен-үлкен арналардың ырашларынан суўға қанық топырақ алдырып төктирди, тегислетти, суў апарып, бир неше онлаған түп гүжим нәллерин отырғызды. Гүжимниң арасына жоңышқа ектирди, гүл көгертти. Ҳәзир барып көрсеңиз, бағқа киргендей боласыз.

Қойымшылықтың ең бийик жеринде Куламет ахун ҳәм оның балаларының қәбири бар еди. Оларға да сахана салдырып, басына үлкен махбара қурғызды. Оған баратуғын аяқ соқпақты бетоннан қуйдырды. Қулласы, 2015-жылға дейин 5 — 6 мақбара ҳәм бир мешит салдырды. Кейин усы жерде дөгерек-даштағы елди жыйнап ас берди.

Кимниң далаға таслай алмай жүрген дүньясы бар? Бул ислердиң бәри жасы үлкенимиздиң үлкен адамгершилиги, инсаныйлық пазыйлети деп билемен.

— Караматдин аға, ақсақал жигирма бес жыл ел басқарды. Бул дәўирде қойымшылыққа қараўға қолы тиймеди ме екен, яки...

— Бул жерде Кеңесбай менен сиз билмейтуғын сиясат жоқ?! Қойымшылыққа курттай итибар беретуғын заман болды ма сол ўақытта?! Барғаннан кейин сизлерге Жарылқап деген бир жасы үлкенниң қәбирин көрсетемен. Сол адамның өмирлик жолдасы Рәўшан Султанова деген атақлы пахтакеш еди.

— Билемиз, — деди Кеңесбай гәпке қосылып. — Ол апай жетписинши жыллары атақлы пахтакеш болды, орайда өткен үлкен әнжуманларға делегат болып қатнасты.

— Әй, барекелла! Лекин, ол елиўинши-алпысыншы жыллары да атақлы пахтакеш болған. Бирақ, сол жыллары ол үлкен қуўдалаўға ушырайды. Буның себеби, 1958-жылы Сәлмен ийшанның қызы Бийбисара апа әкесине ас береди. Усы асты бериўге мүмкиншилик туўдырғаны ушын Шымбай районлық партия комитетиниң биринши секретары Өтәмбет Арзымбетов хызмет ўазыйпасынан босатылады, Бийбисараның күйеўи Абдиғаффар сегиз жылға Сибирге сүргин етиледи. Рәўшан Султанова сол ўақытлары колхоз баслығы болып ислейди екен, хызмет ўазыйпасынан босатылып партия қатарынан өшириледи. Әне, көрдиңиз бе, «түйени жел ушыратуғын» заманлар болды ғо, ол жыллары!

Мен де ол заманлардың қысыўметинен жақсы хабардарман, сорасып қарасам Караматдин аға меннен еки жас-ақ үлкен екен. Лекин, оны көбирек сөйлетиў, баратырған зыяратханамыздың тарийхын еле де тереңирек билиў ҳәм ақсақалдың өзинен майдалап сорай бериўге тартынған тәреплерин анық түсинип алыў мақсетинде «гид»тиң «қытығына» тийген едим.

Әңгиме-гүрриң менен 80 — 90 шақырым аралықты демде басып өтип, «Нағым ата» қойымшылығы қасындағы жаңа мешит алдына келип тоқтадық.

Мешит төрт бөлмеден ибарат болып, есиги күнбатыс тәрепке қаратылған екен. Кирген жерде узынша дәлиз, дәлиздиң оң жағы кишигирим бөлме, шеп жағында узын, кең зал, дәлиздиң туўры

барған басында кишигирим асхана бар екен. Ҳәмме бөлмелерге гилем төселген, оң жақтағы кишкене бөлмеде бир хантахта қойылған. Хантақтаның әтирапына гүлин келтирип төрт көрпеше төселген. Шеп тәрептеги үлкен залда узын еки хантақта дийўалға сүйеўли тур. Адамлар келгенде төселетуғын көрпешелер бир мүйешке муқыятлап жыйналған. Асханада болса бәрше қазан-табақ, қасық, шәйнек-кеса, қулласы, мереке бериўге не нәрсе зәрүр болса ҳәммеси бар еди.

Биз оң жақтағы кишкене бөлмеге дизе бүгип, изимизден жетип келген Қуламет ахунның бүгинги үрим путақлары Сәлимжан ҳәм Алланазар менен бирликте марҳумлардың руўхына қуран оқыдық.

— Усы мешиттеги ҳәмме дәскелер ийнесинен сабағына дейин Камалов тәрепинен келтирилди, — деди Караматдин мақсым. Бул усы қойымшылыққа қурылған екинши мешит. Бириншисин, өз дәўиринде ел ағасы болған, буннан шамасы 150 жыллар бурын жасап өткен Ораз аталық тәрепинен салынған, екиншиси болса, бүгинги ақсақалымыз Қәллибек Камалов тәрепинен.

Мешиттен шығып, бийик мақбаралардың бирине келдик. Жоқарыда айтылған гүжимлер отырғызылған бағ усы жерден басланады екен. Ҳақыйқатында да, гүжимлер бүгин үлкен дараққа айланған, әтирапында диз бойлы жоңышқалар, ҳәр түрли гүллер өсип тур. Ҳәр бир мақбараның алдына босағаға дейин реңли брусшаткалар төселген.

— Бул Нағым ийшанның баласы Әбдиўат ҳәм оның елтиси Ерлепес қызы Бийбизаданың саханалары қойылған мақбара, — деп таныстырды Караматдин аға. — Мақбара 2000-жылы баласы Ҳабибулла тәрепинен салынған. Бирақ, әтирапын

абаданластырыў жумыслары Камалов тәрепинен исленди. Екинши мақбара Тимур Камаловтики, үшиншиси Пазылбек Камалов ҳәм зайыбы Палсанем жеңгейге тийисли. Туўры алдымыздағы бийик мақбара Камал Нуржан улы, яғный Кәллибек ағаның әкеси ҳәм екинши анасы Дәўлетбийке Абылла ахун қызына қурылған. Усы жерде түсиндирип өтейин, Кәллибек аға бес жасында өз анасынан жетим қалады. Кейинги анасынан Тимур ҳәм Зернегүллер туўылады. Улыўма, бул бағдың ишинде көрип турғаныңыздай бес мақбара бар. Енди он бес-жигирма күннен кейин көрсеңиз мына гүллер ғумшалап, ашылады. Әтирап гүлзарға айланып кетеди.

Бул қорғаншадан шыққаннан кейин еки адам қатар жүрип сыятуғын, жағасына бардюр қойылған, бетоннан қуйылған аяқ соқпаққа түсип, қубла күн батысқа қарай жүрдик. Буннан буяғына нешше жыллық сексеўиллер, дарақтай бәлент өсип кеткен жуўан жыңғыллар еки жағада қалып барар еди.

— Пүткил қойымшылықтың бәрин бағқа айландырып шығыўдың мүмкиншилиги жоқ, — деди Караматдин аға. — Әдептен тәртипсиз қойылып кеткен кәбирлер көп. Олар елиў жыллық, жүз жыллық тарийхқа ийе. Оның үстине жер де тегис емес, Көресиз бе, қанша жерден бийикке көтерилип киятырмыз. Төменнен турып қарасақ keминде отызқырық метр бийикликке тең шығар деп ойлайсаң. Ҳақыйқатында да солай. Усы бийикликке қолмақол гербиш шығарылып жасы үлкенимиздиң басламасы ҳәм қоллап-қуўатлаўы менен ең үлкен Құламет ахун мақбарасы қурылды.

Биз мақбараға кирип Құламет ахун ҳәм оның балалары Әбдинағым хәм Жамал ийшан, Камал ийшанлар руўхына дуўа қылдық.

—Караматдин аға, сиз бағана 1991-жылы келгенде темир қорғаншаны зорға қойды деген единиз, ол қорғанша қайда, яки мақбара салынғаннан кейин алып тасланды ма?—дедим мен.

—Яқ, ҳәзир ол жерге де барамыз.

Ол бизлерди қатара жети сахана қойылған, тас гербиштен салынған жайға баслап келди. Бул жерге дейин де бетон соқпақ исленген екен. Жети сахананың бири ақсақалдың анасы Қаллықораз анаға, басқалары туўған туўысқанларына тийисли екен. Темир қорғанша басқа марҳумлардың естелигине қойылыпты.

—Жасы үлкен Нағым ийшанның ақлығы Ҳабибулла ийшанды жүдә жақсы көрер еди,—деди Караматдин аға. — Ол он алты жасында ийшан атағын алған, ҳәм диний, ҳәм бүгинги илим-билимди жақсы ийелеген саўатлы адам еди. 2008-жылы 63 жасында тосаттан қайтыс болды. Камалов оның басына да мақбара қурдырды.

Соң Ораз аталық тәрепинен салдырылған медресени барып көрдик. Медресе онлаған үлкен-киши бөлмелерден ибарат болып, бүгинги күнде оның дийўаллары ғана қалған. Қар-жаўын ақыбетинде ағып түсип атырған саз кесеклер ултанда аппақ боз топыраққа айланып, өтмиштен хабар берип жатар еди.

—Мына тас гербиштен салынған жай, бағана мен айтқан Рәўшан Султанованың күйеўи Жарылқап ағаның жайы. Бирақ, оның өз дәўиринде ким болғанын билмеймен.

—Енди бир усыныс бар, шет еллерде туристлерге азырақ аралағаннан кейин «кофе-брейк» береди. Сизлер менен биз азырақ емес, тәўир-ақ зыярат қылдық. Соның ушын кишигирим түслик

қылыўға ҳақылымыз. Қойымшылықтың қасында мына Сәлимжанның әкеси Ҳабибулланың ҳәўли-жайы бар. Сол жерде Алмагүл жеңгемиздиң қолынан бир кеса шай ишип кетесиз.

Алмагүл жеңгемиз толық денели, орта жаслардан өтип атырған елти екен. Караматдин аға жеңгей менен таныстыра отырып, және бир жаңалық айтты.

—Ҳабибулланың баласы Бахытжан 1992-жылы Мысыр-Араб мәмлекетине барып, колледжге оқыўға кирген еди. Оны питкергеннен кейин «Ал-Асқар» университетинде оқыды. Университетти тамамлап, ҳәзир 26 жылдан берли сол жақта жасап атыр. Муфтий дәрежесин ийелеген үлкен улама. Оның қызы да быйыл 18 жасында дүньяда биринши мәрте ҳаял-қызлар арасында муфтий атағын алыўға миясар болды. Бул пүткил қарақалпақ халқы ушын үлкен мақтаныш емес пе?!

—Әлбетте!

Биз жол бойы киятырып ата-бабаларымыздың усы ел деп шеккен жәбириў-жапалары, әсиресе, совет власты орнаў дәўиринде найлаж ўатан гедайы болып кетиўге мәжбүр болған аталарымыз ҳәм аналарымызды, 1937—1938-жыллары арабша саўаты болғаны ушын, ҳәтте үйинде араб имласында жазылған китап сақлағаны ушын-ақ қуўдаланып, көбисиниң атылып кеткенлигин еследик. Бундай қысыўметлер «репрессия» деп айдар тағылмаса да, 1984—1989-жыллар аралығында да тәкирарланған еди. «Пахта иси», «Өзбек иси» деп басланған жазыксыз айыплаўлар елимиздиң бас көтерген азаматларының басына түсти. Кимиси бул наҳақлықларға шыдам бере алмай дүньядан өтти. Кимиси жыллап қамақханаларда отырды.

Бул қысыўмет ел ағасы Кәллибек Камаловты да шетлеп өтпеди. Лекин, ол бес жыллық қамақты бастан кеширсе де ерки мийтиндей беккемлиги себепли, өзин алдырмады. Қандай хызмет ислесе де ел халқының бахты ушын, Қарақалпақстанның гүллеп-жаснаўы ушын пидайы мийнет еткенлигин дәлилледи. Ҳақ—ҳақлығына шықты. Ақсақалымыз айыпсыз деп табылып, толық ақланды.

Бәрқулла ел мәпи деп аянбай хызмет етиўди өзиниң инсаныйлық миннети деп билген ақсақал, буннан кейин де республикамызда исленип атырған ҳәр қандай ибратлы ислерден хабардар болып турды. Ел азаматларын қоллап-қуўатлады, хошаметледи, аталық нәсиятын бериўден шаршамады. Ол әсиресе көпти көрген жасы үлкен, ел ағасы сыпатында марҳумлардың руўхын шад етиўди өз парызы деп билди. Олардың қәбирлерин абаданластырды, халық арқайын барып, өз ата-бабаларын зыяратлайтуғын муқаддес орынға айландырды.

Зыяраттан қайтар екенбиз, биз оған еле де беккем денсаўлық тиледик ҳәм бул ибратлы ислерин журтшылыққа өрнек етип көрсетиўди мақул таптық.

*27-май — 2-июнь. 2018-жыл.*

## ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ БАС КИЙИМИ ҚАНДАЙ БОЛҒАН ЯМАСА ЖЫРАЎЛАР НЕГЕ ШӨГИРМЕ КИЙЕДИ?

Буннан үш-төрт жыл бурын киностудия жанында жүзи таныс бир жигитти ушыратып қалдым. Ол сол жерде режиссёр жигитлер менен қызғын сәўбетлесип тур еди. Маған көзи түсти де, жүўырып келип сәлемлести. Көзқарасынан мениң менен жақсылап сорасқысы, сөйлескиси келгенлиги сезилип турды. Маған да оның жүзи таныс еди, бирақ, анық ким екенин есиме түсире алмағаннан кейин, «қалайсаң иним, аўҳалларың жақсы ма?» дан ары өте алмадым. Ол мени менменликте айыплағандай бир түрли болып қалды.

— Бағанағы жигит ким еди? — деп сорадым бир заманнан кейин режиссёр Баўетдин Баймурзаевтан.

— Қайсы? — деп ол маған қайтарып саўал қойды.

— Сизлер менен сөйлесип турған?

— Ҳа-аў, соны таныңадың ба? Өзимиздиң Бақберген ғо… Жыраў! Сырымбетов!

— Әйтеўир бир жерде көргендеймен!

— Сахнада мудам шөгирме менен шапанда көргеннен кейин айыра алмағансыз ғой.

Ҳақыйқатында да солай еди. Сол сапары күйинип, «Жыраўлар неге шөгирме кийеди? Қарақалпақтың бас кийими қандай болған өзи?!» деп өзиме-өзим саўал қойдым. Бул саўалыма ҳәзирге дейин жуўап таба алмай қыйналаман.



RESPUBLIKALI'Q MA'LIWLEME-RESURSLI'Q ORAYI'
INV № 80604

Жақында, жас өспирим талантларға арналған телекөрсетиў болды. Сонда 6-классса оқыйтуғын бир бала жыраўды шөгирмеде көрип, енди бул ҳаққында өз пикиримди билдирмесем болмас деген қарарға келдим. Ақыры, дигирмандай шөгирмениң ишинде бала байғустың басы тәрнектей болып еперси көринип турар еди.

Ғәрезсизлик шарапаты менен жыраў-бақсыларымыздың қатары күн сайын көбейип атырғанына ҳәммемиз қуўанышлымыз. Бир ўақытлары оларды мәденияттың артта қалған тараўы сыпатында баҳалап, үлкен-үлкен концертлерде, мәдeният күнлеринде жыраўдан Қыяс Хайратдинов, бақсыдан Генжебай Тилеўмуратовқа бир-бир намадан ғана ўақыт ажыратар еди. Онда да бул талант ийелерин халық тыңлап дем алыў ушын емес, ески, жоғалып баратырған мәденияттан жанлы экспонат сыпатында усынылар еди.

Залда отырғанлар да бақсы, жыраўларға қол ушы ғана шапалақ қағып, ал, батыс музыкалары, ямаса соның тәсиринде жазылған намаларды күнде еситe берип, қулағы көнлигип кеткенликтен дүрлеген қол шаппатлаўлар менен узатып қояр еди.

Бақсы-жыраўларға болған усындай немқурайдылық нәтийжесинде жыраўлардан Шамурат Бекмуратов, Есемурат Нурабуллаев, Асқар Бегимов, Карам Нағиймов, бақсылардан Өтен Төрешов, Шанияз Ерниязов, Әмет Тарийхов, Қайыпназар Реймов, Маҳан Өтенов, Убайхан Садықов, Ғайбулла Ибадуллаев, Аңсатбай Хайратдинов, Қазақбай Сейтниязов, Пирнияз Өтегенов, Қасым Жүгинисов, Қоңыратбай Жақсымуратов сыяқлы әжайып талант ийелери үлкен сахна жүзин көрмей-ақ өтип кетти. Олар талантының қайнап йошқан дәўиринде той-

ларда қур жағалап қосық айтыўдан ары өте алмады. Жетписинши жылларға келип, олардың бул күни де «көп» болды. Ғалаба хабар қураллары бириниң изинен бири жарыспаққа түсип бақсыларға «ҳүжимге» өтти. Оларды «бийәдеп намаға қосық айтатуғынлықта», «бас наманың баҳасын аспанға шығарып жибериўде» айыплады. Ақыраяғында журт «аш қарным, тыныш қулағым» деп, тойға бақсы алдырғанды қойды. Нәтийжеде, қурды силкиндирип қосық айтқан хош ҳаўаз бақсылар отырыспаларда ғана бир еки нама қашыратуғын «өжире бақсыларға» айланды. Бул жерде бақсылардың қандай гүнасы бар еди? Наманы қурда отырған адамлар алса, бас наманың ырқын «аукцион»ға айландырған сол мереке берген үйдиң дайы-жийенлери болса.. Тойға қанша пул түссе де, келисилген баҳадан бир сом зыят сорамайтуғын бақсыларды неге айыпладық екенбиз сонда?!

Не де болса бул кеўилсиз жағдайлар енди өтмишке айланды. Ҳәзир халқымыз ишинде жүзден зыят бақсылар бар десек лап болмайды. Жаңа жыл алдынан Бердақ атындағы музыкалы театрда болған бақсылар концертинде бунық гүўасы болдық. Сәл кем еки саатқа созылған концерттен шыққан адамлар:

— Пай, «Ешбай»ға нәўбет жетпей қалды.

— «Саналы гелди»ни айтпайсаң ба? Сол нама айтылмады ғо.

— Оны айтасаң, «Гәлгәлей» не, «Нигарым», «Миян көл»... О-о, қарақалпақтың намалары бир таңға таўсылмайды ғо!

«Қулақтың қарны жоқ» дегендей, журт және еки саат отырып тыңлаўға бар еди. Әне, халқымыздың бақсы-жыраўға болған ҳүрмети. Оларға нәўбет келди, бақ қарады! Илайым, узағына болғай!

Усы мақаланың жазылыўына себепши болған бизиң миллий қосықшылығымыздың ең қыйын ҳәм ески жанры — жыраўшылық. Соның ушын да, олар халық ишинде санаўлы. Қыяс жыраўдан кейин сахнаға шыққан белгили жыраўларымыз Жумабай Базаров пенен Жақсылық Сырымбетовлар дүньядан өткенде халық қабырғасы қайысып қатты қыйналды. Оларды жақсы инсан сыпатында бир қайғырса, жыраўшылық тоқтап қалама деп еки қайғырды. Яқ, халық теңиз екен. Бар екен олардың ишинде бул әжайып мийрасты даўам ететуғынлар. Кешикпей Жақсылықтың баласы Бақберген Сырымбетов, Жумабай жыраўдың баласы Тобаназар Базаров ҳәм Бахтияр Есемуратовлар қобыз алып сахнаға шықты. Кешикпей олардың қатарына Жәнибек Пиязов, Саламат Аяповлар қосылды. Ким билсин, биз жоқарыда сөз еткен 6-класс бала жыраўдан кейин де бир неше жыраўлар өсип жетилисер. Булардың ҳәммеси халқымыздың мақтанышы.

Енди әңгимемизге себепши болған шөгирме мәселесине қайтайық. Ҳақыйқатында да, не ушын жыраўлар шөгирме кийеди? Қарақалпақтың бас кийими қандай болған өзи?

«Құрттай тайға, диндей молла» дегендей, жап-жас жигитлердиң, ҳәтте балалардың басында дигирмандай шөгирме! Дурыс, қобыз ески саз әсбабы. Бәлким, режиссёрлар шөгирме узақ өтмишти билдиреди деген ой менен кийдирип қойған шығар. Олай болса, қарақалпақ жыраўларының бабасы Сыпыра жыраў неге шөгирме киймеген? Тарийхта оны «Соппаслы сыпыра жыраў» деп айтады ғой!

Усы жерде мен Өзбекстан Қаҳарманы, жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың бас кийим

жөнинде күйип-писип айта беретуғын бир гәпин мысалға келтирмекшимен. Ол ҳәр сапары ойыншылар шөгирме кийип шыққанда:

— Не ушын булар шөгирме кийеди? Шөгирме қарақалпақлардың миллий бас кийими деп ойлай ма екен?! Қарақалпақлар басларына бөрик кийген. Ақыры, бизиң нақылымыз бар ғой — «Бас аман болса, бөрик табылады» деген. Қарақалпақларды қара бөриклилер деп бийкарға атаған ба?! Шөгирме түркменлердики! — деп орнынан турып кете жазлар еди. Ырасын айтсақ, ақсақалдың бул пикирлерин ўақтында қоллағымыз келмес еди. «Келип-келип, шөгирмени де түркменге бережақ ғой» деп гүпалар едик.

Енди ойлап турсам, алпысыншы-жетписинши жыллары бизиң аўылымыздың ғаррылары да шөгирме кийгенлиги есиме түседи. Сонда олар, жақсы шөгирме ҳәм сеңсең тон сатып алыў ушын Гөне Үргеништиң яки Ташаўыздың базарына барар еди.

Усы ўақыяларды еслеп, жақыннан берли сол ақсақал жазыўшымыздың пикиринде жан бар ма, деген қыялға берилемен. Олай деўимниң себеби, қарақалпақлар Шыңғыс хан шабыўылынан кейин Едил Жайық бойларына көшеди, ноғайлар менен бирге болады, Кавказды жайлайды. Ҳәзир Кавказ халқының көбиси соппас кийеди. Бул, бәлки бизиң тәсиримиз, яки Кавказлылардың бизге тәсири емес пе екен?

Буяғын тарийхшылар бир ойлап көрер. Сонда да сөзимниң дәлили ретинде 1991-жылы «Арал» журналының 2-санында жәрияланған Ережеп тентек баслаған алты бийдиң сүўретин усынбақшыман. Қараңлар, қайсысының басында шөгирме бар?! Бәри де соппаста. Булар художник салған сүўретлер

емес. Россия империясы Орта Азияны жаўлап алғаннан кейин генерал Кауфман қарақалпақ бийлерин Хийўаға шақыртады. Бул сол ўақытта түсирилген фотодан көширме.

Соған қарап шөгирме бизге, XX әсирдиң басларында қоңсылас Хорезмлилер ҳәм түркменлерден кирип келмеди ме?—деген ойға бараман. Дурыс, Ибрайым Юсуповтың «Шөгирме» атлы даңқлы қосығы бар. «Аббаз шайыр әрман еткен шөгирме» деп жуўмақлайды қосықты шайыр. Бунда екинши мәнис бар болыўы мүмкин. Отызыншы жыллардың басында Аббаз «ески саўатлы, ахун» деген ат пенен қуўдаланады. Ҳуқықын бермей қояды. Сонлықтан заманагөй бас кийим кийип, емин-еркин шөгирме кийе алмағанлығын айтқан шығар. Болмаса Аббаздың шөгирме сатып алыўға қурбы келмегенди дейсең бе?!

Гәптиң рети келгенде және бир миллий кийимимиз ҳаққында пикир билдирмекшимен. Ҳәзирги ўақытта той-мерекелерде сарпай ретинде жаўылып жүрген миллий шапанлар көз алдымызда келисиксиз өзгериске ушырап атыр. Қарақалпақта ер адамлар бундай әшекөйли кийимлерди киймеген. Олар кийген шапан ямаса шекпенлер аўылларымызда ҳәзирге дейин де бар. Шапанлар әдетте көк, жасыл яки сур реңде бир түсли таўардан тигилип, жийеги басқа түсли таўар менен жиңишке етип әдипленген. Оларда илгек ямаса баў болмайды. Шапан бир-бирине қаўсырып кийилип, сыртынан белбеў буўылады. Ал, ҳәзирги миллий шапанлар бир-бир ярым қарысқа дейин реңли сабақлар менен нағыс ойылып, узақтан сахна кийимине усап турады. Жапқан адамның ҳүрмети ушын бир заман ийниңе илдирип турасаң. Соң ҳәмме шапан жыйналып



**Ережеп аға бий (Ережеп тентек)**



**Ережеп аға бий Кауфманға баслап барған алты қарақалпақ бийи.**

аршаға түседи. Тағы бир күни сен де оны аршадан алып, жыйрығын жазып, биреўдиң ийнине жабасаң. Соның менен шапан дастурханнан дастурханға өтип, езилип, унырап болған печеньедей қолдан-қолға өтеди. Шапан менен қоса усынылатуғын қалпақтың да аўҳалы сондай. Ол бас кийимнен гөре иши шуқыр етип тигилген шүберекке усайды. Кийсең ернеги қулағыңды жаўып таслайды. Тақыяның да аўҳалы усы тақлетте. Бурынлары қызларға куда түскенде ғаррыларға тақыя пай берилер еди. Сол тақыялардың нусқасы музейлеримизде еле де бар. Ол ҳақыйқый бас кийим еди. Миллий кийим тигиўши шеберлер ўақты-ўақты музейге барып, сол кийимлерден үлги алғанда шеп болмас еди.

Ертеректе мен Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети жанындағы «Ҳүрлиман» ансамблиниң ойыншы жигитлери кийген қара калпақты көрдим. Қалпақ қара вильветтен, ишинде қатты материал (картон емес) салып тигилген ҳәм ҳәр ярым сантиметрден дүзиў етип сырылған. Басыңа кийсең ҳақыйқый қалпаққа усайды, ернеклери дөп-дөңгелек болып, өз қәддин услап турады. Саўғаға усындай миллий қалпақлар берилсе оны той-мерекеге кийсең де айып емес.

Усындай қалпақлар басқа ойыншыларда ҳәзир де бар. Бирақ, олар сахнаға ылайықлап, сулыў етип безелген. Жоқарыда биз айтқан миллий шапанлар да бақсыларымыз сахнаға кийип шыққанда көздиң жаўын алады. Басқа туўысқан түркий халықлардың миллий кийимлери менен салыстырғанда пүткиллей парық қылады. Олардың ҳәўеси келип қараған-ларына иш-ишимизден мақтанып, толқынланып кетемиз.

Бирак, оларды массалық дәрежеде тигиўди үрдиске айландырыў шәрт пе екен? Ақыры, сахна өзиншелиги менен ажыралып турыўы керек тә!

«Сөз — сөзден шығады, сөз пияздың қабығы» дегендей, жыраўлардың шөгирме кийгенинен басланып кеткен бул пикир бираз мәселени қозғаўыма себепши болды. Әлбетте, буның менен жыраўлардың да, миллий кийим тигиўшилердиң де «суўына тиймекши» емеспен. Булар мениң жеке пикирлерим. Биреў мақуллар, биреў мақулламас, ҳәр кимниң өз дүнья қарасы бар. Солай болса да, тарийхшыларымыз қарақалпақлардың миллий бас кийими ҳаққында және бир ой жуўыртып көрсе артықмашлық етпес еди.

Ал, жыраўларға айтарым, шөгирмеден көре бир ўақытлары «Мухаллес» ансамблиниң дуўтаршылары кийген қамары малақай яки дегелей тиктирип кийсеңиз, үстиңизде узын шапан емес, жарасықлы етип тигилген миллий нағыстағы сахналық костюм болғанда бираз шырайлырақ ҳәм саўлатлырақ болар еди деп ойлайман..

## БЕРДАҚТЫҢ «ТАЗАЛАНҒАН» ҚОСЫҚЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА БИРЕР СӨЗ

Қарақалпақ халқының бай руўхый мийрасы болған Бердақ шығармалары дерлик бир әсирге шамалас ўақыттан берли ҳәр тәреплеме үйренилип, толықтырылып ҳәм айырым ўақытлары «шөп-шардан тазаланып»та киятыр. Алтынды қанша ысқыласаң сонша жалтырайтуғынындай, бабамыздың ҳасыл мийраслары да жаңадан үйренилген сайын бизге мәлим емес сырлары ашылмақта.

XX әсирдиң басларында аўызеки әдебият нусқаларын жыйнаўшылар Шәмшет Хожаниязов, Сәдирбай Мәўленов, Қәлли Айымбетовлар қаншелли жигерлилик пенен мийнет еткен болса, қырқыншы жылларға келип белгили илимпазларымыз Нәжим Дәўқараев ҳәм Исмайыл Сағытовлар оның дөретпелерине ҳәр тәреплеме илимий көзқарастан сыпатлама берип, Бердақтаныў илиминиң баслаўшылары болды. Бирақ, «тырнақ астынан кир излейтуғын» аңлыспалы заманда филология илиминиң биринши докторы Н.Дәўқараевқа «буржуазия идеологиясына хызмет еткен шайырды» улығлағаны ушын дөҳмет таслары атылды. Ол Бердақты «социалистлик реализм методы» менен «суўғара алмады» ҳәм toқтаўсыз атылған дөҳмет тасларының қурбанына айланды.

Сол дәўирдиң көзқарасынан қарағанда да, бир түсиниксиз жағдай — Бердақ Орта Азияда Ислам дини толық ҳүким сүрип турған дәўирде жасаған

болса, еле ол ўақытта ийси де болмаған «социалистлик реализм»ге хызмет етиўи мүмкин бе еди? Дурыс, ол бай-ийшанларды, уламаларды мақтап қосық жазбаған, ким биледи, фольклор жыйнаўшылар ондай қосықлары бар болса да, жазып алыўға қорққан шығар. Бердақ диний мектепте оқыса, медреседе тәлим алса... билмедим, оннан қалай «атеист» шығарып жүргенин?! «Бердимурат ҳақтың қулы» дегенди «Бердимурат халықтың улы» деп, «Шар китаптан тура қаштым» дегизип, «арқасынан ийтерип» атеистлер үйине киргизип жибермеди ме екен?!

Бердақ өз дәўириниң саўатлы, оқымыслы, улама адамы болған. Солай екен, диний китапқа ондай мүнәсибет (шар китаптан тура қаштым) билдириўине мен, жеке басым гүман менен қарайман.

Социализм мәмлекети аш-жалаңашларды, кәмбағалларды қоллаў сиясатын жүргизетуғын болғанлықтан, Бердақты да өмирбаянында кәмбағал, гедей-дийқан шаңарағында туўылған деп нықлап жазады.

Дурыс, Бердақ бай болмаған шығар, лекин, аса жарлы да болмаған болыўы мүмкин.

«Ол ел аралап, келеси жылғы егилетуғын бир батпан тары ушын той саўған» деген баҳалар да оның «анық жарлы» екенин сыпатлаў ушын көзди жумып жазылғандай көринеди. Мен әлбетте, кимниңдур мақаласынан сөзбе-сөз мысал келтирип атырғаным жоқ, есимизди билгели Бердақ ҳаққында айтылатуғын баҳалардың мазмунынан келип шығып, мысал келтирмектемен. Халық ел үстинде жүрген шайыр ҳәм бақсысын өзлери ишпесе де, оларды аш қоймайды. Бул бизиң халқымыздың менталитетине тән қәсийет.

Көрдим Хорезм, Бухарды,
Аты шыққан көп шәҳәрди!

— дейди ол «Өмирим» қосығында. Анық ишпеге-жемеге заты жоқ, кийерге нәрсеси жоқ адам үйинен бес адым шыға ала ма?! Соны билип турып неге биз Бердақты әбигер қыла беремиз?!

Оның өмирбаянында кәмбағаллық, жетимлик себепли Қарақум ийшан медресесин питире алмай, таслап кеткен деп жазылады. Демек, Бердақ — шала саўат. Ал, шала саўат шайырдың қосықларына бир нәзер салың:

«Шар китап»тан тура қаштым,
Наўайыдан саўат аштым,
Физулийден дүрлер шаштым,
Дилўарларды излер едим.

Мақтымқулыны оқығанда,
Айтар едим ҳәр заманда,
Кемис бар ма беглер онда,
Сөзин таўап қылар едим.

Өткен Арасту, Афлатун,
Жаратып илимниң кәнтин,
Шешиў ушын пикир бәнтин,
Мен мағрифат излер едим.

Бедил, Аттар Ҳидаяны,
Тәкирарлап атырдым таңды...

Дүнья илиминиң уллы тулғалары болған бул инсанлардың мийнетин медресениң «әлипбеси» менен шекленип қалған адам оқый ала ма?! Қала берди, Аристотель, Платонлардың жазбалары илимий тилде болғанлықтан, оларды түсинип оқыў

ушын үлкен саўат керек. «Шала саўат» адамның бул мийнетлерге тиси батпайтуғыны анық.

Шайырдың 1950-жылы шыққан шығармалары-ның толық жыйнағында «Бизге» деген ҳәзил аралас жазылған қосығы бар. Онда да Бердақтың оғада көп оқыйтуғын, билимли инсан екенин сыпатлайтуғын қатарларды ушыратамыз.

Қоржында түрли қысса бар,
Бир-биринен қызық қыссалар,
Атамнан қалған нусқалар,
Китап оқыў кәрдүр бизге.

Топар-топар келип атыр,
Келип сәлем берип атыр,
Адам деген толып атыр,
Болың деген мийман бизге.

Иншалла қабылдур дуўам,
Ҳақ кеширгей болса гүман,
Ел қыдырдым он күн тамам,
Шай пулы мол түсти бизге.

Бул қатарлар оның билимданлығы менен бирге, бағана мақаламыздың бас бетинде айтқанымыздай аса кәмбағал да болмағанын дәлиллейди.

Тилекке қарсы, өткен әсирдиң елиўинши жыл-лары Бердақтың қосықларын «шөп-шардан таза-лаў» басланған. Мениңше, усы тазалаўдың ишинде Бердақтың атына өтип жүрген «қөдирең» қосық-лар да, Бердақтың өзиниң қосықлары да кетип қалған болса керек. Мәселен, биз жоқарыда мы-сал келтирген «Бизге» қосығының уйқасы жа-ғынан бола ма, сөз байлығы жағынан бола ма,

«Бердақтики емес» деп гүман еткендей жери жоқ сыяқлы. Дурыс, қосықтың айырым куплетлеринде «ҳақ»қа налыс еткен, «Қудай берсин енди бизге» деген қатарлары бар. Бәлким, сондай қатарлар ушын атеистлик көзқарастан алып тасланған шығар бул қосық. Қәйткенде де, шайырдың оқыўға тартымлы, қызықлы сюжетке қурылған 396 қатар усы қосығы «өгей»ге жорылып, кейинги басылымларда алып тасланғаны дым обал-ақ. Сол себепли XX әсирдиң екинши ярымында дүньяға келген қарақалпақ оқыўшылары оны көрмеди. Бердақтың бул шығармасы менен таныс болмады.

Өзимиздиң миллий байлығымызға өзимиз жатырқап қараў ҳәрекетлери тап ҳәзирги күнде де ушырасады. Өткен жылы бир алымның баспа сөзге шықпаған бир мақаласында Әжинияздың «Көзлерим» қосығын түркмен шайыры Кеминеники, «Жақсы» қосығы Мақтымқулының «Мал жақсы» деген қосығынан көширилген деген пикирлерин оқып, төбе шашым тикке турып кетти. Еле де редактор оны жәрияламады. Бундай көзқарастың қысқысына Бердақ дерлик бир әсирге шамалас ўақыттан бери ушырап киятыр. Оны гүманшыл көзқараслардан «арашалап» алатуғын бир мәрт табылмай атыр.

Айта берсек, ел ишинде ҳәр түрли гәп жүреди. Бизлер мектепти питкерип атырған жыллары (алпысыншы жыллардың орталары) айырым әдебиятшы муғаллимлеримиз «Әжинияз, Бердақтың шығармаларын халық арасынан жыйнаў басланғанда, Мақтымқулының шығармалары да қатар жыйналған. Бирақ, түркменлер Мақтымқулының аты менен табылған қосықларға көп ҳақы төлеген.

Сонда бизиң фольклоршыларымыз, өзимизден жарытыўлы ҳақы ала алмағаннан кейин, «Зийўар»-ды «Пирағий»ға айландырып, түркменлерге пуллап жиберген» деген әңгимелерди де айтатуғын еди. Булар әлбетте, ел ишиндеги дейди-дейди гәплер. Деген менен, ким биледи, Мақтымқулының шығармалары да Гөне Үргенч, Шоманай, Хожели, Тақыятас әтирапларынан жыйналған ғой.

Жуўмақлап айтайын дегеним, әдебиятшы алымларымыз Бердақ шығармаларын бүгинги ғәрезсиз заманымыздың көзқарасынан қайта үйренсе, оны атеизмниң қысқысынан «арашалап» алса, болар-болмас нәрсеге гүман менен қарай бермей, Бердақтың бийкар «тазаланып кеткен» қосықлары болса өзине «қайтып берсе екен» деймен.

Мақаланы редакцияға алып келерде редактордан Бердақтың «Бизге» атлы қосығын оқыўшы журтшылыққа усынып көриўин өтиниш еттим. Бәлким, басқа әдебиятшылар, жазыўшы-шайырлар да оның Бердақтики ямаса Бердақтики емеслиги жөнинде пикир жүритер. Ал, қалған қосықларының тәғдири кейин-кейин шешиле берер.

*«Қарақалпақ әдебияты» газетасы.*
*2015-жыл, декабрь саны.*

## МЕН БИЛГЕН КЕҢЕСБАЙ

Кеңесбай алпысқа шығып атыр дегенге мен қуўанбадым да, исенбедим де!

Қуўанбағанымның мәниси, оннан сийрек ушырасып қалатуғын тамыр-таныслары көрген жерде:

— Кеңесбай, нешеге келдиң? — деп сорайды.

— Алпысқа келдик-ғой, — дейди ол әйтеўир гәптей етип.

— Сен-әм бизиң жасқа барып қалыпсаң-ғой, — дейди анаў билимданлық етип.

Кеңесбай бир түрли болады. Себеби, алпыс алпыс-тә!

Инанбағанымның мәниси, кеше ғана еди, Шымбайдағы «Бесим ийшан» деген жерде пахтада болып:

Туйғын қуслар пәрли болар,<br>
Аңшы-саят серли болар,<br>
Хабар бериң, әй яранлар,<br>
Бул жерден кийик өтти ме?! — деп қыз-жигитлер менен дастурхан басында моллам-дөгерек отырып, йошып, қосық айтып жүргени! Бүгин мине, ҳеш кимге билдирмей 6 ның кейнине 0 қойып алыпты. Я сақал жоқ, я мурт жоқ, шашының қурттай көгис тартқаны болмаса.

Мен Кеңесбайды онынпы класс ўақтынан билемен. Умытпасам, 1975-жыл еди сонда. Кегейли районлық «Ленин жолы» газетасына районның Энгельс атындағы совхозының орайында жайласқан Киров атындағы орта мектептиң 10-класс

оқыўшысы Реймов Кеңесбай деген баладан бир дүркин қосық келди. Оқып қарасам, балта-шот уратуғын жери жоқ. Кимдур «гилмаласын» урып берди ме екен? деген ой келди маған. Редакцияда сол аўылдың жигити, Жарасықбай Сержанов деген хызметкер бар еди, соған көрсетип:

— Жарасықбай аға, мына бир баланы таныйсыз ба, егер усы қосықты ҳақыйқатында да өзи жазған болса, «үлкен адамды киширейтип» қойғандай, — дедим.

Ол қосықты оқып отырды да, кейниндеги адреске ҳәм фамилиясына қарады.

— Бегдулла ағаның баласы екен, — деди хатты алдыма қойып. — Әкеси кишкентай ғана адам, саўатлы муғаллим, бирақ. Лекин, баласын танымадым. Аўылдан шығып кеткенимизге де бираз жыл болды, ақыры!

Кешикпей ол айтылған мектепке барып келди. Арнап барды, Кеңесбайды көриўге.

— Көрдим, — деди ол. — Жән-жақтан гәп қозғап, «шайқастырып-әм» көрдим. Оның қолынан келеди бундай қосық жазыў. Оқымаған нәрсеси жоқ — Назым Ҳикметтен сөйлейди, Есенинниң қосықларын биледи…

Солай етип, биз усы жылы «район көлеминдеги» бир таланттың көзин аштық. Кеңесбай Реймовтың дәслепки қосықлар дүркини жәрияланды. Газетада бир қосығымыз шықса «шешемиз қыз тапқандай» қуўанып жүретуғын биз, Кеңесбайдың қәйтип ханасына сыйып жүргенин билгимиз келер еди. Лекин, оннан я хат жоқ, я телефон қоңыраўы. Сол бизге мақул болған қосықлардың изи де көринбеди. Соннан кейин ТашГУдиң журналистика факультетиниң студенти болған ўақтында

бир келди. Умытпасам, сентябрьдиң ақырлары болса керек. Үйден узақ шығып көрмеген бала январьдағы каникулға дейин шыдамай келди ме, билмеймен. Қулласы, бизге және бир дәптер қосық таслап кетти. Ол ўақытлары «Жас Ленинши», «Жеткиншек» газеталарына қосық бериўге жүреги даўамайтуғын болса керек. Лекин, бизиң газетамыз ушын қуба-қуп еди сол қосықлар. Әттең, сол қосықлар ҳәзир я автордың өзинде, я редакцияның архивинде жоқ екен.

«Майым жоқ-аў, гүриш болғанда мына үйлерден қазан сорап алып, палаў асып берер едим» дегениндей, таба қойғанымда Кеңесбай ушын емес, сондай қосықларды таңлап билгеним ушын өзим мақтаныпп, мысал келтирер едим.

Бизге таслап кеткен қосықларын ойласа отырып, тез арада газетада жәрияладық ҳәм студентке жәрдем болсын деп енепаттай гонорар қойдық. 96 сум.

— Бул ақша менен пүткил группасын шақырып, банкет берсе болады, — деп қуўаныстық ишимизден.

— Алсын, алсын, дүзде жүр.

Биреўдиң қуўанғанын көрсең, өзиң де бир жасап қаласаң. Саўап ис ислегениңе мазатланасаң. Биз де сондай саўап иске қол урғанымыздан шад едик. Бир күни, ноябрьдиң ишлери болса керек, сол баяғы 96 сум редакцияға қайтып келип тур. Арадан бир жыл өткен соң билсек, Кеңесбай пахтаға кетип қалған, пулдың хабарнама қағазы бир ай күткен, кейин, тәртипке бола ийеси табылмаған пул сыпатында қайтарылған екен.

Келеси жылы ТашГУдиң тағы бир студенти Сәрсенбай Атабаев (марҳум) деген аўыллас инимиз редакцияда практикада болды. Ол Кеңесбайдан еки

курс жоқары оқыйды екен. Студентлердиң тили менен айтқанда, «старик». Бирақ, «старик» болса да ол Кеңесбайды писент етер екен. «Ол дүньялық машқалаға ҳаўаз қоса алатуғын шайыр, — деп мақтады Кеңесбайды. — Ол Рауф Парпиди өзине ғайбана устаз тутады. «Бешағаштың көшелери зым-зыя, жым-жырт» деген қосығын Анхор бойында киятырғанда екеўмиз бирге айтып келемиз. Стипендия алған ўақытлары бес-алты жигит бас қосып отырамыз. Сонда айтатуғын қосығы бар: «Бул жерден кийик өтти ме?» деген. Кейин, шахмат десе жанын береди. Биринши фигураны жүрип атырып, «Илая жүремиз Мысыр тахтына» деп қаяқтағы бир Мысыр шәҳәрин ҳәўес етеди. «Усы нийетиң болса, сен қай ўақта да баслық боласаң», деп ҳәзиллеседи жигитлер.

Лекин, Сәрсенбай инимиздиң минез-қулқы сәл оғаш-оғашлаў еди. Жазғанлары да «социалистлик реализм»ниң шеңберин бузып кетемен деп турар еди. Оны сол ўақыттағы газетаның жуўаплы хызметкерлери Елеген Өтегенов, Атахан Хожанбаевлар (жайлары жәннетте болсын) сиясаттан қорқып, газетада жәриялаўға руқсат етпеди. Мен болсам ол ўақта кишкене хызметкермен, сөзим инабатқа алынбады.

Сәрсенбай оқыўына барғаннан кейин бир хат жиберди. Хатты сондай ҳәкисленип жазғаны конвертинен билинип турар еди: «Галактика. СССР. Өзбекстан ССРы. Қарақалпақстан АССРы. Кегейли районы. «Ленин жолы» газетасы». Ал, ишиндеги сөзлер…

Гәп онда емес. Жазғы каникулға келгенде хатты Кеңесбайға көрсеттим. Оны дизимнен өткермей қойып едим. «Егер мына хатты ректорына

жиберсем, сөзсиз ол оқыўдан қуўылып кетеди», дедим.

—Ондай қылма,—деди Кеңесбай маған. —Сәрсенбайды түсиниў қыйын. Оның шырайы қара болғаны менен жүреги аппақ. Ол дүньялық дәрт пенен жасайтуғын, әжайып инсан ҳәм талантлы жазыўшы...

Мен болсам оны сулқыйтып жаманлайтуғын шығар, деп ойлаған едим. Сонда мениң қыялымнан ата-бабаның «болар елдиң баллары, бирин-бири батыр дер» деген даналық гәплери өтти ҳәм мен Кеңесбайдың жас та болса туяналығына ырза болдым.

Мен әдебий сыншы емеспен. Қосықларды таллап, «реализм», «идеализм» сыяқлы бир неше «изм»лерге бөлип таслаўға уқыбым жоқ. Қосық қалай жазылған болса, солай оқыйман ҳәм өзимниң ақыл тәрезим бойынша өлшеп қабыл етемен.

Ол оқыўды питкергеннен кейин бир топар «дүньялық» қосықлар менен келди. Сол жыллары социализм кем-кем тамыр жайып, дүньядағы майда мәмлекетлерди «идеялық жақтан қорғаў» уран болып, оған пүткил аўқам бойынша шайырлар жең түринип кирисиўге бағдарланған еди. Лекин, бул талапларға ҳәмме шайырлардың да тиси бата бермеди, биразлары бундай бас қатыратуғын сиясат пенен шуғылланыўды жақтырмады. Сонда бизиң Кеңесбай студентлик аудиториядан-ақ сиясий саўатханлық пенен келип «Аппақ тырналар» (Хиросиманың жас қурбанларына), «Гамлет монологи», «Муин Бсису», «Сантьяго Насарға хат», «Лидица гүллери» сыяқлы сиясатшыл қосықлары менен сүўретлетип келди.

«Чехословакия… мәмлекет болып?!»
Мурнын жыйырады есерсоқ Фюрер,
«Сыпырып тасланып жердиң бетинен,
Өшсин,
Европаның картасынан ол!».
«Лидица гүллери».

Қара, бул қосықтағы ғәзепке! Фюрердиң қасында турған жоқ па екен дейсең, Кеңесбайды.

Мен оның усындай бир неше қосықларын оқып болып, «Кеңесбай, аўылға қашан қайтасаң?» деп ҳәзил етер едим. «Қайтамыз-ғой, әдеп бир дүньяны тынышландырып алайық», дейди ол да ҳәзилге ҳәзил менен.

Әсиресе, оның «Ақ мәрмер астындағы әрманлар» деген балладасын оқып, көкирегим өксикке толды. Жаслығымыз екинши дүнья жүзилик урысқа туўра келмегени, аўған урысы ўақтында жасымыз улғайып кеткенлиги ушын биз еки мәрте бахытлы болғанымызды шын жүрегим менен уғындым. Әлбетте, ел басына күн туўса, бас панапап қаяққа барасаң?! Азаматпысаң, елиң ушын жаныңды қурбан етип болса да Ўатанды қорғаўың керек. Ал, өзге Ўатан ушын, ел-журт ушын қан кешкен жас жигитлердиң обалына ким жуўап береди? Олар да ата-анасына хызмет еткиси келер еди, олар да яр сүйгиси, перзент көргиси, ақ сақаллы ата болғысы келер еди. Әттең, бул әрманлардың бәри ақ мәрмер таслар астында қалып кетти. Мына қатарларды бир оқып көриңши, егер жүрегиң елжиремесе мениң әдебиятты танығаным бийкар болар, бәлким.

Ҳиндикуш басында таўлардың қары,
Мен сени сағындым, журтым бәҳәри,

Тәгдир ылақтырған гүллердиң бәри,
Аўған қырларында ерте солмағай.

Афғаныў-наланы ата-анам сүймес,
Жолларға көз тигип, кирпиги илинбес,
Дәртли жүрек жаманлықты тилемес,
Аспан көзлеримде қатып қалмағай.

Ертеде ишки ислер уйымларының хызмети бойынша мақала жазғанымда бир капитан айтқан еди, аты есимнен шықты, жынаятшы өзи қурбан етип атырған адамның көзине тик қарамайды, себеби, өлип баратырған адамның көзинде оның сүўрети қатып қалады, деген еди. «Аспан көзлеримде қатып қалмағай» деген қатарды оқығанымда сол капитанның гәпи есиме түсти.

Кеңесбай үлкен шайыр болыўы мүмкин еди, ҳәзир де ол жақсы шайыр, бирақ, буннан да жақсырақ, буннан да атақлырақ қәлем ийеси болыўы мүмкин еди. Ибрайым аға Юсуповтың бир айтқаны бар: «талантсыз хызметкерден кутыла алмайсаң, ал, талантлыларына ҳәмме талас болады». Сол айтқандай, ол жаслар газетасына келди де өзиниң саўатлы, проблемалық мақалалары менен демде көзге түсти. Оны ўәлаятлық жаслар шөлкеми өз органы болған газетадан «тартып алып» қойды. Мине, соннан сиясаттың қызықлы ҳәм жуўапкерли жолына түсти де кетти. Оннан кейин Жоқарғы Кеңес баслығының баспасөз хаткери лаўазымында сегиз жыл, комитет баслығы лаўазымында және усы қурақым…

Шайыр ҳәм әдебиятшы Генжемурат Есемуратов бир жыйында: «шайырға ҳәмел бермең, Атағулла Худайбергенов та жақсы шайыр еди, министр

боламан деп қосық жазыўға қолы тиймей қалды», деген еди. Сол айтқандай, Кеңесбай да баспасөз хаткери лаўазымында, кейин ала социаллық, мәдений, идеологиялық комплекстиң жумысларын басқарыў барысында шайырлықты даўам етиўге қолы тиймеди. Ол республикадағы ҳәмме басылымның сиясий сергеклигине, актуаллығына, сапасына ҳәм мазмунына жуўапкер еди. Өз дәўиринде телекөрсетиўлер, үлкен концертлик бағдарламалар, әнжуманлар, қулласы, жылына 366 күн жумыс пенен бәнт болды. Соның арасында ўақыт таўып, сын мақалалар жазды, сиясий китапларға аўдармалар иследи.

Қулласы, Кеңесбай Реймов ҳаққында айта берсек гәп көп. Мен ҳәзир өзиме-өзим саўал қояман. Кеңесбай — ким? Мениң нәзеримде Кеңесбай — шайыр, Кеңесбай — журналист, Кеңесбай —сиясатшы, Кеңесбай — редактор, Кеңесбай—билмегениңди я умытқаныңды сорап алатуғын «мағлыўматлар бюросы», Кеңесбай — жақсы ғана кеңесгөй! Қулласы, Кеңесбай — ҳәммеси! Мен таныған, мен билген Кеңесбай — сол!

## ШОМАНАЙДЫҢ ЕКИНШИ БӘҲӘРИ

«Шәменай» ма, «Шума най» ма яки «Шәмен ой»?

Өткен әсирдиң алпысыншы жыллары жазыўшы Жаңабай Сапаровтың «Шоманайдың есигин ашқанлар» деген китабын көргеним бар. Китаптың аты маған сондай унады, балалық кеўлимде «Шоманай деген қандай ел екен-әй, оның есигин ким бекитип қойған екен?» деген қыяллар мөрленип қалған еди. Лекин, ол жыллары бары-жоғы баслаўыш класс ғана саўатым болғанлықтан, ол китапты оқыўға тисим батпады. Әжинияз бабамыздың:

Қырман таяр ўақта бермей самалын,
Самал болса атар қырман болмады.

дегениндей, мен ири көлемли шыгармаларды оқыў мүмкиншилигине ийе болған ўақытларымда бул китап маған таптырмады. Тоғызыншы класстың әдебиятында:

Бизиң аўыл Шоманайдың бойында,
Бизге бир қыршымай түйнек жиберсин,
Атасы, енеси бермеймен десе,
Үш бөлип өзиниң пайын жиберсин.

деген қосықты оқығаннан кейин «Ҳе, Шоманай деген ексе егин питпейтуғын шөлистан екен ғой» деген түсиниклер пайда болған еди.

Ҳақыйқатында да, буннан бир неше әсирлер алдын Мамый деген байдың (аңызлар бойынша) егислик майданлары дәрья өз аңғарын өзгертип кеткеннен кейин, бул жерден ел көшип, қумшаўыт майданға айланған екен. Оған өткен әсирдиң елиўинши жыллары атланыс жасалып, сол елсиз-күнсиз Мамый даласында гүлленген елат пайда болыпты. Бул ҳаққында мағлыўматлар таба алсам, кейинирек айрықша тоқтап өтиў нийетим бар.

Ҳәзир мени қызықтырып турған нәрсе, «Шоманай» атамасының келип шығыўы еди. Бул ушын районның «ойлы-шуқырын» жақсы билетуғын журналист инимиз, районлық газетаның редакторы Қалбай Наўрызовты «Гид» сыпатында қасыма алып алдым.

— Қалбайды таңлап дурыс етипсең, — деди район ҳәкими Баҳадыр Янгибаев сәўбетимиз барысында. — Мениң билиўимше, оның район сорамында табаны тиймеген жер болмаса керек.

— Баҳадыр Янгибаевич, районның қысқа ўақытта ерисип атырған табыслары ҳаққында көп хабарлар еситип атырман. Мени бул сапарға алып шыққан да сол хош хабарлар. Бул ҳаққында кейинирек мақул сөйлесип алсақ, ал, ҳәзир районның атамасы қайдан келип шыққан, жумысымды соннан басламақшыман. Ол тап мениң усы саўалды бериўимди күтип отырғандай, дәрҳәл телефонынан Шоманайдың картасын ашып көрсетти.

— Мынаны көрдиңиз бе? — деди ол, — «Қарабайлы»дан азымаз өткеннен кейин оңға бурылатуғын кишкене жол бар. Сол жерде бес-алты хожалық турады. Картада оны «Шәменай» деп белгилеген. Мениң еситиўимше, бул елатта ертеде «Шәменай» деген бир байдың сулыў қызы болған

усайды. Мүмкин, Шоманай соннан келип шыққан шығар.

Бул болжаўды мен бурында да еситкен едим. Неде болса усы рет буған қолдан келгенинше анықлық киргизип кетиў мақсетинде район ҳәкиминиң социаллық мәселелер бойынша орынбасары Инамбек Алланиязов деген жас жигиттиң шылт жаңа машинасында туўры «Шәменай»ға қарай жол алдық.

— Машынды жақында алдыңыз ба? — дедим гүзар жолға түскеннен кейин орынбасар жигитти гәпке тартып.

— Аўа, — деп мақуллады ол. — Ҳәмме орынбасарларға теңдей «Нексия-3» автомобилин берди.

— Неше орынбасар барсыз?

— Алтаў. Ҳәр бир тараў бойынша бир орын-басар. Бизлердиң дыққатымыздан шетте қалған тараў жоқ.

— Айырым районларда ҳәкимниң орынбасарлары ушын коттедж жайлар салынған деп еситтим...

— Бизде де ол жайлар питип турыпты. Бирақ, мен ата-анам менен бирге жасайман. Әкемниң өзи еле алпысқа шыққан жоқ. Ата-анам маған ҳәр күни мәсләҳәт береди: «болар елдиң баллары, он бесинде баспан» дейди. Сен «кеше жаслар аўқамынан келдим, еле жаспан деп ойлама. Президент жасларға үлкен исеним билдирип атыр. Өзиңе, ата-анаңа ҳәм елиңе гәп келтирме» — деп зинҳарлайды. Олардың ҳәр бир сөзи маған күш-қуўат береди.

— Шоманайдың келип шығыўының және бир тарийхы бар, — деди Қалбай биз излеген темада гәп қозғап. — Еситиўимизше, Мамыйдың даласы қоян, қырғаўылға, кийик пенен сайғақларға бай мәкан болған. Хийўа ханы кеўил көтериў ушын қусбеги, метерлери ҳәм хызметкерлери менен бул

жерге шикарға келип турады екен. Сондай бир сапарында узағырақтан самалдың епкини менен бир сырлы саз наласы қулағына шалынады. Хан бул наманың қаяқтан шығып турғанын билип келиў ушын хызметкерин жибереди. Барса бир ыраштың басында қолында нар қамыстан соғылған найды ҳәр муқамға салып шертип отырған шопан жигит ушырасады. Хан хызметкерлери оны ханның алдына алып келеди ҳәм усы жигиттиң най шертип отырғанын айтады.

— Қәне, найың? — дейди хан шопан жигитке.

Жигит шекпениниң белбеўине қыстырылған қамыс найды алып көрсетеди.

— Шума най? — дейди хан мысқыллап күлип. Ақыры, хан сарайындағы сазенделер шерткен найдың саўлаты, әшекөйи басқа дә! Қулласы, кейин-кейин ханның айтқан «Шума най?» деген саўалы аўыздан-аўызға тарап, Шоманай болып кеткен деген де болжаўлар бар.

Биз бул аңыздың ҳақыйқатлыққа қанша дурыс келетуғынына бас қатырып отырмадық. Себеби, «Шәменай»ға жетип келген един.

— Бул аўылдың аты Шәменай емес, — деди биринши гезлескен кейўаны келиншек. — Сизлердиң картаңызга қалай түсип жүргенин билмедим. Мениң билетуғыным, Шәменай баба Мазлумхан сулыўда жатыр.

— Бәлким, сизден басқалар билетуғын шығар?

— Яғаў. Бүйерде өзи төрт хожалық. Қалған үш хожалық билген нәрсени мен билмеймен бе?!

Демек, «Шәменай» ҳәзирше «ойыннан» шығып турады. Изге қайттық. Аз ғана жүргеннен кейин жоқарысына «Ташкент» хожалығы деп жазылған саўлатлы дәрўазаға қарай қайрылдық.

— Бул Бердибай Қурбановтың аўылы, — деди Қалбай «гид». — Бурын Хожелиге қарайтуғын еди. Ҳәзир оны Шоманайға берди.

Ҳақыйқатында да, Ташкент хожалығы Шоманайдың ишине кирип турған еди.

— Муратбай аға, екеўиңиз мына «Шаңарақ поликлиникасы» менен танысып турсаңыз, — деди ҳәкимниң орынбасары. — Мен ана жерден машинама газ қуйып келсем. Еле Айбүйерге де баратуғын болсақ көп жүремиз.

— Мен кеше кеште сизиң «Айбүйирди» де көрейик дегениңизди айтып едим, — деди Қалбай машинадан түсип атырып.

Шама менен қырқ-елиў метрдей узынлықтағы бетон тротуар бизди поликлиниканың алдына баслап келди. Басқалдақтан жоқары көтерилер жолда тротуардың бойында кишкене ғана «ыссыхана» нәзеримизди тартты.

— Бунда не егилген? — дедим мен сол жерде қолына бел алып, кишкене қыйтақшаларды егиске таярлап жүрген жигиттен.

— Гүлдиң туқымы, — деди ол. — Ҳәзир көгерип атыр. Күн жылып кеткенше үлкейеди. Соң тротуардың еки бойына көтерип тиғемиз.

Поликлиникаға басқалдақтан баслап сүўретиң көринетуғын жылтырақ кафель төселген екен. Кирберисте оң қапталда «Социаллық дәрихана» деген жазыўға көзимиз түсти. Кейинги ўақытлары тез-тез телевизордан көргеним болмаса «социаллық дәрихана»ны да, «Шаңарақ поликлиникасын» да көрмеген едим. Буны Қалбайға билдиргим келмеди.

— Шаңарақ поликлиникасына қандай анықлама бере аласаң? — дедим оған. Ол сәл албыраңқырап қалды. Билмегениңди басқадан сораған жақсы дә! Сениң орнына ол қысынады.

— Районда усындай жаңадан дүзилген үш поликлиника бар. Олардың бәринде де болдым, бирақ, атамасы ҳаққында сорамаппан. Менинше, ҳәр бир шаңарақтың жаңа туўылған нәрестесинен баслап, қартайған ғарры-кемпирлерине дейин қалаға ҳәлек етпей, усы жерде емлейтуғын шығар, — деди ол.

Айтқанымыздай, емханада жаңа қәнигеликтеги (бәлким, биз ушын жаңа қәнигелик шығар) улыўма әмелият шыпакери деген маманлыққа ийе жас шыпакер Ақсунгүл Жумабаева деген қызды ушыраттық.

— Мен Ташкент педиатрия институтының Нөкис филиалын өткен жылы питкердим, — деди ол. — Бул, №59 шаңарақ поликлиникасы 2018-жылы 16-январьда ашылды. Бас шыпакеримиз бүгин Нөкиске кетип еди. Сизлерди билгенимше таныстырыўым мүмкин. Поликлиника 10000 адамға хызмет етеди. Жәмәәтте 41 адам ислеймиз. Солардың бесеўи шыпакерлер, қалғанлары мийирбийке ҳәм техперсоналлар. Бизиң хызмет усылымыз басқа поликлиникалардан парық қылады. Мәселен, бир мезгил гезек пенен поликлиникада пациентлерди қабыллсақ, бир мезғил патранаж бенен шуғылланамыз. Яғный, шаңарақларды аралаймыз. Мениң өзиме 252 шаңарақ бекитилген. Онда 1685 адам бар.

— Сол 252 шаңараққа ҳәр күни барып үлгересиз бе?

— Яқ, ондай емес. Оның да өз тәртиби бар, графиги бар. Мәселен, саламат адамларды үш айда бир мәрте көрип турамыз. Бир жасқа шекемги балаларды, ҳәмиледар ҳаялларды, майыпларды ай сайын бақлап барамыз. Булардан тысқары «Тез жәрдем» хызметимиз бар. Автомашина менен тә-

мийинленген. Бизиң ең биринши гезектеги ўазыйпамыз — наўқасланғанларға биринши жәрдем көрсетиў, олардың қыйын аўҳалға түсип қалыўына жол қоймаў.

— Дәриханаңызда арзан дәрилер жеткиликли ме? — деп қызығып сорадым социаллық дәриханаының ийеси Шолпан Сагитжановадан.

— Ҳәзирше қосымша мүтәжлик туўып атырған жоқ, — деди ол. — Дәриханамызда 152 түрли дәри бар.

— Усы жерде арзан дәри бар екен деп басқа жақтан келип алып кете берсе не қыласыз?

— Биз усы поликлиника шыпакерлери берген реңепт бойынша саўда ислеймиз.

— Бул аўыллар районға алыс екен, биймезгил бир наўқасқа дәри керек болып қалса..

— Поликлиникада сутка даўамында нәўбетши турады. Биз оған телефонымызды берип қоямыз. Бизде «жумыс ўақтынан кейин ашпаймыз» деген гәп болмайды. Қәлеген ўақытта жетип келемиз.

Биз шаңарақ поликлиникасының парқына ҳәм әҳмийетине бир қанша түсинип алып, олар менен хошластық.

Районға қарап келер екенбиз, жол бойы адамларға деген ғамхорлықтың барған сайын жетилисип баратырғанына ҳәм ҳайран қалар, ҳәм қуўанар едик. Бизиң бала ўақтымызда 200 — 300 хожалыққа бир фельдшер хызмет етип олар «кеселлик көбейип кетти» деген гәпке қалмаў ушын бәрине пенцелин салып, «емлеп» жибере берер еди.

Ҳәр заманға бир заман. Бүгинги дәўир менен сол дәўирди салыстырсаң кеминде бир әсир алға кетип қалғандай сезиледи кеўилге.

— Негизинде, районда жүз берип атырған жаңалықларды районның ҳәкими айтыўы керек ғой. Жас та болса Инамбек әндийше қылып үндемей киятыр. Өзиң билесең, биз журналистлердиң не билгени аўзында! Қурттай жаңалық еситсек аўызша да айтып жүремиз, жазып та жеткеремиз.

Әңгиме гүрриң менен машинаның «Кәраматлы сүт» — деп аталған сүтти қайта ислеў цехының алдына келип тоқтаганын билмей де қалыппыз. Бул да усы жылы январьда иске қосылған жаңа кәрхана екен.

— 55 мың АҚШ долларын кредитке алып үскенелерди Италияның «IMENTA» деген фирмасынан алдырдық, — деди цех ийеси Караматдин Камалов. — Цехта күнине бир тонна сүт қайта исленеди. Оннан 100 кг қаймақ, 400 кл сүт, 400 кг қатық, 100 кғ творог яки йогурт таярланады. Қайсысына талап күшли болса, соны көбирек ислеп шығарамыз.

— Неге өнимиңизге «Кәраматлы сүт» деп ат қойдыңыз? — дедим оны ҳәзилге алып. — Еситиўимизше мақсым екенсиз, соған бола...

— Ҳәр ким қәлегенинше түсиниўге ҳақылы, — деди ол да мениң ҳәзил етпекши болғанымды түсинип. — Негизинде сүттиң өзинде кәрамат көп ғой. Мәселен айтайық — бир ғана сүт, оннан қаймақ алынса, сары май алынса, айран алынса, қатық алынса, иримшик алынса, йогурт алынса, оннан артық «монкит» саласаң ба?!

Ҳақыйқатында да, ыдысын төңкерип қарағанда өними шайпалмай турған қаймақ ҳәм қатықларын көрип, Караматдинниң гәпин сөзсиз мақулладық.

— Бул киси көп нәрсени биледи, бағанағы Шоманай атамасының келип шығыўын сорамайсаң ба? — деди Қалбай мен цехтан шығыўға мейил бергенде.

Ол Қалбайдың айтып атырғанын еситип турған еди.

— Бунық Шәменай деген варианты да бар, бирақ, көбирек ҳақыйқатлыққа жақыны — «Шәмен ой» болса керек, — деди ол.

— Ол нени аңлатады?

— Бул ой жер. Шығыста Хожелиге, батыста Қоңыратқа салыстырғанда да бираз ой. Ертеде Шәмен деген бай болып, ол усы жерге «Қарабайлы» дан жап қазып суў әкелген дейди. Әне, соннан «Шәмен ой»дың бағы, «Шәмен ой»дың дақылы атанып, кейин-кейин Шоманай келип шыққан болса керек.

Биз хошласып жолға түстик. Район орайындағы «Мәҳәлле орайы»на келгенимизде бир топар жас үлкенлерге дус келдик. Машинадан түсип сәлемлестик. Олар бизди ишке мирәт етти. Жасы үлкенлер бир ўақытлары районның белсенди жигитлери болған ақсақаллар екен.

— Мен көп жыл районның идеологиясын басқардым, — деди өзин Қыдырнияз Алланиязов деп таныстырған жасы үлкен. — Пропаганда бөлиминде иследим, райкомпартияның секретары болдым. Бул ел кут дарыған елат. Мамыйдың даласын өзлестирген азаматларды, он алты қыз биригип комсамол жаслар бригадасын дүзген апаларымызды еле Шоманайшылар умытқан жоқ. Бул ел атақлы сөз шебери Аяпберген шайырдың, қарақалпақ қызларының сулыўлық тымсалы болған Ақсүңгил апамыздың, Германияға барып «Қоблан» ды тыңлатып қайтқан Жумабай жыраўдың ели, ақыр! Әнейи демең бизди.

Ол өз районы ҳаққында ҳеш кимге гезек бермей, айта бергиси, айта бергиси келер еди.

— Туўрысын айтыў керек, — деди Емберген Хожалепесов деген жасы үлкен. — Соңғы онлаған жылда район қатты пәске таслады. Биразлар Қазақстанға талап излеп кетти. Қатты арымыз келетуғын еди. Ал, енди, Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың қәдеми кутлы қәдем болды. Дәўлет болып келди ол Шоманайға. Соңғы бир ярым жылда исленген ислерди көрип, тәсийин қалмасқа илажың жоқ. Еситип атырмыз, ертерек Қазақстанға көшип кеткен бир аўылласымыз қыдырып келип: Ўах, Шоманайдың бундай болып раўажланып кететуғынын билгенимде көшпейтуғын едим ғой, деп налыпты.

Рахмет, Президентимизге! Оның мәсләҳәтин ҳәм көрсетпелерин булжытпай орынлап, үлкен-үлкен ислерди әмелге асырып атырған ҳәкимимизге де жүдә кеўлимиз толып атыр.

Усындай қуўанышлы кейип пенен ҳәкимиятқа жақынлап қалған едик.

— Айтпақшы, Шоманайдың паркин көрдиң бе? — деди Қалбай күтпегенде.

— Яқ. Лекин, еситиўим бар.

— Ол жерде ғазлар көз әйнек кийип, крокодил галстук тағып күтип алады.

Ҳәкимияттан онша узақ емес жерге жайласқан, ҳәр қыйлы аттракционларға толы паркке жетип келдик. Ҳақыйқатында да, галстук таққан крокодиллер, балалар қызығатуғын ҳайўанатлар дүньясының түрли ўәкиллери «келдиңиз бе, келеғойың, тамаша етиң» деп турғандай реңли брушаткалар төселген кең тротуардың еки бойына жайласқан еди. Паркте топарласқан жас өспирим балалар, қызлар бир аттракционнан, екинши аттракционға, оннан үшиншисине өтип, ушып-айланып ойнап жүр. Оң

қапталда жайласқан кең автодромда бир неше жеткиншеклер өзлерининң электромобиллеринде кеўилли саяхат етпекте.

Инамбек телефонда сөйлесип бизден бөлегирек кетти.

— Парктиң ийесин излеп атыр, — деди Қалбай маған. — Көрсеңиз ҳайран қаласыз. Жигирма бир жасар жас жигит. Оның бес миллиард кредит алып, усы иске тәўекел еткенине бир жақта жүрип мен қорқаман. Ал, ол бизнестен қорқпайды. Еле мектеп оқыўшысы ўақтында фотостудия ашты. Кейин бизнес реже ислеп, 20 миллион сум грант жеңип алды. Оған той мерекелерге хызмет етиўши видеокамера ҳәм монтажлаўшы үскенелер сатып алды.

— Аты ким ол баланың?

— Азамат Аблезов. Ҳәзир ойнап атырған районның балалары. Кешке қарап Қоңыраттан, Қанлыкөлден машын-машын болып жаслар келеди. Парк ҳәр күни түнги он бирге дейин ислейди.

Бир ўақытлары Баҳадыр қоңыраў етип қалды. Қысынып кеттим. Мен оған «Шәменайға барамыз да келемиз» деп ўәде еткен едим.

— Инамбек инимиз парктиң ийесин таба алмай атыр, — дедим оған. — Бул жас исбилерменниң өзи менен сөйлеспекши едим.

— Ол бүгин Нөкиске кетти. Ҳәкимиятқа келиң, ол ҳаққында өзим айтып беремен, — деди ҳәким.

— Қалай, Шәменайға бардыңыз ба? — деди ол бизди кабинетинде қарсы алып.

— Шоманайдың атамасы бизди бир-еки әсир арманға алып кетежақ, — дедим мен оған. — Соның ушын оны ҳәзирше тарийхшыларға қалдырдық. Бизди Шоманайдың бүгини бийлеп алды.

Билесиз бе, Бахадыр Янгибаевич, радиода айтылып жүрген бир қосық бар еди:

«Шоманай шөлине бәҳәр апарған,

Ыразымыз мийнети зор адамға» деген.

— Әлбетте, билемен. Шоманайға биринши бәҳәр апарған азаматлар елиўинши жыллар тарийхына кирген. Президентимиздиң бул елге қәдем қойыўы Шоманайдың екинши бәҳәри болды, — деди ол кеўилли күлимсиреп.

## Шоманайдың екинши бәҳәри

— Президентимиздиң Шоманайға койған қәдеми — қутлы қәдем болды, дәўлетли қәдем болды. — Ол алдында тақлаўлы турған қағазлардың ишинен ықшам етип исленген бир неше бетлик ҳүжжетти көрсетти. — Бул жерде ҳүрметли Президентимиздиң 2017-жыл 20 — 21 январь ҳәм 2017-жыл 15 — 16 декабрьде Қарақалпақстанға келген сапарында берилген тапсырмалар ҳәм олардың орынланыўы көрсетилген. Республикамызда болып өткен кеңейтилген мәжилис баянатының 15-бәнтинде Шоманай районының «Бирлешик» аўылына таза ишимлик суў апарыў ушын «Маҳалла» қайырқомлық қоры есабынан 502 млн сум ажыратыў көрсетилген еди. Бүгинги күнде сол қаржы есабынан 8 елатлы пунктке 9,3 км суў тармақлары тартылып, белгиленген ўазыйпа толығы менен орынланды.

Сол баянатта белгиленген ўазыйпаға муўапық «Шоманай мега транс» жуўапкершилиги шекленген жәмийетке 10 дана Өзбекстанда ислеп шығарылған «Исузу» автобусы, 15 дана «Дамас» автомобили алып келинди. Автобуслар ҳәзир

Шоманай — Хожели, Шоманай — Нөкис, Шоманай — Қоңырат жөнелислери бойынша, ал, «Дамас» лар ишки хожалықлар арасында хызмет етип атыр. Бул илажлар «Халық банки»ниң районлық бөлиминен 545,0 млн сумлық кредити есабынан әмелге асырылды.

Районға 2017-жыл 28-февраль күни 5 дана АРИОН-630 С тракторы алып келинип, ол бес фермер хожалыққа бөлип берилди. Сол тракторлардың жәрдеминде өткен жылы 1650 гектар жерге сүрим жумыслары өз ўақтында орынланып, хожалықларда жерден дийдилеген зүрәәт алыўына үлкен жәрдеми тийди.

Районда бүгинги күнге дейин жаслардың ҳәм балалардың кеўилли дем алыў орны жоқ еди. «Узнефтегаз» компаниясының кепиллигинде «Шоманай аттракцион» кәрханасы ашылып, Миллий банк тәрепинен жәми 5 млрд сумлық кредит ажыратылды.

Бул аттракционды жаңа сиз излеп атырған жас исбилермен Азамат Авлезов өз жуўапкершилигине алды. Бала жүдә шаққан, өз исине жуўапкерли қарайды.

Соң ол телефонын ашып, Өзбекстан телеканалынан жазып алған видеокөринисти дыққатымызға усынды. Көринис кешки ўақытта түсирилгенликтен ҳәр түрли реңлер жилўаланып, ертеклер елине саяхат еткендей оғада сулыў көринер еди. Биз өзимиз излеген қаҳарманның сөзлерин телевидениеге берген интервьюинен еситип оған болған ҳүрметимиз және де артты. Келешекте ол тек Шоманайда емес, ҳәтте республикаға белгили исбилермен болып шығатуғынына кеўлимизде исеним пайда болды.

— Паркке 21 түрли үскене Қытайдан алып келинди, — деп даўам етти сөзин ҳәким. — Өткен жылы ғәрезсизликтен еки-үш күн бурын оны салтанат пенен аштық. Парк 25 адамды жумыс пенен тәмийинледи.

Усы быйылғы жылдың екинши ярымына дейин районда тоқымашылық фабрикасы иске түседи. Жылына 7300 тонна пахта жибин ийиретуғын кәрхана ушын улыўма баҳасы 21,1 млн АҚШ долларына тең жойбар исленди. Соның 13,8 млн доллары Өзбекстан Миллий банк кредити есабынан әмелге асырылады. Фабрика иске түсиўи менен 280 жаңа жумыс орны жаратылады.

Сүтти қайта ислеў цехы...

— Биз оны барып көрдик, — дедим ҳәкимниң гәпин бөлип.

— Көзиңиз бенен көрсеңиз жүдә жақсы болған екен. Әлбетте, мениң оқып атырғаным қуры қағаздағы гәплер емес. Бирақ, бирме-бир айтып отырсам көп ўақтыңызды алыўым мүмкин. Минекей, ҳәкимияттың қарсы алдында еки этажлы «Китап әлеми» китап дүканы турыпты. Бул да «Маҳалла» қайырқомлық қорының 500,0 млн сумлық қәўендерлик жәрдеми арқасында қурылды. Қалған жағына жас исбилермен Сейдабулла Медетовтың өзи кредит алды. Китап дүкан жәми 852 млн сум менен иске түсти.

— Лекин, ҳеш районда бундай китап дүкан жоқ, — дедим мен. — Буның ушын Президентимизге ҳәмме миннетдармыз.

— Ҳақыйқатында да, Президентимиз китап оқыўға үлкен итибар берип атыр. Себеби, ҳәмме билимниң, илимниң, мәденияттын, әдебияттың, қулласы раўажланыўдың түп сағасы китапта ғой.

Жоқарыда айтып өткен технологиялар илим болмаса, билим болмаса, өз-өзинен дөрер ме еди?

Соң ол қағазды қоя берип, шарўашылықтағы ерисип атырған табыслар, мектеп қурылысы, брезент фабрикасы, ыссыханалар, «Қарабайлы» гүриш заводының реконструкциясы, балалар музыка мектеби, қулласы, районда исленип атырған жумысларды толқынланыўшылық пенен әдеўир ўақыт айтып берди.

— Бизде Шоманайды мәйек пенен тәмийинлеп отырған фермер де бар, — деди бир ўақта усы тараўды умытып кеттим бе дегендей, дәрҳәл гәп арасына қыстырып. — Нурбеков Нурмат деген.

— Сизге ескертпестен ол таўықхананы көрип қойдық, — дедим күлип. — Ол жигит республикада №1 таўықшы ғой.

— Еле көресиз, Шоманайда еки үйдиң бири таўықшы болады. Биз Президент келип кеткеннен кейин 47 мың бас шөже әкелип, халыққа тарқаттық. Ҳәзир қайсы көшеден өтпе, үй алдында жуўырысып жүрген ақ таўықларды көресең.

Ислеген исиң бир шеттен көзге көрине берсе, қуўанышыңның шеги болмайды. Ҳәким ислеген servislerdi толқынланып айтар екен, қолындағы телефоны тынбас еди, кимдур «тракторды алып кете берейин бе?» деп атыр, оған «яқ, яқ, пулыңды ҳәзир таўып өткизип беремен» деп орнынан ушып турып кетеди, бир гез Ташкенттеги Миллий банктен қоңыраў...

Биз бенен сөйлесип отырса да, қыялы гә қалада, гә далада еди.

— Айтпақшы, Инамбак, сен Муратбай ағаға қыйтақ жердиң маманларын-әм көрсет, — деди ол орынбасарға. Шоманай ҳәзир «бизге қыршымай

түйнек жиберсин» дейтуғын район емес. Қысы менен базарды таза жемис пенен толтырып қоятуғын дийқанларымыз бар.

— Зийўатдийин Худайбергеновтың қыйтақ жерлерин көрейик — деди Қалбай ҳәкимияттан шыққаннан кейин. — Ол кеше-бүгин дийқан болған жасы үлкенлерден емес. Оның әкеси Шоманай шөлин өзлестириўшилердиң бири. Шоманайдың биринши басшысы Қутлымурат Сейтмуратовтың исенимине ерискен адам.

Қутлымурат Сейтмуратов аты республикаға таныс, белгили жәмийетлик ғайраткер, қатты талапшаң адам болған. Оның исенимине ерискенин Қалбай тегинликте мақтаныш етип атырған жоқ еди.

— Зийўатдийин аға ҳәзирги отырған жайын салып атырғанда ол дөгеректе тис шуқлайтуғын шөп жоқ еди, — деди ол жол бойы. — Тақыр жерге келип қурылыс баслады. Қурылыс пенен теңине дарақ отырғызыўға киристи. Аппақ кебирге терек егип атырғанын көрип биз «еш болған еңбек-әй» деп қойған едик. Яқ, еки-үш жыл ишинде шайқалған дарақ болды. Оның қалай көгерткенин айтайын ба?

— Айт, айт.

— Нәл тигип атырған жерге таза топырақ төкти. Соң нәлдиң төрт тәрепине айландырып картон қағаз көмди. «Картонның не кереги бар»? деп сорадық оннан. «Картон шорды иркеди. Нәлдиң түбиндеги топырақ болса қый араласқан, қунарлы топырақ. Сол жерде көгерип өскен нәл үш-төрт жылда мықлы тамыр байлайды. Соң ығаллық пенен жибип турған картонды тесип өтеди. Енди оған сырттағы шордың күши жетпейди.

Зийўатдийин хэреминиң ишине бир тележка қый түсирип, онының тең ярымын бир неше қыйтақларға бөлинген атызларына төгип болған екен. Ол бизге алды менен целофан қағаздан исленген көлеми бир сотыхлик ыссыханасын көрсетти. Ыссыханада енди ныш урып шығып атырған нэллер менен алды көтерип тигиўге таяр редиска, помидор, бурыш, қулпынай, қулласы, жети-сегиз дақылдың түрлери бар екен.

— Хэр нэрсениң дэслепки ўақытта өз қыйыншылығы болады, — деди ол. — Дэслепки бир еки жылда ыссыхана бизге өним бермеди. Сууықтан нэллер қуўрап қала берди. Отынды сонша келип жағамыз, бэрибир жылымайды. Кейин бунның себебин излеп таптым. Хэмме сууық жерден келеди екен. Қыста билесиз, жер 15 — 20 см тоңлайды. Сол тоңның сууығы үстинен жылыў берген менен кэр етпей ишке өтеди екен. Демек, жерден сууық өткермеў керек. Мен ыссыхананы қыр дөгерек айландырып 40 — 50 сантиметр тереңликте қый менен көмип шықтым. Қыйдан сууық өтпейди. Отынға да үнем. Қысы менен помидор, қыяр, көк пияз, укроб избе-из жетилисе береди. Биз оны өзимизден аўыстырып базарға шығарамыз.

— Қыста газден пайдаланасыз ба?

— Яқ.

— Көмир ме?

— Көмир де емес. Эпиўайы ағаш отын. Кеште бир қыздырып аламыз да ошақты топырақ пенен көмип таслаймыз. Ошақтың аўзы көмилгеннен кейин ондағы шоқ қызғынын жоғалтпайды. Ертең сэскеге дейин трубалар ысып турады. Күндиз от жақпаймыз. Себеби, целофан қалтадан сууық өтпеген менен, қуяштың ыссылығын ишке береди.

Зийўатдийинниң айтқан усыллары айрықша маманлықты да талап етпейди. Ислесе ҳәммениң қолынан келеди. Бирақ, оған күнт ҳәм жерге меҳир қойыў керек.

Оның атызында жоқарыда айтып өткенимиздей қыяр, помидор, көк пияз, сарымсақ пияз, редисканың ҳәр қыйлы сорты, укроп, петрушка, қулласы, дастурхан толтыратуғын түрли витаминли дақыллар бар еди. Олар бирден таўсылып қалмай, бириниң изинен бири жетилисетуғын «ағалы-инили» етип өсирилген еди.

## «Жуўырып шықтым Айбүйирдиң басына»

— Қалбай иним, Айбүйирдиң басына жуўырып шыға аласаң ба? — дедим оған ҳәзил етип «Кетенлер» елатына киятырып.

— Еситиўимше, таўға шығыў түскеннен, түсиў мингеннен қыйын деседи. Бирақ, Өмирбай аға (шайыр Өмирбай Хожанов) усы қосықты жазғанда оның сүйген қызы Айбүйир таўының басында турған болса керек.

— Онда ҳақыйқатлыққа келеди, — дедим мен. Күнхожа бабамыз айтқан ғой, «Узақ жолға жүрсе өлгенин билмес, ғошшақ жиғит жолдас болса қыз бенен» деп. Сол айтқандай, Өмирбай аға да таўдытасты писент етпей Айбүйирге жуўырып шыққан шығар.

Биз жол бойы 22-санлы түркмен мектебине қайрылдық. Бизлердиң ушырасыўға киятырғанымыздан хабар тапқан болса керек, оқыўшылар үлкен бир классқа жәмленип, жып-жыйнақлы болып отырған екен.

— Ассалаўма әлейкум! — деп бир аўыздан турып сәлемлести.

Олар менен болған сораў-жуўаплар, мектеп оқыўшыларының таярлаған концерт номерлери ўақтымыздың қалай өткенин билдирмеди. Әсиресе, кишкене көргизбе мүйешинде оқыўшылардың өз қолы менен тоқылған түркмени гилемлердиң үлгиси бизди өзине тартты.

— Бул гилемшелерди оқыўшы қызлар тоқыған ба? — деп сорадым мектеп директорының орынбасары Ашир Мирекеевтан.

— Әлбетте, өзлери тоқыған.

— Түркмен қызларының гилем тоқымайтуғыны болмайды, — деп күлди «Кетенлер» аўыл пуқаралар жыйынының мәсләҳәтшиси Алима Убайдуллаева. —Егер барып кетсеңиз, усы жерде үйинде гилем тоқып отырған бир келиншек те бар.

— Биз Айбүйир таўына күн батып кетпей турып бир шығып келейик, кейин әлбетте, оған киремиз.

— Бизлер де онда сол жерде боламыз, — деди усы мектептиң муғаллимлери Гулистан ҳәм Уғылжанлар.

Оларға ўәде берип, сапарымызды Айбүйир таўына қарай даўам еттирдик.

— Бул аўыл «Төре аўыл» деп аталады, — деп әңгиме баслады Қалбай жол бойы. — Шоманайдың ең ой жери. Егер синоптиклер «ертең айырым орынларда жаўын жаўады» деди ме, әлбетте, сол жаўын биринши болып усы «Төре аўыл»ға жаўмай өтпейди.

— Таў бул жерден неше метр бәлент деп ойлайсыз?

— Билмедим? Бул аўыл Тақыятас пенен салыстырғанда 90 метр ой деп еситемен.

— Қалбай иним, сениң өлшемиң қызық екен, — деп ҳәзил еттим оған. — Дүнья жүзи бойынша бәлентлик теңиз қәдди менен өлшенетуғын еди. «Айбүйир» тау̌ы да Үстирттиң бир бөлеги емес пе?

— Дурыс, Үстирттиң бир бөлеги, — деди Инамбек мақуллап.

— Олай болса, Үстирт теңиз қәддинен 500 метр бийикликте жайласқан. Демек, «Айбүйир» көзимизге онша бийик еместей болып көринген менен ол да ярым километр бәлентликке ийе.

— Дурыс, дурыс!

«Кетенлер» ау̌ылы «Айбүйир»ге онша алыс емес екен. Тау̌ды жағалап өткен изейкештиң бойы менен демде бийикке өрмеледик.

— Анау̌, аппақ болып турған шыңға барайық, — дедим мен. Тау̌дың бир шетине көтерилген менен оның үсти кем-кем бәлентлеп бара берер еди. Биз төгилип қалған аппақ ундай болып көринген бәлентликке келип машинадан түстик. Бул «ақ ун» емес, жайылып жатырған ақ тас екен.

— Бағана ҳәк заводына ҳәкти «Порлы тау̌»дан әкелесиз бе, я Қаратау̌дан? — деп сорап едиңиз. Мине, сол заводтың шийки заты. Район орайына дейин бары-жоғы отыз бес шақырым.

— Ҳәк шығарамыз деп «Айбүйир»ди тау̌ысып қоймайсыз ба?

— Ҳеш қандай! — Қалбай мениң ҳәзилимди шын мәнисинде қабыл етти шамасы, қулыперени шығып түсиндире баслады. — Сизге бир у̌ақыяны айтып берейин, өзим қатнасқан. Еки мыңыншы жыллардың басында узақ созылған сел жау̌ын болды. Бағана айттым ғой, аспаннан еки тамшы тамса, алды менен усы «Кетенлер»ге — «Төре ау̌ыл»ға тамады. Сол айтқандай, үзликсиз сел

жаўынның ақыбетинде усы Айбүйирден аппақ балшық ақты. Яғный, хәк тас ерип ақты. Адамлардың «әне тынар, мине тынар» деген үмити пушқа шығып, балшық аўылды ала баслады. Пәсиректеги үйлер көрпе-төсегин үйлериниң алдындағы жыйнаўлы турған отынның үстине шығарып, өзлери соның үстинде отырды. Жеңил машиналардың тек төбеси көринип қалды. Кейин, балшықты тоқтатыў ушын бульдозер жиберди. Байлайман деп барған бульдозердиң өзи балшықтың астында қалып, тракторшысы зорға кабинаға минип аман қалды. Сонда ойлап едик, таў биротала ағып болған шығар деп. Як, ертеңине қарасақ «Айбүйир»диң мурты шағылмаған. «Теңиз сууын қуртып болмас» дегендей, таўды жемирип те болмайды.

— Неге бул ҳаққында газеталарда жазбадың?

— Әй, енди... айтыла бермейтуғын жағдайлар да болады ғой. Бирақ, мен газета хызметкери сыпатында көриўге келгеним ырас.

Қулласы, Шоманайдың хәк заводының шийки зат қорының бай екенине әмин болдық. Мен қасымдағы сүўретши инимиз Руслан Арзиевке «аўылдың көринисин таўдың басынан турып сүўретке ал, узақлық етпес. Космостан турып та жерди сүўретке алады ғой» деп зинҳарлап барған едим. Ол ойым иске аспады. Бизге пәс көринип атырған бул таўдың да өзине ылайық думаны бар екен. «Таўлар басы думан-думан» деген қосықлар бийкарға айтылмаған қусайды. Бул «хәк таўы»ның аппақ думанынан аўылдың сүлдерин көриўдиң өзи мүшкил еди.

Не де болса бай тәбият еншисине тийген Шоманайлылар орынлы түрде мақтанса арзыйды деген сезим менен изге қайттық.

## Гилемши ҳаял

Бизге тәрийип еткен гилемши келиншектиң үйи мектептиң ийнинде ғана тийип тур екен. Бағанағы муғаллим келиншеклер сыртқы босағадан күтип алды.

Узынша кеткен дәлиздиң оң қапталындағы кишкене бир өжире келиншектиң «жумыс орны» екен.

— Бул келиншек Атаева Нартай деген достымыз, — деп таныстырды бағанағы «Кетенлер» аўыл пуқаралар жыйынының мәсләҳәтшиси Алима Убайдуллаева. — Мына ағаштан соғылған дәске оның «станоги».

Ҳәзиллесип көрсеткен «станоги» бары-жоғы бир-бир ярым метр әтирапындағы әпиўайы, курастырып қойылған үскене еди. Лекин, оннан шыққан кишкене суп-сулыў гилемшелерди көрип, оның «әнейи станок» емеслигин аңладық.

— Бул гилемниң нағысларын қаяқтан аласыз? — деп сорадым келиншектен. — Себеби, биреўи-биреўине усамайды ғо.

— Нағысы көкирегимизде, — деди ол. Дурысы, алды бурын оны дәптерге соғып аламыз. Лекин, ол нағыс көкирегимизде яд болып қалғанлықтан оған қарап отырыўға зәрүрлик туўмайды.

— Бул өнерди кимнен үйрендиңиз?

— Анамнан. Енди оны қызыма үйретип атырман.

— Гилемге буйыртпалар бар ма?

— Яқ. Себеби, бундай кишкене көлемдеги гилемшелердиң ҳеш кимге зәрүрлиги жоқ. Мен тек қолым шығысып кетпесин, анамнан өткен өнер маған келип тоқтап қалмасын деп тоқый беремен.

— Неге үлкен 2 — 3 лик, яки 3х4 лик гилем тоқымайсыз?

Келиншек күлди.

— Оған станок керек ғой. Мениң станогим бар ма? Күйеўим Худайберди районда «Дамас» айдайды. Оның тапқан бир-еки сомы күнделикли ишип-жемнен аўыспайды.

— Тоқыған гилемиңизге пахта жиби менен синтетика араласа ма?

— Яқ. Тек ғана қой жүни.

— Бояўы қаяқтан?

— Бояўын Түркменстаннан алдыраман.

— Оған қәрежетти қаяқтан табасыз? Жүн де аз пулға келмейтуғын шыгар?

Гилемши ҳаялдың орнына Алима жуўап берди.

— Бизиң халқымызда ағарғанды сатпайтуғын бир жақсы дәстүр бар еди ғой. Сол сыяқлы Нартайдың ағайин-туўғанлары да, гүзде, бәҳәрде қой қырқым ўақтында буған жүнлерди қалыс әкелип таслайды. Нартай оннан усындай бири-биринен сулыў гилемлер тоқый береди.

Ырасын айтсам, сол гилемшелердиң биреўин сатып алғым келди. Лекин, өзимди ириктим. Өз мийнетиниң жемисин пуллап көрмеген ҳаял мен берген пулды алмас, оннан кейин бизики дәмегөйлик болар деп, ықласымды сыр бүгип қалдым. Лекин, оған «пуқаралар жыйынынан станок алыў ушын жәрдем сорадыңыз ба?» деп саўал бердим.

— Олар маған кредит ал, деди. Мен оған қорықтым. Мениң гилемлерим елге таныламан дегенше кредит күтип турмайды ғой.

Биз оған бул өнерди илажы болғанынша таслап қоймаўын, қасында көз нурын төгип, анасы

алдында «имтихан тапсырып» атырған қызына талмас күш-қуўат тилеп, жолға шықтық.

— Ҳақыйқатында жаңағы гилемшелер 40 — 50 жылға мүдирмейди, — деди Қалбай жол-жөнекей қосымша тәрийип берип.

— Билемен, — дедим мен немкурайды. — Мени басқа нәрсе тәшиўишке салып киятыр. Ол бизге гилемшелерин мақтаныў ушын көрсеткен жоқ, бизден қандай да бир мәдет күтип көрсетти, жәрдеми тийер ме екен деген үмитте қалды. Негизинде, гилем тоқыў етаноги қымбат та нәрсе емес, қойдың жүнин өзи тапса, бояўын өзи тапса, қол күшинен жәрдем сорамаса, оның ушын кредитсиз-ақ райондағы бир-еки «гөне шөңге» исбилерменлер жәрдемлесип, саўап ис қылса жақсы болар еди.

— Кимлерди нәзерде тутып отырсыз?

— Мақаланы оқыса өзлерин «таўып алады».

## Қайтыў

«Айбүйир» ден қайтып келемен дегенше әтирапты толық қараңғылық қаплаған еди. Мениң ойымда жаңадан қурылған базарды көриў, 47 мың бас шөжеден ҳәўлисин таўыққа толтырған бир-еки шаңарақты да мысалға алсам деген ойда едим. Лекин, ҳәммесине бир күнде үлгериў мүмкин емес екен.

Ҳақыйқатын айтқанда, Шоманай ҳаққында усындай көлемли мақала жазыўға районның ерискен жетискенликлеринин бир ушлығын мысал етиўдиң өзи-ақ жеткиликли болып қалды. Сонда және ойыма ертеде мен оқый алмай қалған «Шоманайдың есигин ашқанлар» деген китап келди. Сол жыллары

анда-санда бир хожалық көшип келип районның тийкарын салған қаҳарманлар ҳаққында китап жазылғанда, бүгинги ертектен озып кеткен заманымызда жаңарып, жасарып атырған нәўқыран Шоманай ҳаққында тағы бир китап жазыўға болмас па еди?!

Әлбетте, болар еди!

Биз әдеўир кешлетип, Шоманай — Нөкис гүзар жолына түстик. Изимизде Шоманай аспанының «жулдызлары» — күлимлеп нур шашып, узатып қалды.

*Апрель, 2018-жыл.*

Район бойынша 2017-жылы 105 жойбар иске асырылып, 25 млрд 432 млн сумлық қаржы өзлестирилди. Жаңадан 504 жумыс орны жаратылды.

2018-жылы район бойынша 129 млрд 870 млн сумлық 42 жойбар иске түсириўи нәзерде тутылған.

Районда 2018-жылдың биринши шерегинде 89 мың АҚШ доллары муғдарындағы өнимлер экспортқа шығарылды.

# «ҒӘРИП ҲӘМ ШАСАНЕМ»ЛЕР МЕНЕН СӘЎБЕТ

Жазыўшы Асан Бегимов ҳәм режиссёр Төреш Алланазаровлар тәрепинен қарақалпақ халық дәстаны тийкарында жазылған «Ғәрип ашық» пьесасы 1950-жыллары режиссёр Төреш Алланазаров тәрепинен сахналастырылған еди. Арадан қырқ жылдай ўақыт өтип, 1990-жылы режиссёр Бәўетдийин Баймурзаев тәрепинен пьеса қайта сахналастырылды. Ал, жақында, (2018-жыл, 5-июнь, премьера) және сол режиссёр тәрепинен пьеса үшинши мәрте сахна жүзин көрди.

Биз бүгин екинши ҳәм үшинши сахналастырылыўындағы «Ғәрип ҳәм Шасанем»лер менен сәўбетлеспекшимиз.

**Муратбай Нызанов:** — Сиз бенен бизлер елиўинши жыллардағы Ғәрип пенен Шасанемди көрмегенбиз. Көргенлер Юлдаш Мамутов ойнаған Ғәрипти, Гүлхан Шийразиева ойнаған Шасанемди елеге шекем әпсана қылып айтады. «Солар тәрепинен жаратылған образды бизлер де жаратыўымыз керек» деген баслама сизлер тәрепинен болды ма, яки режиссёр тәрепинен, ямаса, театр басшылығы тәрепинен берилген жобалы жумыс па еди? Мен усылар ҳаққында билгим келип отыр.

**Өмирбай Қосымбетов:** (1990-жылғы «Ғәрип») — «Өмирбек ҳәм Тазша» спектакли тамашагөйлер

тәрепинен жыллы қабыл алынғаннан кейин, кеўлимде қатар жақсы нийетлер оянды. «Енди Ғәрип образын жаратыўым керек» деген әрман пайда болды. Бирақ, гәптиң ырасын айтыўым керек, бул спектакльди сахналастырыў ҳаққындағы усыныс кимнен шыққанын билмеймен. Себеби, Ғәрипке дәслепки пайытта таңланған төрт актёрдың ишинде мениң атым жоқ еди.

**Муратбай Нызанов:** — Бул гәпиңиз ҳақыйқатлыққа келеди. Олай деўимниң себеби, усы жыл январь айында Бәўетдийиннен «Ғәрип ашық»ты қайта сахналастырмақшы екенин еситип, «сиз сол тоқсанынщы жылғы спектакльди қайта тиклей аласыз ба, оның ушын Өмирбай менен Мырзагүлдей «Ғәрип Шасанем» бар ма, Сапаргүл Әўезовадай Шасанемниң анасын таба алар ма екенсиз» дегенимде «Өмирбай даўысы менен жаўлап алды, Ғәрип сыпатында ол семириңкиреп кеткен еди» деген еди. Демек, сени «Ғәрип» ролине бирден таңламаўында екиленген болса керек.

**Мырзагүл Сапаева:** (1990-жылғы «Шасанем») — Дәслепки «Ғәрип»лерде Сәрсен бар еди, Дәлибай бар еди, Әлимбай бар еди. Төртиншисин билмеймен.

**Өмирбай Қосымбетов:** — Төртиншиси мениң де ядымнан көтерилипти. Қулласы, ғайыптан тайып роль маған тапсырылды. Бурын усы образды жаратыўды әрман етип жүрген болсам да, енди тәшўишлене басладым. «Юлдаш ағаның ойнағанын көрген тамашагөй мени қабыл етер ме екен?» деген ой тынышлық бермеди.

**Муратбай Нызанов:** — Оны көрген тамашагөйлер азшылықты қурайды ғо.

**Өмирбай Қосымбетов:** — Бәрибир. Бир тамашагөйдиң кеўли толмаса да, бул актёр ушын әўметсизлик. Бир күни шапан алып, Юлдаш ағаның үйине бардым, пәтиясын алыў ушын ҳәм Ғәрип образын қәйтип жаратқанлығы ҳаққында да билгим келди.

— Ғәрип қай жерде сахнада көринеди? — деди ол.

Жасы үлкен жүдә қартайған, оның үстине наўқас екен.

— Ғәрип Шасанем менен бағда ушырасып турғанда рақиблер таманынан қолға түседи. Усы жерде оны жәлладлар...

— Тоқта, — деди ол.

— Бул жердеги Ғәрип еле шын мәнисиндеги Ғәрип болып жетилискен жоқ еди. Ол таўдың арасында шопанлар менен қой бағып жүргенде Әзбер хожа менен ушырасады ҳәм Шасанемниң Шахўәлетке атастырылғанын еситеди. Әне, усы жерде Ғәрип шыңға шығады. Анасы менен, қарындасы менен, шопан052 дослары менен хошласыў сахнасында Ғәрип биринши мәрте тамашагөйлер ықласын жаўлап алады.

Балам, бул тәўекелшилигиңди алла қуўатласын, премьера күни маған айт, кемпирим менен бараман, — деди.

Лекин, премьера күни апамыз мени Юлдаш аға менен ушырастырмады. «Барса жаслығы есине түседи, сениң ойнағаныңа кеўли толып толқынланып кетеди, яки нарийза болады. Ҳәр еки жағдайды да оның денсаўлығы көтермейди. Премьераға мен бараман» — деди. Мине, усылай басланды мениң «Ғәрип» образын жаратыўым.

**Мырзагүл Сапаева:** — «Ғәрип ашық» қойылайын деп атыр деген хабарды мен үйде отырып еситтим. Оннан роль тәмем жоқ еди. Себеби, қолымда еки айлық қызым бар.

Бир күни театрдан Сапаргүл апа (Сапаргүл Әўезова) қоңыраў етти.

— Қызым, үйиңде ярым кила гөш бар ма? — деди.

— Бар, — дедим мен.

— Бар болса соны қазанға салып жибер. Қамырын жуқа қылып гүртик жай. Бизлер баражақпыз.

Соннан «қызыма қутлы болсынға киятырған шығар» деп пырлас тийип қалды. Барымызды шығарып, дастурхан жайдық. Сапаргүл апа кеўли сүйген бир-еки апай менен келди.

— Биз сениң үйиңе мәзи аўқат жеў ушын келгенимиз жоқ, — деди ол дастурхан басында. — «Ғәрип ашық» сахналастырылайын деп атыр. Сен сонда Шасанемди ойнаўың керек.

— Ҳаў, курттай қызым менен...

— Қызыңды театр бағады. Билесең бе, бундай әўмет жигирма-отыз жылда бир келеди. Елиўинши жыллары бул образды Гүлхан апа Шийразиева ойнаған еди. Енди бул бахыт саған несип етейин деп тур, қызым!

Театрда Сапаргүл апаның бир гәпи еки болған емес. Ол театрдың «королевасы» еди. Як, дей алмадым. Солай етип, азанда үйге машина келеди. Мен қызымды қундақлайман да, машинаға отыраман. Театрда қайсы нашардың қолы бос болса, сол мениң қызымды бағады. Бул жағдайдың өзи маған үлкен жуўапкершилик жүкледи. Сапаргүл апаның үлкен исеними, театр жәмәәтиниң жабылып ислеген хыз-

мети мени Шасанемди Шасанемдей етип шығарыўға миннетледи.

Мен халқымның кеўлинен шыға алдым ба, оны халық биледи.

**Муратбай Нызанов:** — Мырзагүл, биз көп еситемиз, елиўинши-алпысыншы жыллары халық Тоқта Рахманованы көриў ушын ол ойнаған спектаклььге тәкирар-тәкирар барар екен. Әлбетте, сулыўлық жаратылыс тәрепинен бериледи. Сонда да, қолдан келгенинше халықтың ықласын жаўлап алыў мақсети хәр бир актрисаның кеўлинде болыўы керек емес пе?

**Мырзагүл Сапаева:** — Негизинде, сен жаратқан образға тамашагөйлер ашық болып қалыў керек. Мәселен, Алпамыста — Гүлпаршын, Ғәрип ашықта — Шасанем, «Қырқ қыз»да — Гүлайым, булар халықтың нәзеринде гөззаллық тымсалы болып жасап киятырған образ ғой. Соның ушын ол образды тек ойнап бериў емес — тамашагөйди өзиңе ашық етип алыўың керек.

**Муратбай Нызанов:** — Сиз жаратқан Шасанемге ашық болғанлар болды ма?

**Мырзагүл Сапаева:** (күледи) — Болды, бир нешеси болды.

**Муратбай Нызанов:** — Кимлер?

**Мырзагүл Сапаева:** — Атларын сорамадым дә!

**Муратбай Нызанов:** — Дәстандағы Ғәрип те қыз сүйер жигит болған. Өмирбай, сиз жаратқан Ғәрипке ашық болғанлар болмады ма?

**Өмирбай Қосымбетов:** — Болса болған шығар. Бирақ, енди қыз баллар уялып айта алмайды дә!

**Муратбай Нызанов:** — Мырзагүл, сиз Шасанем образын жаратыў арқалы сахнадан, яки болмаса режиссёрдан, композитордан нелерди үйрендиңиз?

**Мырзағүл Сапаева:** — Мен биринши гезекте Сапаргүл ападан ана болыўдың қаншелли аўыр болатуғынын уғындым. Ол патшаның зайыбы. Ол қызына да жаны ашыйды, бирақ патшаға, әсиресе, ерине қарсы келе алмайды. Усы жуўапкершиликти ол ишине жутады ҳәм сондай салмақ пенен, сондай зил менен Шасанемге жеткизеди. «Бүгиннен баслап — мектепке бармайсаң!» Усы гәпти жерине жеткерип айтып болған ўақта бирден музыка «жаң» етип урылады. Мениң тула беденим қалтырап кетеди. Көкирегим өксикке толады. Дерлик, жылап турып сол қосықты атқарып шықтым.

Онда композитордың қойған аўыр талаплары да мени тәрбиялады. «Дем бермес» намасы концертлерде қысқа, тез темп пенен йошлы айтылады ғо, ал спектакльде әсте темп пенен, қайғылы түрде басланады ҳәм ол кем-кем тамашагөйдиң жүрек-баўрын елжиретип жибереди.

Ушырдым суңқар қусымды,
Ҳеш бир жерде турағы жоқ.

Қолындағы қусын ушырған нашар қалайынша йошып айтсын?!

**Муратбай Нызанов:** — Бул музыка ҳаққында мен Қурбанбай Зәретдинов пенен де сәўбетлестим. Ол «бул наманың аты негизинде «Дем бермес» болмаўы керек еди. Қандайдур басқа ат болғаны мақул болар еди, дегенди айтты.

Мен әлбетте, театр сыншысы емеспен, бирақ, тоқсаныншы жылғы «Ғәрип-Шасанемди» де, быйылғы «Ғәрип Шасанем»ди де көрдим. Екеўи бир қәлиптен шыққандай, бирақ, ишиндеги «ылайлары» басқа. Мениңше, тоқсаныншы жылғы «Ғәрип ашық»тың тырнағы беккем қуйылған. Быйылғы оның екинши нусқасы.

Не себеп?! Себеби, оннан алдынғы «Ғәрип ашық»ты сизлер де, режиссёр да, композитор да көрмеген. Сонлықтан «бизлер биринширмиз» деген үлкен исеним ҳәм жуўапкершилик пенен бул иске қол урғансыз. Рольлер де өз орынларына түскен. Өмирбайдан басқа Ғәрипти, Мырзагүлден басқа Шасанемди, Сапаргүл анадан басқа Гүлсәнемди мен көз алдыма келтире алмайман.

Ал, быйылғы «Ғәрип ашық»та болса, жас актёр-актрисалар сизлер ойнаған спектакльди көрген, «сондай етип ойнай аламыз ба?» деген тәшўиш турған кеўиллеринде. Солай ма, Баҳадыр, Инжайым?

**Инжайым Көмекбаева:** (2018-жылғы «Шасанем») — Дурыс. Мениң үлкен сахнадағы биринши мәрте жаратқан бас ролим. Ол да болса устазым жаратқан образ. Мен театр институтында биринши курстан баслап, питкергенше Мырзагүл ападан сабақ алдым. Оннан көп нәрсени үйрендим. Енди усыларды сахнада көрсетиў имтиханы турған еди мениң алдымда.

**Мырзагүл Сапаева:** — Сапаргүл апаның бир әдети бар еди, ол өзиниң ролин ойнап болып кетип қалмас еди. Кулис артында турып ҳәр бир актёрдың жаратқан образын тисленип турып, бақлар еди. Кеўли толса шыққаннан кейин нашар болса «спасибо, доченка», жигит болса «сынок» деп марапатлайды. Егер бир жеринде қәте жиберген болса, жақсылап тәмбисин береди.

Бүгинги спектакльде Сапаргүл апаның күни мениң басыма түсти. Өзим сахнада қосылып ойнап жүрсем де, бақлағаным усы Инжайым болды. Инжайымның қосық айтқанда даўысы қысылыңқырап шықты, бирақ, барып-барып ашылысып кетеди.

**Баҳадыр Разымбетов**: (2018-жылғы «Ғәрип») — Актёр аға-апаларымыз айтқандай, сахнаға шыққаннан кейин мен бәркулла «ийнениң ушында» жүрдим. Сонлықтан, образды қалай жаратқанымды өзим айта алмайман.

**Муратбай Нызанов:** — Олай болса, тамашагөй сыпатында улыўма спектакльге болған өз баҳамды айтайын. Спектакль бүгинги жас актёрлар ушын үлкен сынақ еди. Мениң пикиримше, олар сынақтан мәлим дәрежеде табыслы өтти. Еслеп қал, Баҳадыр — мәлим дәрежеде! Театр ушын және бир табыс. Режиссёр Бәўетдийин Баймурзаев ушын он бес жылдан кейин қайта айланып келгендеги және бир жетискенлиги болды деп айта аламан. (Ол он бес жыл «Қарақалпақфильм» киностудиясында ислеп келген еди).

Мениң пикиримше, спектакль уяң басланды ҳәм ол дерлик ақырғы сахнаға шекем даўам етти. Юлдаш аға Мамутов айтқан таў арасындағы сахнада да Ғәрип оншелли көзге түсе алмады. «Шасанем»ниң даўысы Мырзагүлге салыстырғанда пәслеў шықты. Ал, Мырзагүл усы ретте («Абадан» ролинде) 1990-жылы усы рольди Сырға Айымбетованың атқарған дәрежесине жеткере алмады.

Өмирбай жаратқан «бағман»ға, Базарбай Узақбергенов жаратқан Шаҳаббаз патшаға, Алтынай Бердибаева жаратқан «Ҳүрлиха» образларына сөзим жоқ. Әсиресе, финал спектакльди көтерип таслады. Той басқарыўшы (Әжинияз Қосымбетов) бурынғы Есимбет Саекеев ойнаған рольден бир қәлем де пәс келмеди. Жас актёрға «бәрекелла» дегим келеди.

Қулласы, жуўмақлап айтайын дегеним, спектакль күтилген нәтийжени берди деп ойлайман.

Жас актёр-актрисалар еле де өз үстинде ислеңкиреп, ашылысса, тоқсаныншы жылғы дәрежеге алып шыға алады. Негизинде, ҳәр бир талант ийесиниң кеўлинде бурынғы шекке жетиў емес, оннан өтиў нийети турыў керек. Сонда өсиў, раўажланыў болады.

Мениң пикириме нәрийза емессиз бе?

**Өмирбай Қосымбетов:** — Буны мен «тамашагөй менен жүзбе-жүз» ушырастым деп есаплайман.

**Мырзагүл Сапаева:** — Ырасында да, тамашагөй көрип болып қол шаппатлаў арқалы миннетдаршылық билдирип шығып кетеди. Сизиң жүзбе-жүз ашық айтқан пикирлериңизди инабатқа аламыз.

*2018-жыл, 9-июнь.*

## «ҚОСЫҚ АЙТСАМ ҲАЎАЗ ТОЛҚЫП ЖАҢЛАЙДЫ»

Усы қосық эфирге берилгенде өз-өзиңнен кеўилленип, тап ушып кетежақтай йошланып отырасаң. Қәне, ҳәмме қосықлар усындай болып тыңлағанға йош бағышлап турса. Бир «күйгелек» тыңлаўшы сыпатыида усы мәселелерде бүгин бир «жарылғым» келди…

Буннан онлаған жыл алдын кишигирим бир мейлиске бардым. Отырыспаға бақсы Турғанбай Қурбанов та шақыртылған екен.

— Қәне, бақсы жора, бир-еки нама «жаздырып» отыр, — деди мейлисте отырған, бақсының өзи қатарлы бир жигит.

Турғанбай аға дуўтарын қолға алып, бир дизеге қонып Мақтумқулының «Миймандур» қосығын баслап жиберди. Жаңа еки қатар айтып еди, әнийерде екеў-ара гүррин, минийерде екеў-ара гүррин, ақыры бақсы еки куплет айтып тоқтады.

— Ҳе, неге тоқтадың? — дести жигитлер.

— Бүйерде қосық тыңлайтуғын адам жоқ қусаған, — деди ол.

— Уәй-й, қызық жигит екенсең, неғыласаң адамлардың гәпин тыңлап. Айта бер дә! Сен қосық айтыў ушын шақыртылғансаң!

— Мен тыңламайтуғын қулаққа айта берип, радио емеспен, — деди Турғанбай аға. — Биз тың-

лаўшылардың жүрегине жол табайық деп түни менен Мақтумқулыдан, Әжинияздан, Бердақтан сөз ядлаймыз, күни менен оны намаға түсирип машқы етемиз…

Бақсы өкпесин айтыўға айтты да, бирақ, баладай шонтықлық етпейин деп отырыспада ўақтыўақты қосық айтып отырды.

Сонда дастурхан дөгерегинде отырған жигитлердиң қосық тыңлаўдың әпиўайы мәдениятын билмеўи, көркем өнерге болған ҳүрметсизлиги мени қатты тәшўишке салды.

Турғанбай бақсы сөзге қатты мәни беретуғын, тыңлаўшы оны қалай қабыллап атырғанын қабақ тәрезиси менен өлшей билетуғын қосықшы еди. Улыўма «гөне» қосықшылардың ҳәммеси де сөзге итибарлы болды. Мәселен, Айымхан Шамуратованың, Генжебай Тилеўмуратовтың, Сулыўхан Мәмбетованың, Арзыгүл Атамуратованың, Тамара Дошымованың, Бийбираба Өтепбергенованың қәлеген қосығын тыңлап көриң, ҳеш бир биймәни сөз таппайсаң! Қосығы намасына, намасы ҳаўазына сай, қуп жарасып турады.

Негедур, усы жуўапкершилик кейинги шыққан қосықшыларда сәл босасып кетти. Биразлары ҳаўазға зор береди дә, не айтып атырғанын түсинбейсең. Айырымлары йошланып айтаман деп, қосықтың ритмин бузады. Eң жаманы — сөзлерин қәте-қәте айтып, және оған қысынбайтуғынына не дерсең?!

Бир сапары жийи-жийи телевизорға шығып қосық айтып жүрген бир қыз Ж. Аймурзаевтың «Шеберханның шырмаўығы» спектаклинен бир ария айтты:

Мен сени излеп табайын,
Душпанға қарай шабайын,

Қайдасаң ярым, қайдасаң?
Соң «Сүймегенге сүйкенбе» ге өтти.
Мышқы етип яр ҳаўазы астында,
Инкар ярдың бүгин кеўли шалқысын.

Ҳәмме дүрлетип қол шаппатлап атыр. Мен қосық тамам болғанша зорға шыдадым.

— Қарындасым, екинши мәрте бул қосықларды айтқаныңда сөзлерине мәни берип айт, сәл жерде уялып қаларсаң. Мәселен: «душпанға қарай шабайын», емес, «душпанға қара жабайын», ал кейинги қосықта «мышқы етип» емес, «машқы етип» деген, қарақалпақ тилинде «мышқы» деген сөз жоқ, «машқы етип» дегени бул жерде «кеўилленип», «ҳаўаз қосып» деген мәнини аңлатып тур, — дедим.

Қосықшы қыз бултыйды да қалды.

— Кеширерсиз, бүйерде корректор отырғанын билмей қалыппыз.

Бул мәйли ҳәўескер қосықшы дейик, бирақ гейде белгили қосықшыларымыз да бундай «майдашүйде»ге итибарсыз қарайды. Ҳәммемиздиң сүйикли қосықшымыз Дәлибай Мәмбетмуратовтың бир қосығын еситкен сайын «не айтып турғанын өзи де түсинбейди-аў» — деп ойлап қояман. Дурыс, қосықтың намасы жүдә жақсы, қосықшының ҳаўазы да жүзикке қас қондырғандай. Ал, енди сөзин бир таллап көрейик:

Жулдыз болып әл аспанда,
Кирпиклериң қамасқанда,
Ақыл болып адасқанда,
Опадарың мен болайын.

Ашықлар Сәуле, Гүлайым,
Әнжимдей ашығыў ярың...

Мен бул қосыққа түсинбегенлигимди жасыра алмадым. Бир сапары өзине айттым.

— Адамның көзи қамасыўы мүмкин, тиси қамасыўы мүмкин, кирпиги қамасқанды қаяқта көрдиң? Ал, «ашықлар Сәўле, Гүлайым, Әнжимдей ашығыў ярың» дегенге қалай түсинемиз? Сәўле менен Әнжим деген ашықлық тымсалы болған қызлар қайсы дәстанда бар?

Дәлибай:

— Шайыр жазды, композитор нама шығарды, мен айттым, — деп қутылды.

Ақыры, олай болмайды дә! Шайыр менен композитор тасада қалады, (мениңше, бул қосықтың авторы да бурын қосық жазып жүрген шайыр болмаса керек) қосықшы тыңлаўшы менен жүзбе-жүз келеди. Өзбек эстрада жулдызларының бири телевидениеде интервью бергенде:

— Мен қосықты мәнисине қарай таңлайман, айырым жағдайларда өзимниң қыялыма жақсы бир пикир келип қалса, оны шайырға айтып қосық жаздыраман ҳәм сөзине сәйкес ритмдеги нама ушын буйыртпа беремен, — деди.

Тыңлап ҳәўесим келди. Бизиң қосықшыларымыз қашан усындай етип сәўбет өткерер екен?

Айта берсек, бундай мысаллар дым көп. Ҳүрлиман Тилеўмуратова деген жас қосықшы қызымыз бар. Оның «Ашықсаң мен билемен» деген қосығы ҳәмминиң ядында болса керек. Қосықшының өзи де усы қосық пенен танылды. Тыңлап турсаң, уйқасы сондай жақсы, қуйылып келип тур, намасына да гәп жоқ. Енди қосық қатарларын дыққатлырақ бир оқып көрейик:

Бизиң аўыл, қалада,
Дәстүр деген қала ма?
Ҳалқымыздың әдети,
Жеңге болсын арада.

Халықта әдет болмайды, халықта дәстүр болады, ырым болады ҳәм т.б. «Әдет» деген сөздиң өзи унамлы иске айтылмайды. Мәселен: «Соның сондай әдети бар-әй», «сен бала усы әдетиңди қойсаң-о» ҳәм т.б. Соның ушын бул куплеттиң кейинги еки қатарына мен былайынша дүзетиў берген болар едим:

Бурынғыдан қалған жол,
Жеңге болсын арада.
Тағы усы қосықтан қатарлар:
Еле жуўап айтпадым,
Бул сөзимнен қайтпадым.

Айтпаған болсаң «сөз» қаяқтан келип шықты? Оның орнына «бул пикиримнен қайтпадым» дегенде үйлесимлирек болар еди.

Бахтияр Есемуратов басқарған «Жигитлер» топарының мынадай қосығы бар:

Дүньяда не сулыў бар,
Жүзлеринде жылыў бар,
Сендей болса сулыўлар,
Жигитте не әрман бар?

Былай қарасаң, уйқас деген қуйылып келип тур, нама ырғағы да жақсы, сөзлеринде де киси елестиргендей кемшилик жоқ. Лекин, мәнис қайда? «Жүзлеринде жылыў бар» деген қатар не мәнини аңлатады? Әйтеўир, жүзинде жылыўы бар қызларға қосық жазыла бере ме? Ол журттан айрықша

болмаса, гөззаллығы менен, шын муҳаббаты менен жигитти мәжнүн қылмаса, ондай қызларға қосық жазыўдың зәрүрлиги не?! Өз-өзинен көринип тур, бул қатар уйқас ушын алынған. Өкинишке бола, соңғы ўақытлары қуры уйқасқа қурылған, «төрт аяғын тең басып тура алмайтуғын «қосықлар» жүдә көбейип кетти.

Пикирден пикир туўылады. Бир күни үш-төрт жигит болып радио тыңлап отырсақ Мақсет Өтемуратовтың атқарыўындағы «Назлы» қосығы берилди. Ҳәммемизден бетер режиссёр Бәўетдин Баймурзаев дыққатлырақ болып тыңлап отырды.

— Әй, еле дүзетпепти-әй, — деп басын шайқады кейин.

— Нени?

— Мен Мақсетке айтып-ақ едим, «бәддиўалы болып қалдым», деген қәте, «бәддиўа» деген сөз «ғарғысқа ушыраған», «қудай ғарғаған» деген. Дәстанда олай емес ғой, «Бәндиўана болып қалдым» яғный, бул «саған бәнт болып қалдым», «сениң ышқыңа жипсиз байландым» деген сөз деп.. «Яқшы, яқшы» деди дә, бирақ еле ислемепти.

Бегис Темирбаевтың Ибрайым Юсупов сөзи менен айтылатуғын «Йош деген жаман нәрсе» деп басланатуғын бир қосығы бар.

Йош деген яман нәрсе,
Көрмегенге таң нәрсе,
Қосық тыңлағың келсе,
Азырақ йош бер бизге.

Қосықтың сөзи де, намасы да жүдә жақсы жазылған. Атқарыўшының шеберлигине де гәп жоқ. Лекин, бул қосық айырым ўақытлары жазыўшы, шайырлардың пикир таласларына себепши болды.

«Йош неге жаман?!» Бул жерде жаман деген мәниде емес, «яман» деп көтермелеп айтылған» деген талқылаўлар айтылды. Бул гәплер қосықшының қулағына барып жеткен қусайды. Бир концертте:

Йош деген жаман нәрсе,

Көрмегенге таң нәрсе, деп айтып шықты. Ал, енди бул өзгерис дым турпайы еситиледи екен. Оннан да сол «Йош деген яман нәрсе» дегени жақсы еди. Ақыры, «жаман» деген сөз бул жерде «ҳақыйқый жаман» деген мәнисти аңлатып тур еди. Болмаса Ибрайым аға «Йош деген жаман нәрсе» деп жазыўды билмегенди деп пе едиңиз?

И. Юсуповтың «Аңламас» қосығына қайсы қосықшы айтпасын:

Суў излеп ылақса жаралы жайран,

Өзи суўсап атқан шөллер аңламас, деп бузып айтады. Сулыўлық тымсалына айланған бул жәниўардың аты ҳәтте биологиялық терминде де «жайран» емес, «жәйран» деп, көбинесе әдебий тилде «жейран» деп сулыў етип айтылады.

Сондай-ақ, Рашид Хожасовтың атқарыўындағы «Сүймегенге сәлем жоқдур» қосығында да «а» менен «ә» ниң орны алмасып, қосықтың сәнин қашырып тур.

Рашидтиң атқарыўында:

Сулыўлықта сениң менен,
Бас байласар сәнем жоқдур.

Ал, дурысында:

Сулыўлықта сениң менен,
Бәс байласар сәнем жоқдур.

Ақыры, «бас» пенен «бәс»тиң парқы аспан менен жер шелли ғо. «Сулыўлықта сениң менен бәсекиге түскендей сулыў жоқ» деп тур бул жерде.

Кейинги ўақытлары намаларды қайта ислеп, оранжировкалап тыңлаўшыға усыныў дәстүрге айланды. Бул — заманның талабы. Бир неше саз әсбапларын түрли усылда ойнатып, оған компьютер жәрдеминде рәңбәреңлик берип сахнаға алып шықса қосыққа оғада көрик береди екен.

Еки мыңыншы жыллары бир жаңа жыл көрсетиўинде Лариса Масколёва «Қарақалпақтың неси бар» деген қосықты жаңадан оранжировкалап айтып шығып, пүткил Өзбекстанлы қосық ықласбентлерин аўзына қаратты. Бул қосық бизде әлле қашаннан бар еди, лекин, хеш кимниң дыққатын өзине тарта алмады. Ларисадан кейин тойда да, концертте де, телевидениеде де ҳәмме усы қосықты айтып шығыўға ҳәўес болды. Ҳәтте, айырым халық артистлеримиз де оған еликлеўден тартынбады. Бирақ, бәрибир Лариса бола алмады. Соңында қойды.

Өзбек эстрада жулдызы Азадбек Назарбеков «Айсанем» қосығын жаңаша усылда жаңғыртып, бул қосықты қол жетпес бийикке алып шықты.

Жақында Ҳосила Рахимованың Әжинияз сөзи менен айтылатуғын «Яр қайдасаң?» қосығын тыңлап ҳайран қалдым. Бул қосықты Гүлхатийша Айымбетова көп жылдан бери айтар еди ғо, неге ол Ҳосиладай болып дыққатымызды жаўлап ала алмады? Бәлким, «бизиң қосығымызды басқалар айтып шыққаны ушын сондай тәсир қылады» деп айтыўшылар табылып қалар. Мен оған қосылмайман. Музыкада, қосық атқарыў ҳәм оны жеткерип бериў шеберлигинде миллет биринши орында турмайды. Дурыс, басқалар сениң тилиңдеги қосықты кәмине келтирип айтып атырса қуўанасаң, мақтанасаң! Бирақ, екинши жағынан адамға батады-әм дә! Неге бизиң қосықшыларымыз сол

дәрежеге жеткере алмады?! Наманы қайта ислеп заманагөйлестиретуғын композиторларымыз қаяқ-та? Усылай ислесе болады екен ғой! Наманың да, қосықтың да шырайы шығады екен! Дурыс, наманы оранжировкалаў кейинги ўақытлары бизде де дәстүрге айланып атыр. Бирақ, мәселе оның қандай ислениўинде. Қулаққа жағымлылығында! Тыңлаўшыны өзине тарта билиўинде! Қарақалпақстан телевидениесинде жақыннан бери кескин өзгерислер жүз берди. Қосықлардың бәри дерлик жаңарды. Ташкент студиясында жазылған қосықлар, жаслар атқарыўындағы қосықларға исленген клиплер әдеўир баршылық екен. Бунысы қуўанышлы. Лекин, тыңлағанда жүректи «дыз» еттиретуғын қосықлар жүдә аз дә! Ҳәзирше бул клиплер бизиң көзимизди ғана «алдап» тур. Егер кеўил дүньямызды жаўлап ала алмаса ол қосықлар узаққа бармайды.

Қоңыратлы композитор ҳәм шайыр Зәрипбай Халмуратов кейинги онлаған жыл ишинде қобыз намаларын эстрадаға қосып әжайып жаңаланыў иследи. Буған қосыла «Жигитлер» топары да қобызды эстрадаға алып шықты. Бул бир жағынан жаңалық! Лекин, унамлы жаңалық болды ма екен? Мен өзим бул сораўға белгили баслы жуўап бере алмайман. Себеби, эстрадаға түсирген қобыз намалары айтыўы жағынан жеңиллесип, ритмлери бузылып баслады. Қобызды «кийели саз әспабы» деп билемен. Оны тыныш қойғанымыз мақул шығар.

Кейинги ўақытлары миллий қосықшылық өнерин жетилистириў орнына биймәни сөзлерге жазылған намалар, қосықлар көбейип атыр. Оларға «қой дейтуғын хожа жоқ». Соның себебинен «Жан дүньясы бай жигит», «Бийтаныс қыз хабарлас»,

«Саясында отырсам талдың», «Даңғыр-дуңғыр дәрўаза» сыяқлы сайыз қосықлар жүдә «балалап» кетти. Усындай қосықларды тәртипке салыў мақсетинде өткен жылы телевидениеден «Қосықлар қанат қаққанда» деген бир көрсетиў берилди. Жүдә жақсы, әдил ҳәм ашшы пикирлер айтылды. Қосыққумар жәмийетшилик бир силкинип алды. Бунық кейнинде жуўмағы болар, мәдeният министрлиги, жазыўшылар ҳәм композиторлар аўқамы, радио телевидение басшылары отырып, мәселеге еле де жақынырақ жантасар деп күттик. Жоқ! Тыр-тым! Қулаққа урған танадай!

Баяғыда бир қатал сыншыға бир шайыр:

— Өзиң еки қатар қосық жазып билмейсең, және сын тағасаң, — деп өкпелеген екен.

Сонда жаңағы сыншы:

— Мен дийқан емеспен, лекин, қаўынның мазасын ҳәр қандай дийқаннан жақсы билемен, — деп жуўап берипти.

Сол айтқандай, мен де қосықшы я композитор емеспен. Лекин, бизиң қосықшылық өнеримиздиң заманға тең аяқ қоса алмай атырғанлығын, оған қоса биз тыңлаўшылардың да бийпарўа болып баратырғанлығымызды көрип биле турып, усы мақаланы жазбаўға тақатым шыдамады. Егер, айырым пикирлерде натуўры жуўмақ шығарған болсам, алдын ала кеширим сорап қояман.

*2012-жыл.*

## «ҚЫСҚА ЖАЗЫП, КЕРЕК ГӘПТИ АЙТЫЎ КЕРЕК»

### журналист Пердегүл Хожамуратова менен сәўбет

**Сораў:** — Халық Сизди жазыўшы, драматург, сценарист, журналист, шайыр, басшы сыпатында таныйды ҳәм ҳеш қайсысында да нәменТайлар қатарында болмағансыз. Әдетте, адам дөретиўшиликте салалар бойынша қанша «универсал» болғаны менен қәлбине жақыны болыўы тәбийғый. Жазыўшылықты айтпағанда, солардың қайсысына бүйириңиз көбирек бурады?

**Жуўап:** — Бақлаўыңыз ҳәм баҳаңыз ушын миннетдаршылық билдиремен. Расын айтсам, сизиң саўалларыңыздан кейин бираз ойланып қалдым. Ҳақыйқатында да, ашкөзлик қылып, «универсал адам»ға айланып қалмадым ба екен? Бир емес, бир-еки кемениң басын услап батып-шүмип жүрген жоқпан ба? Болмаса, сиз санап өткен тараўлардың қайсысы жүрегиме жақын? Билмедим… Бир-биринен айырып ала алмадым. Журналистика маған балалығымнан жолдас. Дәслепки мақалаларым еле мектеп партасында отырған ўақытларымда шыққан. Сол ўақытлары ғазетадан қыйып алған мақалаларымды жақынға шекем сақлап жүрдим. Дурыс, кейинги ўақытлары журналистикаға сийрек жантасаман. Себеби, бул тараў бәрқулла жаңалықты талап етеди. Буған мениң хыз-

мет бабымда ўақтым бола бермейди. Бул демек, бүйирим бурмайды деген сөз емес.

Ал, драматургияны сүйемен. Быйыл дәслепки комедиямның жазылғанына отыз жыл болған екен. Егер, бул тараўда «атым шыға шапқанда» жылына кем дегенде бир пьеса жазып турған болар едим. Өзи бул тараўда әзел-әзелден киятырған «кеселлик» — океанда ылай суў менен тынық суўдың бир-бирине қосылмай турғанындай, драматург пенен режиссёр хеш ўақытта тил табысқан емес. Драматург өзин театрға мийман сыпатында сезеди, режиссёр «театрдың обал-саўабы тек мениң мойнымда» деп түсинеди, актёр болса режиссёрға жалтақ. Нәтийжеде бизиң жергиликли драматургиямыз «Аққуў, Шаян ҳәм Шортан» тартқан арбадай, бир жерде узақ турып қалып атыр.

Ал, киносценарий болса, зәрүрликке байланыслы жазылатуғын шығарма. Ҳәзир мениң «басымда» үш көркем фильмниң сценарийи «жазылып» тур. Зәрүрлик туўылса, қағазға түсирип беремен.

Басшылыққа келсек… Бул жанр емес, ўазыйпа. Мен бул ўазыйпаны маба ямаса ҳәмел гүрсиси деп түсинбеймен. Лаўазым — мен ушын өз идеяларымды әмелге асырыўға керек. 1991—1994-жыллардағы «Арал» журналында иске асырған идеяларым мени мәмлекетлик баспаларға алып келди. Ондағы исленген ислер, «Қарақалпақфильм» де экранға шыққан бир қатар көркем фильмлер, «Билим»де жарық көрип атырған классикалық әдебиятлар, булардың ҳәммеси иске асқан идеяларымның жемиси. Ойлаған идеяңды биреўге түсиндирип жүргеннен көре, оны өзиң әмелге асырғаның жақсы-дә!

Қулласы, сиз сораған тараўлардың ҳәммеси мениң жүрегиме жақын. Ҳәммесине теңдей бүйирим бурады.

**Сораў:** — Хабарымыз бар, Сиз дәслеп районлық газетаның «кухня»сында мәлим дәрежеде писип, қәлемиңиз ысылған. Муратбай Нызанов болып жетилисиўиңизде журналистиканың тәсирин сезесиз бе?

**Жуўап:** — Дурыс, мен мәлим дәрежеде районлық газетаның «қазанында пискенмен». Лекин, шаларақ пискен болыўым мүмкин. Ҳақыйқый журналистиканың мектебин «Еркин Қарақалпақстан»да өттим. Онда мен қысқа жазыўды, керек гәпти айта билиўди, көмпек сөзге қызығып «отлап кетпеўди» ҳәм сиясий сезгирлик пенен жазыўды үйрендим. Усы төрт қағыйда мениң кеўлимде мөрленип қалды. Мениң Муратбай Нызанов болып танылыўымдағы дәслепки фундамент усы жерден басланған, ал, қалған жағы телевидениениң арқасында.

**Сораў:** — Баспаның директоры сөздиң қәдирқымбатын, шайыр-жазыўшының талантлы-талантсызын, басып шығарып атырған китапларының халыққа керекли-керексизин терең түсине билетуғынынан әдебият, китапсүйер қәўим утады. Сиз басқарып атырған «Билим» баспасы соңғы ўақытлары сабақлықлар менен қатар уллы шайырлар — Әжинияз, Мақтумқулы, И.Юсуповтың өлмес шығармаларын қайта китап етип басып, халқымызды қуўандырмақта. Ҳәзирги ўақытта қолымызға тийип атырған китаплар, жазғанларының сапасы болмаса да пулы бар жазыўшылардың дәўраны кем-кем артта қалып киятырғанын дәлилле-

мекте. «Билим» баспасының алдағы жобаларында және қандай итибарлы ислер бар?

— Қәне енди, баспаның есап бетинде 100 миллион сум пулым болса! Китап дүканларын қарақалпақ әдебиятының дүрданалары менен толтырып таслар едим. Китап саўдасы да оннан кейин ойға жумалаған арбадай, зырлап кетер еди.

Ҳәзир биз типографиялар менен «атаң жақсы, енең кейўаны» әдисинде ислесип, Мақтумқулыны да, Әжинияэды да, И.Юсуповты да тәўекелшилик пенен несийеге шығарып атырмыз. Бул мәселеде биз көбирек китап оқыўшыларға — халыққа исендик. Исенимимиз босқа кетпеди, шыққан китаплар шыққандай өтип атыр. Әжинияздың «Бозатаўлы нәзелим»и түўесилип қалды, Ибрайым ағаның «Пазыйлет»ин екинши мәрте басып шығардық. Ҳәзирги ўақытта «Шешенлик сөзлер»диң базары қызбақта.

Ал, пулы барлардың китап шығарыў мәселесине келсек... Бул — ўақытша қубылыс. Мода! Ўақты келип бул «мода»лар гөнереди. Пулы барлар бундай «хобби»ден зеригеди. Яки, таланты «таўсылады». Ал, ҳақыйқый әдебият қум ишинде жалтырап көринген алтындай жарқырап шыға береди.

Баспа жақын ўақытлар ишинде Шыңғыс Айтматовтың «Қызыл шалғышлы дилбарым», Узақбай Пиржановтың «Ақ тал астындағы ақшам» повестлерин, Аббаз Дабыловтың «Баҳадыр» дәстанын, Күнхожаның, Өтеш ҳәм Омар шайырлардың қосықлар топламын, Төлепберген Мәтмуратовтың «Лирика»сын, Төлепберген Қайыпбергеновтың «Тәнҳа өзине мәлим сыр» повестин, Ибрайым Юсуповтың «Пазыйлет»ке кирмеген қосықларынан және бир

топлам, Әскербай Әжиниязовтың қосықлар гүлдәстесин басып шығарыўды режелестирмекте...

Мени бир нәрсе тәшўишлендиреди, жасларымыздың арасында «мен повесть жазып едим», «мениң романым бар еди» деген талантларды көрмей атырман. Бул барыста қарақалпақ әдебиятының келешеги қандай болады...

**Сораў:** — Жәмийетте болып атырған өзгерислер бойынша жүйели пикир керек болса, журналистлер жийи-жийи Сизге мүрәжаат ететуғыны бар гәп. Газета-журналлар өмириниң ажыралмас бөлегине айланып қалған инсан сыпатында бүгинги қарақалпақ журналистикасы бойынша да пикириңиз бенен ортақлассаңыз.

**Жуўап:** — Бүгинги қарақалпақ журналистикасы оғада көп ат қосылған айлаўдың арасында баратырғандай. Олардың арасынан суўырылып шығыў жүдә машақат. Лекин, халқымыз бәрибир өзиниң миллий журналистикасын көп ишинен таныйды ҳәм айырып алады.

Мен кәсиплес сыпатында бүгин бул тараўдың айырым пидайыларын атап өтким келеди. Жағымпазлық емес, теманы ашып бериўдеги сизиң журналистлик жантасыўыңыз, Өмирбай Өтеўлиевтиң жазыўшылық фантазия менен тема таңлаўлары, Арыўхан Турекееваның ҳаял-қызлар темасындағы актуал мақалалары, телевидениеде Динара Алламбергенованың ҳуқықый темадағы тужырымлы пикирлери, Роза Ҳәмидованың дәўир қаҳарманларының характерлерин ашып бериўлери, Гүлжәҳән Тәжетдинованың нени жазыў кереклигиндеги объект таңлаўларын басқаларға өрнек етсең арзыйды. Булар — «оқылатуғын мақалалар», «тамашаланатуғын телекөрсетиўлер».

Бирақ, бул нәрселер менен шекленип қалыў жеткиликсиз. Айырым еллерде журналистлердиң мақалалары китап болып басылып шығады. Демек, олар сөз еткен темалар узақ жылларға актуаллығын жойтпайтуғын ямаса дәўир өтсе тарийхқа айланатуғын мақалалар. Әне, усы нәрсеге умтылыўы керек бизиң журналистлеримиз.

Соны да айтып өтким келеди, жас журналистлеримиз тек бүгинги күн менен, әтирапындағыларды ғана көрип жасап атырғандай. Заманымыз қанша илгерилеп кетти, республикамыздағы тараўлардың өсиў тезлигин көз илмейди. Усыларды уқшатып тәрийплеп беретуғын саўатлы мақалалар аз, Шарап Уснатдинов, Гүлистан Матьякубовалардай есилдирип публицистика жазатуғын жаслар көринбей атыр…

**— Баҳалы пикирлериңиз ушын рахмет.**

*2015-жыл.*

## СОЛ ҲӘСИРЕТЛИ ЖЫЛЛАР

### (Өзбекстан халық артисти Хусан Шариповтың еске түсириўлеринен )

### Бир түп алма

Әкемиз урысқа кетти. Үйде анам, мен ҳәм мен-нен үлкен әжағам үшеўмиз қалдық. Жүдә қыйын, жетпесинли жыллар еди ол жыллар. Ҳәмме нәрсе фронтқа — азық-аўқат та, кийим-кеншек те. Нанды жан басына өлшем менен талонға берер еди. Ыссы аўқат былай турсын, нанға тойып көргенимиз жоқ сол жыллары. Оның үстине, сол граммлап сататуғын нанға да үйде пул табылмай қалар еди.

Ҳәўлимизде бир түп алма бар еди. Анамыздан кейинги «анамыз» еди ол бизиң. Алманың писиўин ҳәммемиз асығып күтемиз. Пискеннен кейин оны анам бир данасын да қалдырмай терип алып, аршаға салып қулплайды. Нанға пул керек болғанда соннан онлағанын базарға апарып сатады, пулына нан алып қайтады.

Алманың ийиси бизиң танаўымызды қытықлайды. Сонда-ай жегимиз келеди, лекин, шыдаймыз! Себеби, алма тамақ болмайды, бул алмалар ертең нан болады. Нанның орны басқа. Биз әжағам екеўимиз алманың ийисине тойып уйқылаў ушын аршаның үстинде жатыўға таласар едик.

Үш жетим (анамыз бенен) ҳәр күни жолға қараймыз. Нәлетий урыс тамам болатуғын емес.

Әкемизден болса хабар анда-санда келеди. Соған қарағанда хат жазыўға да қолы тиймей урысып атырған болса керек.

Урыс бизлерди тез есейтти. Сөйтип жүргенде бир күни «урыс тамам болды, жеңиске еристик» деген қуўанышлы хабар келди. Көп узамай әкемиз де фронттан қайтты. Бул ўақытларға келип алма ағашының шақалары жоқарыдан төмен қарай қуўраўға қараған еди.

Бир күни әкемиз алманы түбинен шапты. Сол күни анамыз мәҳәлледе бир мерекеге кетип еди. Түс аўа мерекеден қайтқан анам шала қуўраған шақалары ҳәўлиниң есигине қарай созылып атырған алма ағашын көрди де, босағаның аўзында отырып қалып еңиз-теңиз жылады. Ағам ҳәм бизлер оны көп ўақытқа шекем жубата алмадық. Неге жылағанын айтыўға да тили гүрмелмес еди.

— Неге... неге шаптың?!!! — деди әллен ўақта зорға тил қатып.

— Қуўрай баслаған екен... — деп гибиртикледи ағам.

— Ақыры... ақыры бул алма бес жыл бойы балаларыңызды бақты ғо! Сениң перзентлериңди ашлықтан аман алып шықты ғо!

Сонда ағам анама қосылып үнсиз жылады ҳәм анамның алдында диз бүгип кеширим сорады.

*06.05.2017-жыл.*

## Шаппат

Балалығымыз урыс ҳәм урыстан кейинги қайта тиклеў дәўирине туўра келди. Бизлер айлап-жыллап жаңа кийим киймес, қарнымыз тойып аўқат жей алмас едик.

Бизиң мектебимиз ҳәзирги Муқимий театрының қасында салма бойында бөлды. Оқыўшылардың ишинде Ғафур Ғуламның қызы Алмас таза кийинер еди. Шайырларда пул көп болатуғын болса керек тә! Бирақ, оған бизлердиң ашыўымыз келер еди. Балалық кеўилдиң қызғанышы ма, билмедим.

Бир күни шоқлыққа салып, сабақ ўақтында Алмастың узын шашларын артқы партаға байлап тасладым. Тәнеписке қоңыраў қағылып, орнынан тура бергенде шашы тартып қалды. Ол жылаўы менен мектептен шығып үйбетине кетти. Ғафур Ғуламның үйи мектептиң түбинде еди.

— Ким мениң қызымды қапа қылған? — деди тәнеписте ойнап жүрген бизлерге жақын келип Ғафур Ғулам.

— Мен! — дедим.

— Буяққа кел!

Барғаным сол, шекеме бир шаппат урды. Мен зыңғып кейин қарап қаштым да, анадай жерге барып талтайып турып ўа-ҳа-ҳалап күлдим.

— Ҳә, неге күлесең? — деди Ғафур Ғулам.

— Мени Ғафур Ғулам урды ғо! Кимсең — Ғафур Ғулам! Ғафур Ғуламның шаппаты…

Ол ашыўы тарқап, мыйықтан күлип, үйбетине қарай кетти. Бәлким, сол шаппаттың шарапаты шығар — мен ел таныған актёр болдым.

*06.05.2017-жыл.*

## «БИР ГӨММЕ АЛТЫН ТАЎЫП АЛДЫМ»

### журналист Гүлжәҳән Тәжетдинова менен сәўбет

**Сораў:** —Муратбай аға, көптен бери сиз бенен сәўбетлесиўди кеўлиме түйип жүрген едим, бүгин мине әўмети келди. Сизди «жол үсти саўаллар» менен әўере қылмай, жазыўшылық лабораторияңызға кирип барсақ...

Бир ўақытлары Ш.Уснатдинов сизиң дөретиўшилигиңиз ҳаққында «Атлыға жеткермес пияда» деген мақала жазды. Бул дурыс баҳа еди. Ҳақыйқатында да, сиз көп жазасыз, буны ҳәмме биледи. Ал, көп оқыўға ўақыт таба аласыз ба?

**Жуўап:** — Мен өзимниң нәзеримде, онша көп жазып атырман деп ойламайман. Әтирапымда прозаиклер азайып кеткенликтен тасырайып қалған шығарман.

Ал, көп оқыў мәселесине келсек, бул мениң ада болмайтуғын әрманым. Әсиресе, өзим китап дүкан шөлкемлестиргенли берли бир гөмме алтын таўып алғандай ханама сыймайман. Әттең, оның бәрин оқып шығыўға ўақтым жетпейди. Соның ушын таңлап-таңлап оқыйман.

**Сораў:** — Набада қолыңызға көркемлиги пәс шығарма түсип қалса, оны ақырына шекем оқып шығыўға шыдамыңыз жете ме, яки жаўып қоясыз ба?

**Жуўап:** — Бундай жағдайда мен еки мақсетти алдыма қояман: биринширси, жаман жазбаўым

ушын жаман шығармаларды да оқып турыўым керек, екиншиси, бәлким, ақырына дейин әжайып бир пикир шығып қалар деп үмитленемен.

Көбинесе екинши үмитим ақланбай қала береди.

**Сораў:** — Шығармаңызға басқалардың пикир билдириўин, баҳа бериўин күтесиз бе?

**Жуўап:** — Күтемен. Әпиўайы китап оқыўшылардан күтемен. Лекин, ҳеш кимнен «мениң шығармамды оқыдың ба?» деп сорамайман. Жақын досларыма да, туўған-туўысқанларыма да, ҳәтте, перзентлериме де «мениң мынадай шығармам жәрияланды, яки мынадай китабым шықты, оқып көриң» деп айтпайман. Өзлери оқығысы келсе оқыйды. Оқымаса да, яки оқып болып баҳа айтпаса да өкпем жоқ. Кеўлим ушын оқып, кеўлим ушын билдирилген баҳаны бәрибир сезип тураман. Ол баҳалардан мен не арттыраман?!

**Сораў:** — Сизди сыртыңыздан «исбилермен жазыўшы» деп те атайды, қулағыңыз шалғандур бәлким?

**Жуўап:** — Билемен. Бурынғы аўқамның ыдырап атырған дәўиринде биринши болып «Арал» журналын аштым, 1991-жылы. Ол ўақытта Өзбекстанда бир де еркин баспа сөз жоқ еди. «Шортанбай» хожалығының берген дәслепки он бес мың сомы менен басланған истиң тоқтап қалмаўы ушын арқадағы ҳәм батыстағы районларда бармаған хожалығым қалмады. Нәтийжеде, бир жылдың ишинде журнал аяққа турды. 1992-жылға келип басылымның нусқасы он бес мыңға жетти. Бундай нусқаға сол ўақта республикадағы ҳеш бир басылым ерисе алмаған еди. Мине, сол жуўырып-жуўырып маған «исбилермен жазыўшы» деген лақапты берген болса керек.

**Сораў:** — Сизиң дәслепки жазғанларыңызға қарағанда соңғы шығармаларыңыздың салмағы артып атырғанлығын бир аўыл адамынан еситип қалдым. Буған өзиңиз қандай пикирдесиз?

**Жуўап:** — Белгили өзбек жазыўшысы Абдулла Қаххар «Жазыўшы виноға усайды, вино қанша көп турса, сонша қуўаты артады, жазыўшы да жас минген сайын тәжирийбе топлап, жақсы жаза баслайды» деген еди. Бул саўалыңызға Абдулла Қаххардың усы ҳикметли гәпи жуўап болады деп ойлайман.

**Сораў:** — Ядыма жақсы салдыңыз, дүнья жүзи классиклериниң көпшилиги дерлик жоқарыдағыдай ҳикметли сөз қалдырған. Неге бизиң жазыўшы-шайырларымыздан сондай даналық пикирлер қалмаған?

**Жуўап:** — Бар. Қалдырған! Биз өзимиз елестирмеймиз. Мәселен, Әжинияздың:

Қасқалдаққа бир ағары май питсе,
Ғаңқылдасып қонар көлин танымас,
Патшаның дәўлети қайтайын десе,
Көзине май питип, елин танымас

деген қосық қатарлары сиз айтқан қайсы классиктиң пикиринен кем? Зыят болса зыят, кем емес. Ямаса, оның «Бул дүньяның көрки адам баласы» деген қатары, Бердақтың «Дизеңди сызлатып мийнетин шегип, жеген бир зағараң палдан жақсырақ» деген қатарларын алайық.

Ҳаслында, биз «ҳикметлер ғәзийнеси»нен терип алып, силтеме берип жүрген гәплеримизди де олар «даналық пикир айттым» деп жазбаған. Бул қатарлар олардың шығармаларынан яки мақалаларынан алынған болыўы мүмкин дә, оларды кейинги әўлад көкке көтерип жиберген болса итимал.

Белгили түрк жазыўшысы Азиз Несин Шекспир ҳаққында былай дейди: Шекспир өлериниң алдында «Айнаны кеңирек ашып қойың» деген екен. Оны соңғылар «Дүньяны еле де кеңирек көргим келип тур», «дүньяның гөззаллығына тоймай баратырман» демекши болған деп өзлеринше жуўмақ шығарады. Бәлким, ол қысталып, дем жетпей атырған шығар, ояққа барсам Шекспир афандини таўып алып сорайман деп ҳәзил етеди.

Әлбетте, бул сатирик жазыўшының ҳәзили. Шекспирдиң талантына шек келтире алмаймыз. Ол қатардағы бир драматург болганда сонша әсирлерден асып бизиң күнимизге дейин жетип келер ме еди?

**Сораў:** — Кеширерсиз, мен бул сораўды бергенде кешеги күнлери арамыздан кеткен, яки болмаса ҳәзир арамызда бар жазыўшылардан ҳикметли сөзлер тәме етип айткан едим. Сиз Әжинияз, Бердақтың дәўирине өтип кеттиңиз?

**Жуўап:** — Бар, ондай жазыўшы-шайырлар. Мәселен, Төлепберген Қайыпбергеновтың «Маманбий әпсанасы» романын оқысаңыз бизиң ата-бабамыздың соншелли данышпан болғанлығына қайыл қаласыз. Бирақ, сол дана пикирлер олардан жазып алып қалдырылмаған. Бул жазыўшының қыялынан дөреген ҳикметли сөзлер.

— Өмир деген не? — деп сорайды романда.

— Өмир бул — күлки менен көз жастың түйини, деген жуўап алынады.

Ҳақыйқатында да, инсан өз өмиринде күледи де, жылайды да. Мине усы еки психологиялық жағдайдың жетегинде адамның өмири өтеди.

Ибрайым Юсупов «Таяқтағы жазыў» деген бир қатар фразасында «Жаман достан таяқ жақсы»

дейди, ямаса, «Адам адамның қуяшы», «Ҳаялға сыр айтпаўшы еркек, бул дүньяда жоқ, яки сийрек...» Бул қатарлардың қай-қайсысы да көлемли романларға эфиграф бола алады.

Газеталарда оқып болмай турып умытылатуғын көп цитаталарды жыйнап шығарып турады. Оларды «пир» тутып, өзимизди жерге ура бериўди жақсы нәрсе деп есапламайман.

**Сораў:** — Жазыўшы халқы қызғаншақ болады деген пикирлер де бар. Сизиң пикириңиз?

**Жуўап:** — Қызғаныш — бул инсанның өз еркине бойсынбайтуғын сезим. Бул сезим тек жазыўшыларда емес, ҳәмме кәсип ийелеринде де болады. Бирақ, қызғаныштың да шеги болыўы керек. Ол шектен шығып кетсе күншилликке айланады. Кисини күнлеў менен оның ерискен жеңисин өзиңдики етип ала алмайсаң. Керисинше, өзиң сағалаяққа шығасаң. Әлбетте, дүньядағы ҳәмме адам қызғаншақ демекши емеспен.

Мениңше, қызғанбайтуғын адамлар — булар кеўли кең адамлар, олар кисиниң несийбесине көз алартпайды. Ал, уллы адамларға қызғаныш пүткиллей жат сезим. Себеби, олар өзиниң уллылығын биледи, оған теңлесип алыў ушын басқаларға еле көп заман бар екенлигин жаны сезеди, соның ушын да ол басқалардың өз дәрежесинде ерискен табысына пәрўа қылмайды.

**Сораў:** — Т. Қайыпбергеновтың дөретиўшилигине нәзер тасласақ, көбинесе өзи менен өзи, ямаса «адасы» менен сәўбетлеседи. Буны не деп түсинсек болады?

**Жуўап:** — Себеби, оның айтқысы келип турған пикирлерин «тартып аларлық» дәрежеде саўал беретуғын жазыўшы яки әдебиятшы болмады.

Журналистлердиң сыйқағы шыққан саўалларына интервью бергиси келмеди.

**Сораў:** — Мениң «сиз көп жазасыз» деген саўалымды бийкарладыңыз, олай болса сизиң жазбай қалатуғын күниңиз бар ма?

**Жуўап:** — Болады, әлбетте. Лекин, сийрек. Ондайда қолым алдыма сыймай қалады. Жақсысы, унамай қалып, жыртып тасласам да жазып турғанды жақсы көремен.

**Сораў:** — Соңғы пайытлары республика көлеминде өткерилип атырған әнжуман ҳәм бас қоспаларда көринбей атырсыз. Неге?

**Жуўап:** — Азымаз шегинис қылайық, буннан бес-алты жыл бурын үлкенирек лаўазымдағы басшылардың бири мени Абдулла Ариповқа: «бул бизиң критигимиз» деп таныстырды. Арипов әлбетте, мени жигирма-отыз жылдан бери таныйды. Бирақ, жаңағы таныстырыўдан кейин «ҳә-ә шунақа ма?» деп бир түрли болды. «Туўры айтсаң туўғаныңа жақпайсаң» деген, жазыўшы-шайырлар критикти онша жақтыра бермейди. Абдулла Арипов та мени «критика да жазатуғын болса керек» деп ойлап қалды ма деген қыял өтти кеўлимнен. Лекин, бул адамның «сатирик» пенен критиктиң парқына бармай атырғанлығын айтып қысындырғым келмеди. Бир заманлары Сайд Ахмад критиклерге мынадай пародия ислеген екен. Ташкент шәҳәр атқарыў комитети «Ахлатлар шаҳардан ташқарига чиқариб ташлансин» деген қарар шығарыпты. Оған Сайд Ахмад «критиклер ҳәм» деп қосып жиберип, пародия ислеген екен.

Сол сыяқлы мен де сатирикпен. Мени де ҳәмме нәрсеге «неғатив» көзқарас пенен баҳа береди деп шамалайтуғынлар бар шығар. Сиз айтқан әнжуман

ҳәм басқоспаларда сол себепли «умытылып» қалып қоя беремен.

**Сораў:** — Киносценарий жазыўда ҳәзирше сизге «конкурент» шыққан жоқ. Буны өзиңиздиң утысыңыз деп есаплайсыз ба? Неге өзиңизден озатуғындай етип шәкирт таярламадыңыз?

**Жуўап:** — Талант оқытыў менен, үйретиў менен жүзеге шықпайды. Ол жаратылыс тәрепинен берилиў керек. Өзинде жоқ талантты мен ҳеш кимге «заправка»лап бере алмадым. Болмаса, өзим ислеген дәўирде сценарийларға таңлаў да жәрияладық. Шықпады. Бәлким, келешекте шығып қалар.

**Сораў:** — Сиз өмирде қандай адамсыз, жазыўшылықта ше?

**Жуўап:** — Өмирде биймәлел адамман. Ал, жазыў столына отырғанда ғайбар кисиге айланаман. Ҳеш нәрсе көзиме көринбейди. Тек өзимниң қаҳарманларымның өмири менен жасайман. Солардың «кебине» кирип аламан. Егер кире алмасам, онда ол теманы ўақытша таслап қояман, яки биротала кешип жиберемен.

Сатиралық гүрриңлер жазыўға отырғанымда болса «мынаў биреўге уқсап кетер-аў» деген қорқынышты кеўлимнен шығарып таслайман. Себеби, өзим қорқып жазсам, шығармам өзимнен бетер қалтырап турады. Ондай шығарманы оқыўшыға пул берип-әм оқыта алмайсаң.

**Сораў:** — Шығармаңызды неше мәрте қайта ислейсиз?

**Жуўап:** — Қанша зәрүр болса сонша. Қысқа сюжетли шығарманы көбинесе мыйымда «демлеўин» жетилдирип болып қағазға түсиремен. Бул онша көп ислеўди талап етпейди. Ал, үлкен шы-

ғармалардың жолы бөлек. Сизге бул жөнинде бир сырымды айтайын, «изине қарағышлаған адамның жүриси өнбейди» деген гәп бар халықта. Сол сыяқлы «усы жерге дейин жазғанларымды бир оқып көрейин» деп бир айландым ба тамам, арман қарап жылжый алмайман. Оқып шыққан жағым өзиме унамай қалады да, бәрин бастан баслаўға туўры келеди. Соң және бир жағдай, жазып тамамламаған шығармам ҳаққында биреўге айтып берсем де, сол жерде тоқтайман. Оннан я кешип жибериўим, я қудиретим жетсе қайта бастан баслаўым керек болады. Соның ушын да, шығармама ақырғы ноқат қоймағанша сыр сақлайман. Бул мендеги ырым ба, әдет пе, билмеймен.

**Сораў:** — Қол жазбаларыңызды жыйып барасыз ба?

**Жуўап:** — Ол қаяққа сыяды? Қалаберди, мениң қол жазбаларыма ҳеш ким түсинбейди. Докторлардың рецептине уқсап кетеди. Соған түсинип, компьютерде терип берген қызларға разы болып кетемен гейде.

**Сораў:** — Шемби, екшемби күнлерин қалай өткересиз?

**Жуўап:** — Мен ушын «шемби, екшемби» деген күн жоқ. Үш жүз алпыс бес күн бирдей.

**Сораў:** — Умытпасам, 2017-жылдың басларында «Қайдасызлар, шайырлардың баллары?» деген күйиншеклик пенен жазылған мақалаңыз жәрияланған еди. Олардан жуўап болды ма?

**Жуўап:** — Айырымларынан. Ең биринши мәрте Нәжим Дәўқараевтың ақлық келини «атамның ҳәмме мийраслары менде, не ислеўим керек?» деп қоңыраў етти. Мен таярлап әкелиўин сорадым.

Ҳәзирше тым-тырыс. Кейинирек Қалий Жуманиязовтың қызы келди. «Ағам қартайған пайтларында «мен өлсем атым умытылады-аў» деп айта беретуғын еди, бирақ, илажым не китап шығарыўға пулым жоқ, муғаллиммен, бир айлық пенен жасайман» деп, әкесиниң аты шығып турғанын қәлейтуғынын билдирди. Мен оған ҳәзирше газеталарға берип турыўын, мәўрити келсе китабын да шығарып беремиз деп мәсләҳәт еттим. Жақында Кеңесбай Рахмановтың қызы Гәўҳар Рахманова ағасының баспа сөзде шықпаған қосықлары бар екенлигин билдирди. Таярлап алып келсе шығарып бериўге ҳәрекет қыламыз. Бул мәселеде ҳәзирше усылар.

**Сораў:** — Ҳәзир китап дүканларына кирсек жәҳән классиклериниң өзбекшеге аўдарылған қатар-қатар китапларын көремиз. Бизде бул мәселеге дыққат жоқ па, яки жазыўшыларымыз аўдара алмай ма?

**Жуўап:** — Бир ўақытлары жәҳән әдебиятлары дүрданаларын өзбек оқыўшыларының өз ана тилинде оқыўы ушын мәмлекетлик буйыртпалар берилген. Оған сол ўақыттағы атақлы жазыўшы-шайырлар, жаслар тартылған. Абдулла Қаҳҳар, Ғафур Ғулам, Миртемир, Абдулла Арипов, Еркин Ваҳидов ҳәм басқалар Гомерди, Гётени, Шекспирди, Толстойды, Достоевскийди, қулласы, бир неше онлаған классиклердиң шығармаларын өзбек тилине аўдарған. Бул аўдармалар тәкирар-тәкирар басылып шығарылып, бүгинги оқыўшылар ушын да хызмет етпекте. Бир жақсы жери, оларда усы дәстүр шынжырма-шынжыр даўам етип киятыр. Бизде бул мәселеге итибар кемлеў.

**Сораў:** — Сизге мәмлекетлик буйыртпа болса бул мәселеге қол урар ма едиңиз?

**Жуўап:** — Ырасын айтсам, аўдарма — оригинал шығарма жазғаннан қыйын ҳәм жуўапкерли. Қала берди, аўдармаға ўақтымды қыймайман.

**Сораў:** — Сәўбетиңиздиң ақырында дәстүрий бир саўал берейин — 2017-жылы көлемлирек не жаздыңыз, ҳәзир не үстинде ислеп атырсыз?

**Жуўап:** — 2017-жылы «Муҳаббат қосығы» деген бир роман жазып питкердим. Жақын арада жәрияланып қалар.

Ҳәзир еки киносценарий үстинде ислеп атырман, буны «Өзбеккино» миллий агентлиги сорады.

Бирақ, ол жазылып, қабылланып, иске түспегенше «қуўып жүргенимди алсам, және тоғызын усласам он болады» дегендей гәп.

— **Рахмет!**

*«Устаз жолы» газетасының*
*2018-жылғы №1 санынан.*

## ҚАЙДАСЫЗЛАР, ШАЙЫРЛАРДЫҢ БАЛЛАРЫ?

### (Арамыздан кеткен жазыўшы-шайырлардың перзентлерине Ашық хат)

Бул мақала 2016-жылы 28-ноябрьде жазылған еди. Айырым себеплерге бола ғазетада жәриялан-бай қалды.

«Албыраған үйрек алды-арты менен сүңгийди» дегендей, соңғы жылларда китап басып шығарыўда пайда болып атырған қатар машқалалар, әсиресе, XX әсирде жасап өткен, жақында ғана арамызда жүрген жазыўшы-шайырлардың атлары умытылып кетежағы, олардың шығармалары «екинши өмир»ин жасай алмай атырғанлығы мени ҳәм жазыўшы сыпатында, ҳәм китап оқыўшы сыпатында, ҳәм баспа хызметкери сыпатында тәшўишке салған еди. Бул шешими қыйын мәселеде дөретиўши инсанлардың перзентлерине қозғаў салғым келди.

2017-жыл 12-январьда Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтың «Китап өнимле-рин басып шығарыў ҳәм оны тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыў ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў және үгит-нәсиятлаў бойын-ша комиссия дүзиў ҳаққында»ғы бийлиги бизди көптен бери қыйнап келген бул машқаланы ашық-айдын шешип берди.

Президент бийлигин ҳәмме жазыўшы-шайыр-лар, баспа хызметкерлери ҳәм бәрше китапқумарлар

үлкен қуўаныш пенен күтип алды. Бул мақала өз гезегинде бийликти қоллап-қуўатлаў хызметин атқара алса жүдә бахтыярман. Соның менен бирге, дөретиўши инсанлардың перзенти болыў бахтын ҳәм жуўапкершилигин заманласларыма еслетип қойыў да артықмаш болмас деген ой менен газетада жәриялаўды мақул көрдим.

*Автор.*

«Таўлар узақласқан сайын бәлент көринеди» деген гәп бар халықта. Сол сыяқлы, жыл аралаған сайын арамыздан кеткен жазыўшы-шайырлардың да қәдир-қымбаты арта береди.

Өзиниң бай аўыз әдебиятына ийе халқымыз арасынан XIX әсирде Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Омар, Гүлмурат сыяқлы әжайып сөз зергерлери жетилисип шыққан болса, XX әсирде де бизиң миллий әдебиятымыз уллы талант ийелериниң ҳасыл дөретпелери менен байып барды. Тәғдирлери аласапыранлы дәўирге дус келген болса да, өткен әсирдиң басында әдебият бостанына кирип келген халықшыл шайырлар Аяпберген Муўсаев, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Сейфулғабит Мажитов, проза ҳәм драматургия жанрында қәлем тербеткен Нәжим Дәўқараев, Мырзағалий Дәрибаев, Асан Бегимов, Қасым Әўезов, Жолмурза Аймурзаевлар қарақалпақ жазба әдебиятының баслаўшылары болды. Олардан «Уллы совет мәмлекетин», оның «жолбасшысы» болған коммунистлик партияның сиясатын жырлаў ҳәм улығлаў қатаң талап етилсе де, гөшти қамырға орап «пельмен» еткендей, халық мәпин, халық дәртин қыйыннан қыйыстырып жырлай билди. Елиўинши жыллары хат таныўға миясар болған жасы үлкенлеримиз

Аббаз шайыр қәлеминен дөреген «Баҳадыр» дәстанын елеге дейин аўзынан түсирмейди. Әдетте, дәстанларды жыраўлар яки бақсылар ядлайды ҳәм оны жырлап, халықтың кеўлин көтереди. Лекин, «Баҳадыр» дәстанын үлкен-кишиге дейин бир оқығаннан ядлап алғанын ҳәзирги жаслар билмесе де, биз ҳәм бизиң заманласларымыз жақсы биледи.

Мырзағалий Дәрибаевтың аяқланбай қалған «Мыңлардың бири» повестин тәкирар-тәкирар оқығанбыз. Себеби, оған дейин қарақалпақ әдебиятында ири жанрдағы проза жоқ еди. Орысшадан яки басқа тиллерден аўдарылған роман-повестьлерге салыстырғанда, бул шығарма бизиң жүрегимизге жақын болды. Оның изин алып Асан Бегимовтың «Балықшының қызы», Караматдийин Султановтың «Ақдәрья», Жолмурза Аймурзаевтың «Қәмекбайдың ҳийлеси» романлары жарық көрди. Төлепберген Қайыпбергеновтың тарийхый романлары пайда болған ўақытта қарақалпақ прозасы кишкене жылға-сайлардан, буркып аққан мол суўлы дәрьяға айланған еди.

Әсирдиң белсенди әбедият ғайраткерлери болған шайырларымыз Тилеўберген Жумамуратов, Ибрайым Юсупов, Байнияз Қайыпназаров, Тәжетдийин Сейтжановлар қарақалпақ поэзиясын бурын көрилмеген дәрежеде байытты. Олар жазған дүркин-дүркин қосықлар, поэмалар оқыўшы журтшылықтың руўхый дүньясын тетиклестирди. Руўхый дүньясы бай инсан шайыр тәбиятлы, сөйлеў мәденияты жетилискен, сәўбетлесиниң дыққатын өзине тарта алатуғын, билимдан инсан болып жетилиседи. Бул билимданлық сөз жоқ, жәмийетимиздиң раўажланыўына хызмет етеди.

Алпысыншы-жетписинши жыллары қарақалпақ әдебиятына және топар-топар талант ийелери келип қосылды. Олардан Кеңесбай Рахманов, Төлепберген Мәтмуратов, Узақбай Пиржанов, Улмамбет Хожаназаров, Теңелбай Сәрсенбаев, қулласы, бул дизимди әдеўир созыўға болады. Олардың қәлеминен дөреген китаплар республикамыздың ҳәмме китап дүканларын толтырды, шығармалары мектеп сабақлықларына киргизилди, жоқары оқыў орынлары студентлери курс ҳәм диплом жумысларын жазды, әдебиятшылар сол шығармалар бойынша илимий мийнетлер дөретти. Әттең… Әттең, сол талант ийелериниң көпшилиги бүгин арамызда жоқ. Биз жетписинши жыллары жәрияланған Төлепберген Мәтмуратовтың «Турақлы адам» қосығындағы мына қатарларын еле умытпаймыз.

От жағар қолы күйип,
Кетпейди қуўсаң оны,
Бригад соны билип,
Бәрқулла жумсар оны.

Бундай «Турақлы адамлар» ҳәр бир аўылда бар. Соның ушын да бундай поэзияны «халықшыл» деймиз дә!

Кеңесбай Рахмановтың «Онлықлар»ына бир нәзер аўдарың:

Әкем кеште қосық айтса ыңылдап,
Кеўил хошлығының жақсы болғаны,
Анам шайын ишсе буйығып тыңлап,
Демек, дослығының жақсы болғаны.
Бақсы я жыраў жоқ туқымымызда,
Артист бола алмадық мен де, иним де,

Бизлерге туўысқан анаў үш қыз да,
Азлап қосық айтты тек жас күнинде,
Билмеймен, бизлерге сонша жағады,
Әкемниң кешкурын ыңылдағаны.

Теңелбай Сәрсенбаевтың «Шайда», «Сениң жаңа түскен күнлериң еди» қосықлары оның дөретиўшилигиниң ең бийик шыңы болды деп айтсақ арзыйды. Сол қосықларды оқып отырып, «бундай пикирлерди мен неге алдын айтпадым» деп ишлей «қызғанып» кеткенинди билмей қаласаң.

Сениң жаңа түскен күнлериң еди,
Күнниң де кешигип батып жүргени,
Таңның да асығып атып жүргени,
Сениң жаңа түскен күнлериң еди.

Үй толы адамлар шайға қулаған,
Олардың ҳәммеси сени сынаған,
Журт сынаған сайын маған унаған,
Сениң жаңа түскен күнлериң еди.

Қарақалпақстан халық шайыры Толыбай Қабулов уйқасқа «бенде» емес еди. Оған лирикада да, сатирада да қәлем тербетиў бирдей болды.

Бир басымда мыңсанеки уўайым,
Кир сабын жоқ, кирди қалай жуўайын,
Жоқты жамбасымнан жонаман деп-ақ,
Жүдеп сарғыш тартып кетти шырайым.

Тоқтап тур, пулымды санап алайын,
Табылса дүканнан тарақ алайын,
Уўайым-қайғыны умытпай турып,
Қалай мен «қаҳарман ана» болайын.

Совет дәўиринде «қаҳарман ана» болыў ҳаяллар арасында «жарыс» еди. Мине, усындай уйқаслары есилип келген, фольклорға жақын, халықшыл қосықларды оқыған ўақтымызда Ибрайым ағаның төмендеги қатарлары есимизге түседи:

Жулдызларды жерге үңилтпек болсаң,
Жаман шайырларды түңилтпек болсаң,
Егер мен өлгенде тирилтпек болсаң,
Айт, сен Әжинияздың қосықларынан.

Егер жоқарыдағыдай қосықларды оқып турғанда бүгинги күнде 10—15-қосық жаза сала китап шығарыўға асығатуғынлар, сәл өзине бағар еди. Буның менен биз жасларға «сизлер жазбаң» демекши емеспиз. Яр дегеннен китап шығарыўға яки жазыўшылар аўқамының ағзасы болыўға талпынбастан, алдын қосықларыңызды ҳақыйқый поэзия менен салыстырып көриң ҳәм өзиңизге-өзиңиз баҳа бериң, сөйтип кемшилигиңизди дүзеп алың демекшимиз. Бир ўақытлары айырым шайырсымақлардың «аўысық қосығың жоқ па, топлам шығарайын деп едим, жетпей атыр» дегенлерин де еситкенбиз. Қудай сақласын, дөретиўшилик «көмек салыў» яки қарыз алыў менен белгиленбейди ғой!

Бул мақаланы жазыўдағы мақсетимиз, лекин, басқа еди. Бүгинги күнде жоқарыда аты көрсетилген жазыўшы-шайырлардың китапларын я китап дүканларынан, я китапханадан, я үйлерден излеп таба алмайсаң. Тоқсаныншы жыллардан кейин туўылған ғәрезсизлик перзентлери оларды улыўма билмейди, шығармаларын көрмеген, оқымаған.

Өз дәўиринде оқыўшы журтшылығын дүрликтирген Т.Қайыпбергеновтың тулғалы романларын,

Ш.Сейтовтың төрт китаптан ибарат «Халқабад» эпопеясын, «Ығбал соқпақлары» романын, «Қашқын», «Көп еди кеткен тырналар» повестьлерин, Байнияз Қайыпназаровтың, Төлепберген Мәтмуратовтың, Кеңесбай Рахмановтың мөлдир суўдай тынық лирикаларын бүгинги жаслар оқый алмай атырғанына қатты ашынасаң, киси.

«Шайыр халқы еки өмир сүреди» деген гәп бар халқымызда. Бул әжайып инсанлардың арамызда жүргени кеше ғана еди! Неге енди олар екинши өмирин жасай алмай атыр?! Биз усы жерде сол әжайып талант ийелериниң перзентлерине азы-кем қозғаў салмақшымыз. Қайдасызлар?! Инсан перзентти дүньяға келтирип, оларды тәрбиялап, кәмалға жеткизгенде ертең мениң шаңарағымнан түтин түтетип отырсын, орнымды жоғалтпасын деп қалыс нийет етеди. Жазыўшы-шайырлардың орнын жоғалтпайтуғын бир ис—бул ўақты-ўақты олардың китапларын шығарып, кейинги әўладқа жеткизиў. Сонда олардың руўхы шад болады, шығармалары екинши өмирин даўам етеди.

Усы жерде тоқсаныншы жыллары Ғалым аға Сейтназаров пенен болған сәўбетимизди еслеп өтким келеди. Ол киси наўқасланыңқырап, дем алысқа шыққаннан кейин ҳәзирги дөңгелек театрдың алдындағы скамейкада Жолмурза аға менен жийи-жийи гүрриңлесип отырар еди. Биз былай-былай өткенде олар менен сәлемлесип, бир заман қызықлы әңгимелерин еситип кетер едик. Бир күни ол маған былай деди:

—Иним, сен журналыңда («Арал» журналы) мениң менен бир сәўбет өткерсең. Мениң ҳақыйқый аты-жөним Ғалым Сейтназаров емес —Караматдин Жамалов. Мен Тахтакөпир көтерили-

сине байланыслы айыпланған Жамал мақсымның баласыман. Қайда барсам «халық душпаны»ның баласы деп ҳәмме алакөзленип қарай бергеннен кейин елден шығып кетип, белгили қазақ жазыўшысы Сабит Мухановты паналадым. Ол мениң басымнан өтип атырған жағдайларды еситкеннен кейин «сениң атынды да өзгертейик, «Карамат» деген ат бул диний деп және бәлеге қаларсаң, келешекте ғалым болып жүресеңбе, (илимпаз демекши) атың алым болағойсын» деди. Солай етип мен жыллар өткерип аўылға Ғалым Сейтназаров болып келгенмен. Бул ҳақыйқатлықты айтқан менен енди мени ҳеш ким «Караматдин Жамалов» деп тән алмайды. Сонда да, тәнҳа өзиме мәлим сыр ишимде кетпеўи керек.

Бул гүрриңлесиў аталған журналда жәрияланды. «Қарақалпақфильм»ге жумысқа өткеннен кейин ол ҳаққында ҳүжжетли фильм жаратпақшы болдым. Сол жыллары Ғалым ағаға қолынан дуз берген Мәрьям жеңгей де (Сабит Мухановтың ҳаялы) тири еди. Оннан интервью алмақшы да болдық. Лекин, биринши гезекте зәрүр болған Ғалым аға ҳаққындағы мағлыўматты ҳеш жерден таба алмадық. Ҳәр кимнен сорастырсақ та, оның я перзентлери, я ағайин-туўғанлары ушыраспады. Нәтийжеде, фильм исленбей қалып кетти.

2016-жыл май айында пайтахтымыздан «Нөкис китап дүньясы» атлы китап дүканы ашылып, оның жуўапкершилиги маған тапсырылғанда өзимниң үй китапханамнан дүканның китап текшелерин толтырыў ушын 70 китап әкелип қойдым. Сонда Ғалым ағаның бир томлығы да қолыма илинген еди. Лекин, оны қолайлап турып, қайтып орнына

қойдым. Ең болмаса қосықлары менде сақланып қалсын дедим.

Китап дүканға ўақытша турыў ушын қойған китапларымның ишинде Тилеўберген Жумамуратовтың II томы, «Макария сулыў» романы, Тәжетдийин Сейтжановтың I, II томлары, Дәўлен Айтмуратовтың «Ақмақлықты мақтаў» атлы китаплары да бар еди. Арадан он-он бес күн өтип, китап текшелерин қарасам, үйден әкелинген букинистлик китапларымның ҳәммеси өтип кетипти. Негизинде, оларды сатыў нийетинде қоймаған едим.

2016-жылы Қарақалпақстан халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың туўылғанына жүз жыл толды. Бул әжайып талант ийесиниң «Гүлнара» қосығын сүйип тыңламаған ҳәм өзлери де айтпаған жас бар ма екен бизде?! Оның «Сен байтерек, мен сениң бир шақаңман», «Гүл артында турар сүйгеним», «Кеўлимде барсаң» сыяқлы өз-өзинен композиторды «қыйнамастан» намаға түсип турған қосықлары ҳеш ўақта қосықшыларымыздың репертуарынан түспесе керек. Тилекке қарсы, юбилейге бағышлап өткерилген ушырасыўларға барғанымызда оның китапларын китапханалардан ўақытша «гиреў»ге алып пайдаландық.

Көпшиликке яд болып кеткен Жолмурза Аймурзаевтың «Яр-яр айтайын», «О, Шайдахан, Шайдахан», Жолдасбай Дилмуратовтың «Достыма», «Не жетер», «Сүйгеним-сүйген», Әденбай Тәжимуратовтың «Шырайлы қыз», Тәжетдийин Сейтжановтың «Тойа алмайман қара көз дийдарыңа», «Хожелиниң жигитлери», «Ақ гүл шығарсаң» сыяқлы нама қосықларын қашан радиодан берер екен, деп қулағымызды түрип отырамыз. Оны китапларынан оқып, көз қумарымызды тойдырыўды

әлле қашан естен шығардық. Әсиресе Әденбай Тәжимуратовтың «Айдынлар» қосығы... Ҳеш бир жигит-қызлардың мейлиси сол қосықты хор болып айтпай тарқалған емес. Бул қосықты тек бизлер емес, пүткил Өзбекстан халқы биледи десек лап болмайды. Бул жерде көпшиликтиң ядына тез түсетуғын нама қосықларын ғана атап өттик. Ал, олардың журтшылық оқып ләззет алатуғын шығармалары талай ғана.

Усы жерде және бир мысалды айтып өтпекшимен. Төлепберген Мәтмуратов жипек минезли инсан еди. Шайырдың минез-қулқы, адамийлығы қандай болса, ол пазыйлет қосықларына да өтеди. Сол айтпақшы, Төлепберген ағаның қосықлары да нәзик, гүлдей лалазар, пикирлери қамырдан қыл суўырғандай рәўшан болып келеди. Биз оның бир китапшасын «Билим» баспасының өз есабынан «Қарақалпақтың неси бар» деген ат пенен басып шығардық. Ойлаған едик, китап жарық көриўден қолма-қол болып кетеди деп. Яқ, ондай болмады. Журтшылық оны сәл умытайын деген екен. Ақыры, оның әлемнен өткенине 32 жыл болған еди. Қосықлары газета-журналларда жәрияланып турмаса, китаплары шықпаса, кейинги әўлад қайдан билсин? Сол айтқандай, жоқарыда биз атап өткен XX әсир қарақалпақ әдебиятының ири тулғаларының атлары ҳәм шығармалары да ўақыт өтиўи менен умытылып кетпесине ким кепил?!

Бизиң халқымызда «қыз бала ата-анаға мийирман болады» деген гәп бар. Бул ҳақыйқатлық. Усы жерде Әмет Шамуратов ҳәм Айымхан Шамуратовалардың туңғыш перзенти Гүлистан Шамуратованы өрнек етип көрсетпекшимен. Оның өзи де өз оқыўшысына ийе шайыр еди. Лекин, ол

өмириниң ақырына дейин ата-анасы — еки уллы инсан — Әмет ҳәм Айымхан Шамуратовалардың даңқын көтериўге хызмет етип кетти. 2013-жыл «Билим» баспасында Әмет Шамуратовтың дөретиўшилигине арналған «Эпикалық дәстүрлердиң даўамы» атлы илимий китапша жарық көрди. Оның авторы басқа, лекин, китапқа пул төлеў бойынша Гүлистан апамыздың өзи шәртнама дүзген екен. Китаптың қарыздарлық мүддети өтип баратырғаннан кейин шәртнама бойынша еслетпе хат жаздық. Кешикпей Гүлистан апа сол қаржыны пенсиясынан төлеп кетти. Кейин билсек, сол күнлери ол наўқасланып та жүрген екен. Бир шаңарақтан шыққан еки атақлы инсан ҳаққындағы нәўбеттеги китапты ҳәзир шайырдың кишкене қызы Айымгүл Шамуратова даўам етип атыр.

Тилеўберген Жумамуратовтың қызлары, әлбетте, баласы да бул истен шетте емес шығар, ҳәр он жылда әкесиниң таңламалы шығармаларын бастырып шығарады. Өткен жылы шайырдың 100 жыллық мерекесине бағышлап төрт китабын баспадан шығарды. Китаплары өтпей қалып атырған жоқ. Демек, бизиң халқымыз китапқумар халық. Оларды китап пенен үзликсиз тәмийинлеп барыўымыз дәркәр.

Сондай-ақ, Толыбай Қабуловтың қызлары да бул исте үлги боларлық ис етти. Талантлы шайырдың үш-төрт китабын салмақлы, қатты қаплы етип баспадан шығарды. Лекин, сол жыллары республикамызда китап саўдасы сәл тосаңласып қалғанлықтан, бул шығармалар ҳақыйқый қарыйдарларына жетпей қалғаны өкинишли.

Әлбетте, биз бул мақаланы баспада шығарыўға китап таппай жазып отырғанымыз жоқ. Лекин, жазыўшы-шайырлардың перзентлери өзлериниң әкесинен ямаса атасынан қалған алтын мийрасларды қайта көрип шығып, оларды баспаға таярлаўда баспа хызметкерлерине жәрдем көрсетиўи тийис. Сонда бизиң ақсақал жазыўшы-шайырларымыздың руўхлары шад болады, шығармалары әсирден-әсирге өтип екинши, үшинши өмирин жасай береди.

Бармысызлар, «гөкек бериң», шайырлардың балалары?

*28.11.2016-жыл.*

## СЕН КҮЙМЕСЕҢ, МЕН КҮЙМЕСЕМ...

Инсанның қәлбине питкен хәр қандай өнер бул жаратылыс тәрепинен берилген биййбаҳа сый. Кимдур хош ҳаўазға ийе қосықшы, кимдур оған кәмине келтирип нама шығарады, тағы бир талант ийеси оған ылайық сөз-қосық дөретеди.

Булардың избе-излиги талант ийелериниң машқы етиў пайытында тәртипке түседи. Әдетте қосық алды менен туўылып, оған нама жазылып, соң айтылса жүзикке қас қондырғандай, жай-жайына түссе керек. Лекин, айырым ўақытларда нама алды менен дөреп, қосық кейин таңланыў жағдайлары да гезлеседи. Бундайда наманың «қәлибине» түсиўге сәйкесленген қосық, сәл кеўилдегидей болмай қалыўы да итимал. Қалай дегенде де бул үшеўи халықтың кеўлин көтериў ушын, руўхый байлығын жетилистириў ушын, мәдений дем алысын кеўилли өткериў ушын жаратылады. Соның ушын хәр қандай талант ийеси өзин пүткил жәмийетшилик алдында жуўапкер сезиниўи тийис. Бул жолда асығыслыққа, жан қыйнамаслыққа, ўақтынша даңққумарлыққа берилиўге болмайды. Тезирек халыққа көриниў ушын шала-шарпы қосық жазып, оған жеңил-желпи нама дөретип, оны болар-болмас даўыс пенен атқарып шығыў, қамыс басын тамызық еткендей өткинши нәрсе.

Мен өзим қосықшы емеспен, хәттеки, ҳеш ким жоқта ыңылдап бала жубатқандай да даўысым

жоқ. Дуўтардың жансыз сымларын сөйлетип, пианиноның клавишаларын бармақ ушында ойнатқан сәзенделерди қатты ҳүрмет етемен. Оларға нама шығарып берген композиторларға айтарға теңеўим жоқ. Лекин, олар дөреткен шығармаларды тыңлап ҳәм баҳа бериўге бир кисидей қәбилетим бар деп ойлайман. Ҳәм усы мәселеде кеўлиме қонбаған музыкалар үстинен ашшырақ пикир айтатуғын тик минезлигимди де жасырмайман.

Бизиң жаслығымыз аўылда өтти. Ер жетип мектеп питкеремен дегенше «тири қосықшы»ны көрмегенбиз. Бизиң ең сүйикли қосықшымыз —радио болды. Анам бийшара радио бузылып қалса үйде ун түўесилип қалғандай шыр-пыр болатуғын еди. Сондайда еки жалпақ, бир төрт мүйешли тас батареяларды орамалына салып арқалап, қалаға кетер еди. Азанда кеткен анамыз күн аўа үйге таза батареялар менен оралады. Сол жыллары (елиўинши жыллардың аяғы) аўыл бойынша бир радио бар еди. Екинши болып бизиң шаңарағымызда да радио пайда болды. Саат түски он екиге жақынлағаннан ким батыстан, ким шығыстан, ким арқадан дегендей аўыл адамлары «ассалаўма әлейкум»леп отаўға жыйнала баслайды. Олар бизикине шай-суў ишиў ушын келмейди, түстеги концертти тыңлаўға келеди. Ещан бақсы айтқан ўақытта ғаррылар: пай, садағаң кетейинниң қайтарыўын айтпайсаң ба? деп таңлайларын қағып отырар еди. Мен сонда «даўысы қарлыққан бақсының қаяғын жақсы көреди екен» деп таңланатуғын едим. Кейин ала басқа бақсыларды тыңлап ҳәм олардың атқарыў усылының парқына барғаннан кейин Ещан бақсының артықмашлығын сезе басладым.

Радиодан Фатийма Бекполатова қосық басласа анам қолына алған кесасын жерге қойыўға пурсаты болмай:

—Сөйлемей турың, Фатийма айтып атыр, —деп бизлерди де жыңқ еттирмей қояр еди.

Анамнан алған тәсир ме, билмеймен, мен де сол артистиң қосықларын жанымдай сүйип тыңлайтуғын болдым.

Балалығымнан мийиме сиңип қалған қосықшылар Фатийма Бекполатова, Әнар Қурбанова, Алтынай Сабироваларлардың ҳаўазларын бүгинге дейин ҳеш кимнен ушырата алмадым ҳәм сол даўысларды сағынаман. Тилекке қарсы, радионың фонетекасында Фатийманың «Жети асырым», «Қутлы болсын орденлериң», «Амангелди», Әнар Қурбанованың «Нәмәрт жиғит неге дәркар», Алтынай Сабированың «Гүлистан» қосықлары жоқ болып кеткен. Буның себеби неде? Баслы себеби, сол дәўирдеги радиотехниканың, әсиресе, сес жазыў ленталарының жетиспеўшилигинде. Оларды сақлаўда плёнка сақлайтуғын жайлардың нормаға муўапық ығаллығы болмаўында. Нәтийжеде плёнкалар кеўип, дус келген жеринен үзилип кете берген.

Екинши бир ең үлкен себеп—бизиң немқурайдылығымызда. Айырым ўақытларда сол музыкаларға жуўапкер шахслардың итибарсызлығынан таслап жиберилген ленталар да болды.

Мейли, өткен иске салаўат. Оны қайта тиклеў мүмкиншилиги қалмаған. Ал, бүгинги музыка мәдениятымыздың жагдайы қалай? Бул тараўда пүткил өмири бойы жан күйдирип киятырған белгили композитор Нәжиматдийин Мухаммеддиновқа шексиз миннетдаршылық билдиргим келеди.

Оның белсенди шәкиртлери Қурбанбай Зәретдинов, Шарапатдин Пахратдиновлар да қарақалпақ музыка өнерине салмақлы үлес қосып киятыр.

Әсиресе, Нәжиматдийин Мухаммеддинов басшылығында Қарақалпақстан телевидениесинен берилип киятырған «Музыка сырлары» көрсетиўиниң турақлы ықласбентимен. Бир ўақытлары Москва телевидениесинен «Угадай мелодию» деген көрсетиў берилер еди. Биздеги көрсетиў оған идея жағынан жақынырақ болса да, журтшылықты аз да болса музыкалық саўатлылыққа еристириў бағдарына қаратылғанлығы менен парық қылады. Бул — мақтаўға ылайық.

Әсиресе, кейинги ўақытта белгили устаз қосықшыларымыз Гүлпаршын Сырымбетова, Тамара Дошымова, Бийбираба Өтепбергенова, Ханзада Палўанова, Перхан Әлибекова, Илич Хожаметовлар қатнасқан көрсетиў пүткил жәмийетшиликтиң дийдинен шыққан болса әжеп емес. Оларға баслаўшы тәрепинен усынылған намалар «имтихан алыў» ушын емес, ал, қосық қандай болып атқарылады, соны бүгинги жасларға үлги етип көрсетиў ушын берилген сыяқлы. Олардың сөзди ҳәм наманы бузбай, қосықты түсиникли етип айтыўлары бүгинги жасларға сабақ болыўы керек. Жаслар биринши гезекте «бизиң дәўиримиз басқа» деген тар түсиниктен ўаз кешип, устазлардан үлги алса пайдадан басқа зыяны жоқ.

Жасыратуғыны жоқ, бүгинги айырым қосықшыларымыз өзлери айтып атырған қосықтың текстине бийпарық қарайды. Ҳәр сапары радио тыңласам Аббаз Дабыловтың «Бийбисәнем» қосығын жулған таўықтай етип айтып турғанын еситип, қатты қыйланаман. Дурыс, ҳәзир заман өзгерди, жә-

мийет жаңаланды, бурынғыдай «Коммунизм қурыў мақсет тилеги» деп турса қулаққа түрпидей тийеди. Соның ушын қосықтың айырым қатарлары өзгертилген. Бирақ, өзгертилмеген, өзгертпесе де қосықтың қунын түсирмейтуғын айырым қатарлардың былғастырылып айтылғанына не дерсең?

Сом полаттан жаратылған билеги,
Халқы ушын хызмет етиў тилеги,
Шадланып шәўкилдеп урар жүреги,
Мың түменге арзан Бийбисәнемниң!

Бул—Қарақалпақстан радиосында бузылып айтылып жүрген қосық. Атқарыўшы өзиниң не айтып турғанына түсинбесе керек. Қосықтың мазмунын шақсаң, Бийбисәнемниң жүрегин мың туменге баҳалап атырғаннан басқа нәрсе емес. Ақыры, қосықтың дурыс текстинде:

Шадланып, шәўкилдеп урар жүреги,
Иске кирискенде Бийбисәнемниң!

деп жазылған ғой. Буны китаптан оқымай-ақ, логикалық ойлаў арқалы қәте айтып турғанын түсиниў қыйын емес еди. Әлбетте, «Мың түменге арзан Бийбисәнемниң» деген қатар да бар. Бирақ, ол «жарысқа шақырған бир аўыз сөзи» деген қатардан кейин келип, сөздиң қәдир-қымбатын тәрийиплейди.

Ибрайым Юсуповтың ярым әсирден аслам ўақыттан берли эфирден түспей киятырған «Баҳадыр қызлар» қосығы да жақыннан бери «устаханадан» шығыпты.

Атызлардан алтын терген сизлерсиз,
Центнерлеп пахта берген сизлерсиз,

Фермер болып бахыт тапқан сизлерсиз,
Әй, назлы жәўанлар ҳәм палўан қызлар.

Қосықтың дурыс тексти төмендегише:

Атызлардан алтын терген сизлерсиз,
Центнерлеп балық берген сизлерсиз,
Мал өсирип бахыт тапқан сизлерсиз,
Әй, назлы жәўанлар, ҳәм палўан қызлар.

Қосықшы «Арал қурып қалды, қалай центнерлер балық береди» деп ойлаған болса керек. Дурыс, Арал тартылды. Лекин, бул ўақытша қубылыс. Оның үстине республикамызда балықшылық санааты ҳәзир де бар ғой. Ал, «мал өсирип бахыт тапқан сизлерсиз» деген қатардың қандай айыбы бар? Егер Ибрайым аға тири болғанда қандай жағдайға түсер еди?!

Жүдә ертеде шыққан және бир классикалық қосық «Пал ҳәрреси яңлы изледим сени» қосығы. Сөзин шайыр Шанияз Мәмбетмуратов, намасын Абадан Сапарова дөретип, Өтеп Қурбанбаев атқарған бул қосықтың қалай айтылатуғынын билмейтуғын адам шамалы. Соңғы ўақытлары бул қосықты бир жас қосықшы атқарып жүр. Қосықшының ҳаўазына, атқарыў шеберлигине гәпим жоқ. Ал, сөзине келгенде... Әне, усы жерде «Ўаҳ-әй, және бузды-аў» деп қыйланғаныңды билмей-ақ қаласаң.

Жаслығымды күн нурына нурлатып,
Толқынлап ескенде бәҳәрдиң леби.

Биз сөз етип отырған қосықшы екинши қатарды «Толқынлап ескенде бәҳәрдиң ләби» деп айтады. «Ләб»—бул ерин. Буны «Ана тили» пәнинен де

өткен шығар. Олай болса бәҳәрде «ләб»—яғный «ерин» бола ма? Күлкили емес пе бул? «Леб» бул—самал, жел.

Толқынлап ескенде бәҳәрдиң леби, яғный, «толқынлап ескенде бәҳәр самалы»—деген түсиникти береди. Қосықтың соңғы куплетинде:

Кеткен мынаў табысларың уласып,
Пал ҳәрреси яңлы излетер сени,

делинеди.

Ҳәзирги ўақытта жасы үлкен қосықшымыз Турсынбай Палымбетов усылайынша қосық қатарларын дурыс айтып жүр. Тилекке қарсы, сөз етип отырған жас қосықшымыз усыны еситип жүрсе де

«Кеткен мынаў табысларың уласып,

Пал ҳәрреси яңлы изледим сени» деп жаңылысыўдан жазбайды.

Соңғы ўақытлары композитор Абадан Сапарованың басшылығындағы бир топар жасы үлкен қосықшылар ҳәм ҳаял-қыз шайырлар ҳәмме районларға барып, ушырасыўлар өткерип жүр. Бул топар мениңше сыпайы түрде «қосық атқарыў сабағын» өткерип жүрген сыяқлы. Буны ҳәр бир жас қосықшы аңлап ҳәм өрнек алыўы керек.

2012-жылы қосық текстин қәте айтыў ҳәм биймәни қосықларға нама дөретиў ҳаққында бир мақала жазып бираз жас қосықшыларды өкпелетип алғанман. Лекин, өкпелери орынсыз болғаны ушын оларға мен өкпелемедим. Бизиң халқымызда «билмегенин сорап үйренген алым, сорамаған өзине залым» деген даналық гәп бар. Өсемен деген, өз үстинде изленип, үйренемен деген ҳәр бир жас усы мақалдың мәнисине терең әҳмийет бериўи тийис. Керисинше, бизде жас қосықшыларды аты

шығар-шықпастан «эстрада жулдызы» деп асыра силтеўлер көбейип кетти. Буған жас қосықшылар себепши ме, яки «зор теңеў таптым» деп ойлаған журналистлердиң иси ме, билмедим. Қәйткенде де, ҳәзирги ўақытта жулдызлар жерге төселип қалды. Қәнекей, сол жулдызлар аспандағыдай жарқырап, көзди қамастырса еди.

Бунып менен қосықшыларға гина тақпақшы емеспен, түсинсе кемшилигин аңлап, тезирек дүзетип алыўын қәлеймен. Мен ҳеш бир қосықшыға, композиторға бахталас емеспен. Мақаламның басында айтқанымдай, бул өнерлерде талантсызбан. Мақсетим, жасларымыз жоқары музыка мәдениятына ийе қосықшылар болып танылса екен деген тилектемен. Ақыры, сен күймесең, мен күймесем, көз көрип, қулақ еситип жүрген кемшиликлер ертеңги күни дурыстай болып сезилмей ме? Әне, сонда биз бийпарўалықтың ақыбети қандай болатуғынын түсинип жетиўимиз мүмкин. Бирақ, ол ўақытта «поезд жөнеп кеткен» болады.

*12.04.2016.*

# МЕН НЕГЕ ЖАЗЫЎШЫЛЫҚТЫ ТАҢЛАДЫМ?

## 1. Балалық қыял

Балалығымда жазыўшы-шайыр деген бул илаҳий, Аллаталаның қүдирети менен «аспаннан түсетуғын» адамлар сыяқлы түйилер еди.

Мектеп сабақлықларын қолыма алар екенмен, ондағы жазыўшы-шайырлардың сүўретине тигилип отырып, оларды «тири адамлар»сыпатында көз алдыма келтиргим келер, бирақ, ҳеш бунның илажын таба алмас едим. Әрманым — «тири шайыр»ды бир көриў еди.

Шамасы алтыншы класс ўақытларымызда болса керек, Әметов Муратбай деген достымыз Нөкиске барып келди. Биз Нөкиске барып келе алмаймыз, қорқамыз. Келгеннен кейин оны ҳәмме балалар ортаға алып атыр:

— Нөкис қандай екен?

— Нөкистиң адамлары қандай?

Мениң берген бир ғана саўалым сол болды:

—Ибрайым Юсуповты көрдиң бе?

— Көрдим, — деди ол исенимли түрде. — Мен минген автобуста отырған екен.

Әне, сонда мениң нәзеримде сол Әметовтан бахытлы адам болмаған.

Бизиң Абат Юсупов деген әдебият муғаллимимиз бар еди. Сол бир күни сабақта: Сизлерди

Садық Нурымбетов пенен ушырастыраман, — деп ўәде берди. Ҳәммемиз қол шаппатлап жибердик.

Лекин, ол «тилинен тутылып», қыйланды.

Сентябрьде ўәде берген муғаллим, шамасы май айларында зорға ушырасыўды шөлкемлестириўге миясар болды. Бул 1966-жылы еди.

Садық аға толық денели, қызыл жүзли, сақалы дукартлап алынған, ғайбар киси екен.

Ҳәмме мектеп оқыўшылары спорт залға жыйналды. Сондағы Садық ағаның әдебият ҳаққында айтқан мына пикири еле есимде: «бүгин жазған қосығың өзиңе унаған менен, ўақыттың өтиўи менен кемшилиги сезилип, унамай қалыўы мүмкин» деген еди. Сонда мен екиленип қалғанман, неге енди бүгин унаған шығармаң ертең унамай қалады? Лекин, Садық шайырдың сол пикириниң ҳақыйқат екенлиги бүгинги күнге дейин алдымнан шыға береди. Дәслепки шығармаларымнан қашшан-ақ ўаз кешип жибергенмен. Ҳәттеки, биринши, екинши, үшинши топламларымды кисиге көрсетиўге уяламан.

Институтқа кириў имтиханын тапсырып, әдебияттан үш алдым. Нәтийжеде мандаттан өтпей қалдым. Мендей бир неше «әўмет күлип бақпаған» абитуриентлерди бала саны толмай қалған педфакқа өткерип жиберди. Дым қыйланғаным жоқ. Себеби, маған тек жоқары мағлыўмат керек еди. Ҳеш ўақытта муғаллим яки басқа кәсипте ислеўди қыялыма да келтирмегенмен. Лекин, әдебияттан «үш» алғаным батайын деди. Кейинирек, жазыўшылар Шаўдырбай Сейтовтың әдебияттан «еки» алғанын, Узақбай Пиржановтың болса институтты питире алмай таслап кеткенин еситкеннен кейин

«көп пенен көрген уллы той» екен ғой, деп өзимди жубаттым.

Институтта оқып жүрип жийи-жийи баспа сөзде көрине басладым. Бунын ушын айырым муғаллимлерден хошамет еситтим, ал, айырымлары мени келеке қылып, үстимнен күлер еди. Бирақ, соны ҳеш ўақытта умытпайман, Пирниязов Қудыяр аға деген муғаллим себепши болып, «Диамат» атлы қосығым ушын деканымыз Меңлибек Бердимуратов диаматтан ҳәм истматтан имтихан алмастан төрт койып берди, питкериўши жылы мәмлекетлик имтиханда комиссия баслығы Расберген Реймов журналдағы гүрриңлеримди комиссия ағзаларына көрсетип, сол жердиң өзинде «баҳаңыз ағла» деп жәриялап жиберди.

Енди ойласам, мениң жазыўшылықтағы дәслепки табысларым усылар екен.

Жетписинши жыллардың орталарында шайыр Әбдиразан Сейтжановтың өтиниши менен Кегейлиден Қаракалпақстан халық шайыры Тажетдийин Сейтжановтың үйине көмекке келдим. Тәжетдийин аға ҳәўлисине жаз отырар шертек соқтырмақшы болған екен. Биз келгенимизде шайырдың өзи жоқ еди. Мен таныйтуғынлардан Әбдиразақ Аманов, Шарап Уснатдинов, Азат Бердишев ҳәм сол үйде жатып оқып атырған болса керек, мойнақлы қосықшы қыз Тоғжан Ибрагимовалар бар екен. Ол жерде көмекшилер тәўир-ақ баршылық еди, бирақ, мен қалғанларын танымадым.

Гилең журналистлердиң қолынан усташылық келе ме? Ҳәр жерге қарағай боренелерди тикейтип қойды. Сөйтип, оның үстине екинши боренелерди таслап, он беслик шеге менен шегеледи.

Түсте Тәжетдийин аға келди:

— Ҳаў, ағайинлер, — деди ол. — Мына шегелериңиз қыйсайып кетсе, яки сынып кетсе, астында қалып өлемиз ғо. Қәне, буны бузайық.

Қулласы, шертек қайтадан бузылды. Қаяқтандур уста табылып, түстен кейин қайтадан муқыятлап соғылды.

Түслик шай ўақтында мениң аңлығаным Тәжетдийин ағаның аўзы еди.

Келеси жылы еки томлық қосықлар топламым шықса, — деди ол шай үстинде: — Еки этаж етип жай саламан.

Мен ҳайран қалдым. Жеке меншикте де еки этаж жай бола ма екен? Ол ўақытлары Ибрайым ағаның еки этаж етип жай салып атырғанынан хабарым жоқ еди.

Жазыўшы-шайыр халқы қандай бахытлы халық, деп және мениң ҳәўесим артты. Тәжетдийин ағаның есигиниң алдында сол дәўирдиң ең атақлы колиги — М-21 «Волга» машииасы турар еди.

Бир күнлери Тилеўберген Жумамуратовтың төртлигин оқыдым:

Жас ўақтымда ешек болды қумарым,
Ат алыўға жетпеген соң димарым,
Қайдан билдим, есигимниң алдында,
Шайқатылған, жайсаң «Волга» турарын.

Демек, ҳәмме жазыўшы-шайырларға ҳүкимет «Волга» береди екен, еки этажлы жай салып береди екен деген балалық қыяллар әдеўир естиярлы жигит ўақтымда да мени тәрк етпеди.

Әлбетте, бүгинги күни мен де сол ақсақаллар дәрежесине жеттим я жетпедим, қулласы, ел та-

ныған жазыўшы болдым. Енди ол пайыттағы балалық, жаслық әрманларымды «Волга» менен де, ямаса бүгинги күнниң жүйрик машиналары менен де өлшеп болмайды. Бәлким, мен сол шийрин қыялларымнан да озып кеткен шығарман. Лекин, сол жазыўшылықтың ләззетлерине қосымша не-не азапларын шеккенимди де жасыра алмайман.

## 2. Шамалға ушқан үш миллион

Тоқсаныншы жыллардың орталарында мен «Қарақалпақстан» баспасында басшы лаўазымда иследим. Сол жыллары баспадан жылына 200-250 атамада қарақалпақ тилинде китаплар шығар еди. Сонда да жазыўшылардың өз шығармалары ҳәм аўдармалары гезек күтип, бир жылдан екинши жылға өтип турар еди. Шығып атырған китаплардың басым көпшилиги балалар әдебиятынан ибарат болды. Буның себеби, балалар әдебиятын басып шығарыўға жумсалған қәрежеттиң 40 проңентин мәмлекет дотация менен қаплайды. Әне, сол қырқ процент, үлкенлердиң шығармаларын да «гүпшеклеп» бийикке алып шығады. Қалған жағы ойға жумалаған арбадай, өз-өзинен кете береди.

Әлбетте, бир жылда шыққан китап сол жылы дәрҳәл өтип кете бермейди. Ол өткен жылғы, арғы жылғы шыққан китаплардың қатарына барып қосылады да, дүканды толтырып жибереди. Китап оқыўшылар еле умытпаған болса керек «Прогресс», «Дом книга», «Жети ықлым» китап дүканлары қарақалпақша китапларға толып турар, басқа тилдеги әдебиятлар бир мүйешти ғана ийелер еди. Бүгинги күни буның ҳәммеси ертектей.

Негедур, әсирдиң ақырына келип китапқа болған мүнәсибет пәсейди. Китап дүканлар пулы көп «исбилермен»лерге сатылып кетти. Олар сатып алған имаратларды арақ-шарап дүканларына, тойханаларға айландырды.

Китап дүканлары сатылып кеткеннен кейин баспалардың аўҳалы да нашарлап қалды. Енди жазыўшылар не қылды? Олар азербайжан фильминдеги «аршин малаланға» айланды. Китапларын арқалап оқыў орынларына барды, мәкемелерге жолықты, район ҳәкимлерине барып өтиниш етти. Қәйерге барса еситетуғыны бир гәп еди! «Өтиниш, китап әкелмең, сизден алдын пәленше әкелип таслап кетип еди, соны сатып бола алмай атырмыз».

Сол ўақытлары мен өзимше «жаңалык» ашқан болдым. Кинодан алған ҳәмме қәлем ҳақыларымды (2003-жылдан «Қарақалпакфильм»де ислеп атырған едим) жыйнап китап шығарыў ушын үш миллион сом қәрежет ажыраттым. Бул жүдә үлкен пул еди сол ўақытлары. Сол ажыратылған пулға «Таңламалы шығармалар»ымның 2-томын, «Ақырет уйқысы» атлы туңғыш романымды ҳәр бири мың данадан бастырып шығардым. Бундағы гөзлеген мақсетим — маған қәлем ҳақы керек емес, баспалардан да қарыздар емеспен, неше сумға шыққан болса сол суммаға сатаман да, есесине кейинги китапларымды шығара беремен. Мағлыўмат ушын айтып қояйын, 2-том 4 мың сум, «Ақырет уйқысы» романы 3 мың сумнан шыққан еди.

Лекин, мениң бул ойлап тапқан «жаңалығым» гөзлеген нәтийжени бермеди. «Қарақалпаққитап» акционерлик жәмийети сол дәўирде тек ғана базардағы киоскаларына ийелик етип қалған, складлары

толық босаған, хызметкерлериниң де көбиси жумыс орны қысқарып кеткен, «тек шықпаған жаны бар» мәкемеге айланған еди. «Не де болса китап саўдасы менен шуғылланған аты бар, мениң китабым бәлким оларға мәдет болар» деп 300 000 (үш жүз мың) сумлық китап апарып бердим. Алты айдан кейин хабар алсам, қапыларының тутқасын тат басып кеткен екен. Демек, бул қапы жақын арада ашылмаған. «Қолды жуўып, қолтыққа урдым» да қайта бердим.

Енди ески арбаның изинен жүрмеўге илаж қалмады. Ҳәкимлерге бардым. Еки районның ҳәкими мени күлип қарсы алды. Рас па, өтирик пе, мениң жазғанларымның ҳәммесин қалдырмай оқыйды екен. Биреўи жүз китап, екиншиси еки жүз китап алып қалды. Сатылып болыўдан хабар етиўге сөз берди. Сол қуўаныш пенен және еки-үш районға китапларымды тарқаттым. «Илажы бар екен ғо» деп қойдым ҳәмме китапларымда үлестирип шыққаныма кеўлим толып.

Соның менен ҳәммеси «қамырдан қыл суўырғандай» болды ма? Я-ақ! Мен қуры «тулпқа мөңиреп жүрген» екенмен. Халқымызда «шөжениң несийбеси болғанда, таўыққа емшек питер еди» деген нақыл бар. Мен де сол несийбеден бос қалған шөже болдым. Мениң шығармаларымды қалдырмай оқыйтуғын еки ҳәким де көп өтпей избе-из жумыстан кетти. Орнына тайынланған ҳәкимлердиң биреўи маған қоңыраў етти:

— Аға, китап таслап кеткен екенсиз. Мен сизиң китабыңызды сатып жүре алмайман. Таксиге салып қайтарып атырман. Кирей пулын төлеп алып қаларсыз!

Не деримди билмедим. Бирден аўзыма сөз түсследи. Ол ҳақ, мал меники, қайтарды ма — алыўым тийис. Лекин, маған батқан жери, бул жигит ҳәким болмастан бурын көрген жерде жуўырып келип сәлемлесип, аға, мен сизиң ықласбентиңизбен, сизиң ҳәр бир шығармаңызды шыққан заматы «ыссылай» оқыйман, деп қатты ҳүрмет ететуғын еди. Негедур, лаўазым оның көкирегиндеги әдебиятқа болған ықласты суўырып алып таслағандай еди.

Солай болса да оған миннетдар болдым, себеби, ол затымды өзиме қайтарды. Ал, екинши ҳәким болса «китабыңды мен алғаным жоқ, берген адамыңнан талап ет» деди де, «ала жипти» кести. Және бул гәпти өзи айтыўды да миясар көрмеди, биреўлерге айттырды.

Кейин бул екеўинен үмитти үзип, басқа районларға өттим. Бир районның ҳәкими хызметкерлериниң бирин алдына шақырып, сондай кейиди ме дең, өзимди-өзим жаман көрип кеттим. Не ушын бул бийғүна адамларға сонша ақырет еситтирип атырман?! Ҳәкимлер өзиниң жумысын ислесин бе, мениң китабымды сатсын ба?!

Ҳәкимияттан руўхым түсип сыртқа шықтым. Таныйын-танымайын, ҳеш кимниң жүзине тиклеңип қарай алмайман. Олар мениң изимнен: ҳей, бийшара, саған басқа талап қапылып қалып ба еди, неғылайын деп едиң жазыўшы болып? Оның орнына билген қосығыңды айтып трактор айдамайсаң ба? Дийқан болып, кетпен шапқанда аштан өлер ме едиң?! — деп мысқыллап қалып атырғандай еди. Ырасын айтсам, өзим де-өзиме сол ўақытлары усы саўалды бергенмен.

Лекин, мен жазыўшылықты қойып кете алмадым. Бул бир жабысқан «дәрт» екен.

## 3. Биз күткен күн

2015-жылы 9-декабрьде Өзбекстан Республикасы Бас Министриниң басшылығында (сол ўақытлары Шавкат Мирзиёев Бас Министр еди) селектр мәжилиси өтти. Мәжилиске баспа басшысы сыпатында мен де қатнастым. Сонда кейинги 25 жыл ишинде биринши мәртебе мәмлекетлик дәрежеде китап оқыў, китапты үгит-нәсиятлаў, китапқумарлық мәдениятын арттырыў мәселеси сөз болды. «Наўрыз байрамына шекем хәр бир ўәлаят орайында бир-бирден китап дүканын ашасызлар» деди Бас министр. Кеўлим толып, қуўанып кеттим. Ақыры, биз бул күнди қанша ўақытлардан берли арзыў етип келдик.

Ертеңине Республика Министрлер Кеңеси баслығына усыныс пенен шықтым. Нөкис қаласында ашылатуғын китап дүканды шөлкемлестириўге маған руқсат бериўин сорадым. Руқсат берди. Жаңадан салынып атырған төрт этажлы таза үйлердиң төмененинен жай берди. Мен дәрҳал «Нөкис китап әлеми» деген жуўапкершилиги шекленген жәмийет дүзип, Наўрыздан сәл кешигип болса да, республикамызда биринши болып китап дүканын ашыўға миясар болдым.

Ашылыў мәресими үлкен салтанатқа айланды. Дүкан алдына рәңбәрең шарлар қыстырылған. Мектеп оқыўшылары «П» тақлетте сапқа дизилип, гезекпе-гезек қосық оқыр, нама менен қосықлар айтар еди. Университет, институт, колледж-лицей оқыўшылары, илимпазлар, жазыўшы-шайырлар, кең жәмийетшилик ўәкиллери байрамдағыдай кийинип алған. Олар тезирек дүканның ашылыўын

күтер еди. Ақыры, күткен мәўрит келди, жасыл лента кесилди. Телеоператор асығып кирип киятырған китапқумарлардың алдына шығып, оларды сүўретке ала баслады. Дүкан үш залдан ибарат болып, оны ҳәмме баспалардан консигнация шәртнамасы бойынша алып келинген 30 млн сумлық әдебиятлар менен толтырып қойған едим.

Ашылмастан бир күн алдын ҳүкимет басшылары келип, дүканды көрди.

— Қарақалпақ тилиндеги китаплар қайда? — деди олар қапа болып.

— Мине, буяқта. — Айтарын айтсам да, өзим кейининен уялып кеттим. Себеби, китап текшелеринде тек төрт атамада ғана қарақалпақша китаплар бар еди.

— Бул қалай болды? Қарақалпақстанның пайтахтында усындай саўлатлы китап дүкан ашылса, онда қарақалпақша китап болмаса?!

— Ертеңге дейин ҳәммеси болады, — дедим мен.

— Қалайынша?! Түни менен китап басып шығарасаң ба?!

— Илажын табамыз.

Илажын таптым. Түни менен өзимниң үй китапханамдағы жетпистен аслам китабымды әкелип, текшелерге қойып шықтым. Әне, енди өзбекше, қарақалпақша, қазақша, русша, корейсше, инглизше, французша китапларға толы әжайып китап дүкан таяр болды.

Сол күни бир миллион еки жүз мың сумлық китап сатылды. Бүгинги күни ол үлкен пул емес, лекин, сол күн ушын әжайып жетискенлик еди.

Ҳәр күни сатыўшы қыздан сорап тураман.

## 3. Биз күткен күн

2015-жылы 9-декабрьде Өзбекстан Республикасы Бас Министриниң басшылығында (сол ўақытлары Шавкат Мирзиёев Бас Министр еди) селектр мәжилиси өтти. Мәжилиске баспа басшысы сыпатында мен де қатнастым. Сонда кейинги 25 жыл ишинде биринши мәртебе мәмлекетлик дәрежеде китап оқыў, китапты үгит-нәсиятлаў, китапқумарлық мәдениятын арттырыў мәселеси соз болды. «Наўрыз байрамына шекем ҳәр бир ўәлаят орайында бир-бирден китап дүканын ашасызлар» деди Бас министр. Кеўлим толып, қуўанып кеттим. Ақыры, биз бул күнди қанша ўақытлардан берли арзыў етип келдик.

Ертеңине Республика Министрлер Кеңеси баслығына усыныс пенен шықтым. Нөкис қаласында ашылатуғын китап дүканды шөлкемлестириўге маған руқсат бериўин сорадым. Руқсат берди. Жаңадан салынып атырған төрт этажлы таза үйлердиң төменинен жай берди. Мен дәрҳал «Нөкис китап әлеми» деген жуўапкершилиги шекленген жәмийет дүзип, Наўрыздан сәл кешигип болса да, республикамызда биринши болып китап дүканын ашыўға миясар болдым.

Ашылыў мәресими үлкен салтанатқа айланды. Дүкан алдына рәңбәрең шарлар қыстырылған. Мектеп оқыўшылары «П» тақлетте сапқа дизилип, гезекпе-гезек қосық оқыр, нама менен қосықлар айтар еди. Университет, институт, колледж-лицей оқыўшылары, илимпазлар, жазыўшы-шайырлар, кең жәмийетшилик ўәкиллери байрамдағыдай кийинип алған. Олар тезирек дүканның ашылыўын

күтер еди. Ақыры, күткен мәўрит келди, жасыл лента кесилди. Телеоператор асығып кирип киятырған китапқумарлардың алдына шығып, оларды сүўретке ала баслады. Дүкан үш залдан ибарат болып, оны ҳәмме баспалардан консигнация шәртнамасы бойынша алып келинген 30 млн сумлық әдебиятлар менен толтырып қойған едим.

Ашылмастан бир күн алдын ҳүкимет басшылары келип, дүканды көрди.

— Қарақалпақ тилиндеги китаплар қайда? — деди олар қапа болып.

— Мине, буяқта. — Айтарын айтсам да, өзим кейнинен уялып кеттим. Себеби, китап текшелеринде тек төрт атамада ғана қарақалпақша китаплар бар еди.

— Бул қалай болды? Қарақалпақстанның пайтахтында усындай саўлатлы китап дүкан ашылса, онда қарақалпақша китап болмаса?!

— Ертеңге дейин ҳәммеси болады, — дедим мен.

— Қалайынша?! Түни менен китап басып шығарасаң ба?!

— Илажын табамыз.

Илажын таптым. Түни менен өзимниң үй китапханамдағы жетпистен аслам китабымды әкелип, текшелерге қойып шықтым. Әне, енди өзбекше, қарақалпақша, қазақша, русша, корейсше, инглизше, французша китапларға толы әжайып китап дүкан таяр болды.

Сол күни бир миллион еки жүз мың сумлық китап сатылды. Бүгинги күни ол үлкен пул емес, лекин, сол күн ушын әжайып жетискенлик еди.

Ҳәр күни сатыўшы қыздан сорап тураман.

— Саўда қалай?

— Бүгин де миллионнан асты.

— А-ал, бүгин қанша?

— О-о сорама! Еки миллион сегиз жүз мың!

— Атаңа рахмет!

Солай етип, «арба ойға жумалады». Бир ҳәптеден кейин өзимниң китапханамнан әкелген китапларымнан хабар алыўға бардым. Барсам, олар жоқ.

— Қаяқта?

— Сатылып кетти.

Бир қыйналдым, бир қуўандым. Қыйналғаным, ол китаплардың ишинде кисиге берип турыўға көзим қыймайтуғын китапларым бар еди, қуўанғаным, арқадағы районлар таксиге салып қайтарып жиберген китаплардан биреўи де қалмай өтип кетипти. Демек, китап өз оқыўшыларына жетпей атырған екен дә!

Сол-сол екен, усы күннен баслап қарақалпақ тилиндеги китапларды басып шығарыўға жең түрип кирисип кеттим. Өзим басшылық етип атырған «Билим» баспасынан тысқары «Қарақалпақстан», «Илим» баспаларына да жаңа китаплар басып шығарыўды усыныс еттим. Буннан басқа орайлық баспалардан ҳәр ай сайын бир неше миллионлық китаплар сатып әкелип, дүкан ишин толтыра басладым. Енди маған адамлар «исбилермен жазыўшы» деген лақап бере баслады.

Булай айтыўының да себеби бар. 1991-жылы «Арал» атлы жеке меншик журнал ашып, оны өзим басып шығарып, өзим сатқанман. Бул лақапты кеше-бүгин емес, сонда арттырғанман. Неси бар? Исбилермен жазыўшы болсам — исбилермен жазыўшы шығарман. Заман исбилермендики емес пе?

Тийкарында мениң исбилерменлигим өзим басшылық еткен баспа жәмәәтине де, китап дүканына да жақсы ғана пайда берди. Көптен бери қарақалпақ тилинде басылмаған жәҳән әдебияты классиклери Кричан Чандр, Азиз Несин, Шыңғыс Айтматов, өзимиздиң жазыўшы-шайырлардан Узақбай Пиржанов, Төлепберген Мәтмуратов, Әскербай Әжиниязовтың китаплары баспадан шықты. Әсиресе, Мақтумқулының, Әжинияздың китапларының қайта басылыўы бизиң баспамызға болған китап оқыўшыларының ықласын арттырды. Бул китапларды жүзлеп, мыңлап оқыў орынлары да сатып ала баслады. Жасыратуғыны жоқ, арасында өзимниң китапларым да басылды.

Мақтанып атыр деп ойламаң, гейде китап сатыўшы қыз қоңыраў етеди.

— Дүкан бетке келип кете алмайсыз ба?

— Неге?

— Бир-еки китап оқыўшы автограф алсақ бола ма, деп күтип отыр.

Дәрҳал жетип бараман. Ақыры, мен халық жазыўшысыман. Халқым күтип турса неге егленеди екенмен?!

Китап дүканы ҳәр күни китапқумарлар менен толы еди. Биз ҳәптеде бир мәрте жаңа китаплардың презентациясын өткерер едик. Жазыўшы-шайырлар менен китап оқыўшылардың ушырасыўларын шөлкемлестиремиз. Бул илажлардың ҳәммеси баспа сөзде жәрияланып, телевидениеде көрсетиледи.

Солай етип, бизиң китап дүканымыз республикада номери биринши мәдeният орайына айланды.

## 4. «Жаслык»қа китап барды

2017-жыл 12-январьдағы ҳәм 2017-жыл 13-сентябрьдеги китап өнимлерин басып шығарыў, китапқумарлық мәдениятын арттырыў ҳаққындағы Президентимиздиң бийлик ҳәм қарарлары халқымызды пүткиллей китапқа қайтарды. Бизиң жумысымыз да барған сайын раўажланыўға қарады. Халқымыздың китап оқыўға деген ықласы күн сайын өсип барар еди. Биз дүканға алып келген 30 — 40 миллион сумлық китапларымыз он-он бес күнге бармай өтип кетер еди. Енди бурынғыдай айына бир мәрте емес, ҳәр он күннен китап жаңалап турыў күнделикли зәрүрликке айланды. Айырым турақлы китап оқыўшылар келип:

— Жаңа китаплар бар ма? — деп сорайды.

— Бар, әне турыпты, кеше келди.

— Буларды өткен сапар алып оқып болдым ғо, — дейди олар.

Биз енди оқыўшыларға китап жеткере алмай қыйналатуғын болдық. Лекин, бул қыйналыў көўилге ләззет бағышлар еди.

Кейинги ўақытлары көшпели китап дүкан шөлкемлестириў зәрүрлиги келип шықты. Университет, институт, колледж, лицей, әскерий бөлимлер, қулласы, қай жерде халық көбирек жыйналатуғын әнжуманлар болатуғын болса, бизге еки-үш күн бурын келип, буйыртпа беретуғын болды.

«Бизде китап ярмаркасын» өткерип бериң!

Исенесиз бе, 2018-жылдың дәслепки үш айы ишинде 19 мәрте китап ярмаркасы өткерилди. Қәйерде дең — бири Тахтакөпирде, бири Қоңыратта, бири Шымбайда, бири Қанлыкөлде. Ҳәр қайсысының арасы 100 — 200 шақырым. Лекин, ха-

лыққа китап керек екен, аралықты бәнелеўге бола ма?!

2018-жылы февраль айында «Жаслық» станциясынан китап ярмаркасын өткерип бериў ҳаққында усыныс хат келди. Ҳайран болып қалдық Ақыры, ол Нөкиске 400 километр турады, оған көлик қайда, баратуғын адам қайда?!

Әскерий бөлим басшылары бизиң жуўабымызды күтпестен бөлимниң ҳәмме жаўынгерлерине ҳәм сол әтираптағы елатқа ярмарка өтетуғын күнди де дағазалап жиберипти. Нәтийжеде «мойынға қыйып салған» бул жумысты бежермеўдиң илажы болмады. Машинаға 8 млн. сумлық китап салып, еки шәкиртимди жибердим. Кеште соннан бир сумка ғана китап қайтып келди.

Биз жаслар китап оқымайды деп көп налыр едик, адамлар китаптан бет бурып кетти деп өкпелер едик. Ҳаслында, оқыўшы ҳәм жазыўшы арасындағы байланыс үзилип қалған екен. Бул «үзилген байланысты» мәмлекетлик сиясат қайтадан жалғап ҳәм беккемлеп берди. Енди болса биз оқыўшыларға китап жазып үлгере алмай атырмыз.

Бир пайытлары мен ҳәкимиятлардан китапларымды арқалап қайтып «Неге мен жазыўшылықты таңладым?» деп ҳәсирет шеккен болсам, енди көкирек керип айтаман — Мен жазыўшыман! Мен халқыма керек адамман! Мен жас әўладқа руўхый азық бериўши инсанман!

Олар меннен ҳәр күни, ҳәр саат сайын усы руўхый азықты асығыслық пенен күтип турғандай!

*2018-жыл, май-июль.*

# «МӘЎРИТ» ҚАЛАЙ ПАЙДА БОЛДЫ ҲӘМ ОЛ НЕГЕ ТОҚТАДЫ?

## Телебаслаўшылық кәсип бе, өнер ме?

Ырасын айтсам, бул сораўға өзим де анық жуўап бере алмайтуғындайман. Бирақ, соны тақыйық билемен, ҳәр қандай журналист яки жазыўшы қәлеген ўақытта телекөрсетиў ҳәм радио-еситтириўлерди шөлкемлестириўге ҳәм оны алып барыўға таяр болыўы керек. Бул олардың кәсиплик жуўапкершилигине жатады.

Бул ушын журналист өзи сөз етпекши болған тема үстинде көп изленген, сол тараўдың уңқылшуңқылына дейин қәнигеден кем билмейтуғын дәрежеде саўатқа, ең кеминде жақсы түсиникке ийе болыўы шәрт. Сениң берген саўалларың сол тараўдың жуўаплы хызметкериниң бар билгенин «суўырып алыўға» себепши болыўы тийис. Ол сени үстиртин жуўаплар менен «алдарқатып» кетпеўи, яки сениң ол тараў бойынша түсинигиңниң кемислигинен пайдаланып, өзиңди уятқа қалдырмаўы керек болады. Телебаслаўшының албырап яки саўалы бийкарланғаны жүдә күлкили жағдай.

Мен анық еслеймен, Қарақалпақстан телевидениесинде бир кәсиплес жасы үлкенимиз Хожели районында бир пуқараның колхоз баслығы ҳаққында жазған арзасын жақлайман деп, сыр алды-

рып қойды. Колхоз баслығы ол адамның наҳақ екенлигин дәлиллер менен айтып берип атыр. Бизиң журналистимиз болса орынсыз сəўаллар менен сол арзагөйдиң тәрепин ала берди. Сонда колхоз баслық:

— Сиз журналистсиз бе яки сол арзагөйдиң адвокатысыз ба? — деди.

Бир жақта отырып мен уялып кеттим. Өзиң жуўап бериўшиден утылдың ба, ең болмаса сол жерин эфирге берме! Журналист өзиниң наҳақ екенлигин еле де түсинбей, оны эфирге узатты. Соның менен колхоз баслықтың қәтесин журтқа көрсетемен деп ойлады. Бул оның кәсиплик маманлығының сайызлығы еди. Ақыры, арзаның ҳәммеси де ҳақыйқат бола бермейди.

Усындай жуўапкершилигине бола мен телебаслаўшылықтан қорқар едим. Оның үстине мениң даўысым да уяң, сəўалларым тыңлаўшыма толық жетип бармайтуғындай сезилер еди кеўлиме.

Лекин, мен ойламаған жерде телебаслаўшы болыўыма туўра келди. 1984-жылы август айларының иши еди. Телевидениеге жумысқа барғаныма жаңа бир жылға шамалас ўақыт болған. Сол жыллары «Ашықтан-ашық сөйлесиў» деген көрсетиў пайда болды. Көрсетиўди журналист Артықбай Қәлимбетов таярлап, диктор Бийбихатша Машарипова алып баратугын еди. Орайлық Комитеттиң Бас секретары Ю.В.Андроповтың «қылышынан қан тамып» турған пайыт. Қайсы тараў басшыларын усы көрсетиўге шақырдың ба, аяқ-қолына қалтыратпа тийе баслайды. Келмей қалыўға яки жағдай айтыўға ҳақысы жоқ.

Сол бир күни түстен кейин Артықбай Қәлимбетов мени шақырып — Бийбихатша бүгин келе алмайды. Усы көрсетиўди сен апарасаң, деп қалды.

— Мен көрсетиў алып барып көргеним жоқ, — деп шыжа-пыжа болдым.

— Ҳеш қыйыны жоқ, үйренип кетесең!

Усыны айтты да, «асығыс жумысым бар» деп кетти де қалды. Сол күнги тема Нөкис дийқан базары ҳаққында екен. Не ушын базарда дийқанның өзи емес, алып-сатарлар отырады? Баҳаларда неге турақлы өлшем жоқ? Қулласы, базар ҳаққында айтсаң гәп көп ғой!

Кешки көрсетиў басланардан ярым саттай алдын базарком Бақый Раметов басқарған еки-үш адам келди. Булар базардағы милиция инспекторы, санэпидстанция хызметкери, базаркомның өзи, және кимдур бар еди.

Қарақалпақша «Хабар»дан кейин эфирге шықтым да кеттим. Көрсетиў туўрыдан-туўры эфирге берилип тур. Бундайда өзиң масқара болып қалмаў ушын туўысқаныңның да бет-жүзине қарамаўға туўра келеди. Базар бойынша мен бираз унамсыз ўақыяларды билетуғын да едим.

Бир күни милиция инспекторы қолында капустаның қарамындай ғана шекийнеси бар кемпирди әнтек-тәнтегин шығарып, кеңсесине алып баратыр. Кемпирдиң қолындағы түйиншик жазы менен қатық уйтып, гүби писип, тулпқа тыққан торағы екен. Бәрин сатып болғанда сол ўақыттың пулы менен он сомнан артпайды.

— Қурттай торақтың несин алып баратырсаң? — дедим мен инспектордың қасына барып. Ол маған «сениң не жумысың бар» дегендей, олыйып бир қарады да:

— Базарда отырыўға руқсатнамасы жоқ, — деди.

— Жудырықтай торақ сатыў ушын қаяқтан руқсат алыў керек? Базарын берсе ҳәзир сатады да кетеди ғо, — дедим мен.

— Сиз қаяқтан билесиз, бул торақта қандай микроблар бар, мүмкин ол сыйыр бурсулез шығар, санэпидтен өтпеген бул торақ…

Соның менен кемпирди «шырлатып» алып кетти. Оны қутқарып алыўға мениң ўәкиллигим жетпеди.

Сол жыллары базарда қалта-қалта қуўырмаш сатылатуғын еди. Қуўырмаш арпа дәнинен таярланады. Лекин, сол арпа бизиң жақта өспейди. Ол Россиядан дүканларға жиберилип, қантлы диабет кеселлигине шатылғанлар ушын дизим бойынша берилер еди. Лекин, диабетиклер «атлы излеп» таба алмайды. Ол болса базарда қалта-қалта қуўырмаш болып сатылып тур. Олардың «пышығына пыш дейтуғын» адам жоқ.

Тағы бир жағдай, дийқан азан менен базарға еки яки үш қалта гешир әкеледи. Оны алып сатарлар базарға киргизбестен орап алады да, өзлериниң дейдиндеги баҳаға сорайды. Дийқан бергиси келмейди. «Өзим отырып сатаман» дейди.

— Мейли, сатсаң сат, лекин биз айтқан баҳадан бир тийин түсирмейсең? — деп шәрт қояды базардағы «мафия»лар.

Ойлап турса, ол айтылған баҳа менен дийқан еки қалта геширин еки күнде де сатып бола алмайды. Нәтийжеде, алып сатарлар айтқан баҳаға көтере сатып кетиўге мәжбүр болады.

Мине, усындай — өзим көрип жүрген, бир нешесине гүўа болған ўақыяларым көрсетиўди мү-

дирместен алып барыўыма жәрдем берди. Қырқ бес минутлық көрсетиў ҳеш бир иркинишсиз алжасықсыз өтти.

— Иним, бир терлеттиң! —деди Бақый аға шыққаннан кейин.

— Аға, мен еки терледим, — дедим ҳәзил менен, биринщиси — эфирге биринши шығыўым себепли, екиншиси — тас төбеден урып турған прожектор-лардың ысыўынан.

Ҳәр күни азанда радио-телевидение басшысының қатнасында өткен ақшамғы көрсетиўге қатал сын берилер еди. Мәжилис өтетуғын жайға «бир қысым» болып кирип бардым. Қудай жарылқап, көрсетиўим ҳаққында айтарлықтай сын болмады, мақталмады да! Лекин, усы көрсетиў мени «резервтеги телебаслаўшы» сыпатында белгилеп қойды.

1985-жылы Орайлық Комитеттиң (бурынғы аўқам мысалында) Бас секретары болып М.С.Горбачев сайланды да, қурыўлы турған жәмийетти «Қайта қурамыз» деген ўаз тапты. Москвадан «Время» бағдарламасынан кейин ярым саат «Зеркало перестройка» деген көрсетиў шөлкемлестирилип, ол ҳеш кимди аяп отырмастан, дус келген «Чиновник»тиң «пөстегин қағар» еди. Бул епкин кешикпей бизге де жетип келди. Қыстаўлы түрде ҳәр базар күни «Қайта қурыў айнасы» деген көрсетиў таярланатуғын болды. Әне, сонда басшылар «Резервтеги телебаслаўшы» мени таўып алды ҳәм нарийзалығыма қарамастан усы көрсетиўди мойныма таңды.

Бул көрсетиўдиң жәмийетшилик арасында қандай абырайға ерискенин майдалап айтып отырмай-ақ қояйын, лекин, биринши көрсетиўди еслеп өтпесем әңгимем шонтық болажақ.

Солай етип, биринши көрсетиўди таярлаўға «старт» берилди. Тема таңлаў еркинлиги өзиме қалдырылды. Мен ғөне қаладағы «май аўыл»дан қатнап ислер едим. Ол жыллары «Қызкеткен»ниң Ташкент мийманханасы тусындағы таза көпири питкен, лекин, көпирден түскеннен баслап әскерий комиссариатқа дейинги аралықта тек ғана жүк машиналары жүрмесе, автобус яки жеңил машина жүриў мүмкиншилиги жоқ еди.

Усы жолды бас тема етип алдым да, жолдағы ала шаңғытты, жолдың тегисин аламан деп гә ана шетке, гә мына шетке бурраңлап киятырған жүк машиналарын сүўретке алдырдым. Эфирге берер ўақытты қалалық атқарыў комитети басшылары атма-ат айтылып, өткир сынға алынды.

Ертеңине азанда жолға шыққаным сол, бир «Зил» машина тусыма келип тоқтады.

— Миниң! — деди шофёр кабинаны ашып.

— Ташкент мийманханасына шекем алып кетесиз бе?

— Мийманхана деген не, телевидениеге дейин апарып таслайман! — деди айдаўшы.

Соң ол түндеги «Қайта қурыў айнасы»н көргенлиги, өзи таныйтуғын бир неше шофёрларға қоңыраў еткенлиги ҳаққында толып-тасып айтып берди.

— Сиз айтқан менен жол бирден оңланағоймас, лекин, қала басшыларының атларын айтқаның үлкен мәртлик болды! — деп қосып қойды ол.

«Летушка»да (ҳәптелик көрсетиўдиң анализи) «Қайта қурыў айнасы» айрықша мақталды. Усы бетти жаздырмаў кереклиги ҳаққында тилеклер билдирилди, өзимди қустай жеңил сезип, түсликке қайттым. Киятырсам, ҳәзир айтсам лаптай, С.Айний көшесиниң басындағы айланбада ыссы асфальт

тийелген еки «Маз» машинасы төгиўге гезек күтип тур, аржағында болса асфальт соғыўшы машина дәслепки төгип кеткен асфальтты жайып ҳәм нығарлап киятыр. Сын көрсетиўдиң ярым мезгил ишинде бул дәрежеде тәсир еткенин биринши көриўим еди. Солай етип, бир ҳәпте ишинде үстинен мәйек жумалайтуғын асфальт таяр болды. Гөне қала — таза қала ортасына автобуслар қатнай баслады.

«Қайта қурыў» үш-төрт жыл даўам етти, әсиресе, бизиң республикада «шаш ал десе бас алатуғын» тәртип орнады. Аты шыққан не-не министрлер, бирлеспе басшылары, атақлы райком секретарлары избе-из жумыстан босап, биразлары қамаққа алынды. Халық қатты ҳүрейленип жасай баслады.

1989-жылдың февраль айында телерадио комитети баслығы Улмамбет Хожаназаров телевидениеге келип, редакторлар менен мәжилис өткерди.

— Халық қатты ҳүрей менен жасап атыр, — деди ол. — Жазықлы да, жазықсыз да саясынан қорқатуғын болды. Енди жәмийетшиликти тынышландырғандай, илажы болса күни менен ги тәшўишин умытып, бир заман кеўилли дем алғандай көрсетиў бериўимиз керек. Қапылып қалған ҳеш нәрсе жоқ. Урыс ўақтында да «Сондай күлдим ўаҳа-ҳа» деген қосықлар айтылып, халықтың дәртин жеңиллеткен ғо. Соның ушын бир көрсетиў ойлап, режесин бизге усының, коллегияда қарап, мақул болса тастыйықлап беремиз.

Бул усынысты ким қалай қабыл етти билмедим дә, лекин, мен еки күннен кейин «Мәўрит» көрсетиўиниң режесин таярлап, коллегияға усындым. Реже коллегияда бир аўыздан мақулланды.

## «Мәўрит»тиң дәслепки қәдемлери

Бул ескирген, жаслар оның мәнисине түсине бермейтуғын гөне сөз еди. Оның мәниси .... «бир замат», «бир майдан» дегендей мәнисти аңлатады, яғный, адамлар бир заман шаршағанын шығарсын деген түсиникте усынылған еди. Солай да болса, еле де түсиниклирек болыўы ушын сөзлерди тарқаттым — Мәденият, Әдебият, Ўақыялар, Реклама, Информация, Тәшўишлер!

Усы алты бағдар көрсетиў мазмунын қураўы керек еди. Ҳәр бир ўақыяның яки информациялардың арасында бир жақсы қосықтан берилип барылады, Яғный, бул «бутерврод» көрсетиў болыўы тийис еди. Солай исленди де.

Әлбетте, мен бул усылды аспаннан алмадым. Москва телевидениесинде сол жыллары азанғы «90 минут» деген көрсетиў усындай характерге ийе еди. Олар болса бул усылды Американ телевидениесинен алған деп еситтим. Халыққа «жоллаған информация»ны солай берместен, оны қосыққа араластырып берип тыңлатыў усылы еди бул. Телетамашагөй көбирек қосық тыңлағанды жақсы көреди, қосық баханасында информациялық ҳәм ҳәр қыйлы ўақыялардан хабардар болып турады.

Солай етип, 1989-жыл март айында «Мәўрит»тиң биринши көрсетиўин таярлаўға киристим. Мениң бар дыққатым көрсетиўде журттың дыққатын бирден өзине тартқандай жаңалық енгизиўде еди. Илгери жылларғы мақалаларымда кишкене бала ўақтымнан баслап халық қосықларын сүйип тыңлайтуғынымды жазғанман. Бул қәсийет ҳәзир де мени тәрк еткен жоқ. Мен әсиресе, Фатима

Бекполатова, Анар Қурбанова, Алтынай Сабирова, Нәзийра Дилимбетова, Қәлбийке Матьякубовалардың қосықларын жалықпай тыңлаўға барман. Телевидениеге жумысқа келгеннен кейин усы қосықшыларды излей басладым. Фатима, Анар, Алтынайлар қашшан дүньядан өткен екен. Қәлбийке Матьякубованың болса қаякта екенин ҳеш ким билмейди.

— Нәзийра Дилимбетова бар, — деди маған радио хызметкери, шайыр Базарбай Қазақбаев. — Мынаў турған жер, «Өрнек»те турады. Радиодан көшпели сес жазыў аппараты орнатылған машина алып, Базарбай аға, мен ҳәм Анатолий Кенжемуратов (сес режиссёры) менен Нәзийра апаның үйине бардық. Апа бир өзи турады екен. Базарбай ағаны көрип қуўанып кетти. Олар бир-бирин көрмегенине 27 жыл болған екен.

Нәзийра апа денсаўлығына байланыслы үйде отырып қалған. Өмирлик жолдасы қайтыс болған. Перзентли болмаған. Жаслайынан жабысқан жапсақ оны буннан онлаған жыллар алдын ләң етип таслаған екен. Еки аяғы дизеден төмен ислемейди. Еки қолының бармақлары бүгилиўи менен алақанына қатып қалған. Сол қолы менен жылыслап барып тоққа шай қояды, плитаға аўқат писирип ишеди екен. Бирақ, көкирек саз, даўыс саз, кеўил хошлығы да жақсы.

Биз оны көрсетиўге қатнасыўға мирәт еттик. Ол қуўана-қуўана разы болды.

Көрсетиў сүўретке алынбастан бир күн бурын апайды «Өрнек» тен алып келиў ушын телевидениеден машина сорадым.

— Он еки мүшеси саў қосықшылар азлық етип тур ма?! —деп күлди олар.

Қулласы, машина берилмейтуғын болды. «Шымбай шайхана»дан такси услап өзим кеттим. Дәслеп мектепке барып, Нәзийра апаны машинаға мингизиў ушын муғаллимлерден ҳәм оқыўшылардан жәрдемши алдым.

Студияға «Мухаллес» ансамблиниң сазенделерин шақырып қойған едим.

Көрсетиў басланды. Нәзийра апаның сазға түсип қосық айтпағанына сәл кем отыз жыл болыпты. Қурбанбай Ещанов, Кәримбай Тыныбаевлар оның бир дегеннен сазға қосып айтып кеткенине ҳайран қалысты. Қатарына бес қосық жазып алдық. Жазып болдық та «видеодан қандай болып көринген екен» деп барып көриў ушын ҳәммемиз жоқарыға шығып кеттик. Қосықлар кеўилдегидей болып жазылған еди.

Қайтып келсек, студияның аўзында телеоператор Жанназар Жаббарбергенов шыжа-пыжа болып бизлерди күтип турған екен.

— Қаяққа кетип қалдыңыз? — деди ол төбемизди көриўден.

— Ҳе, не болды?

— Сизлер кеткеннен кейин Нәзийра бир егитилип жыладыма дейсең, биз студияда қалған ҳәммемиз қосылып жыладық.

— Түсирип алдың ба камераға?

— Яқ. Оны не қыламыз?

— Ўақ-әй, апайдың ишки дебдиўлерин бериўге керек еди ғо, — дедим мен өкинип.

Биз кирип келгенимизде ол кеўлин жәмлеп, бурынғы ҳалына қайтқан екен. Биз оннан «неге жыладың?» — деп сорай алмадық. Ол, бәлким, сонша жылдан кейин нәзерге илингенине қуўанып жылады ма, яки ҳәмме турып-турып кеткенде орнынан

қыймылдай алмай қалғанына қорлығы келип жылады ма, бунысы бизге жумбақ болыўы менен қалды.

Ертеңине ҳәмменин аўзында «Мәўрит» гәп болып кетти. Республикалық емлеўхана шыпакери Арыслан Шерланов мени қасына алып Нәзийра апаның үйине барды ҳәм оны алып келип емлеўханаға жатқарды.

— Бул туўма кеселлик, — деди ол маған. Буннан тәўир болып кетпейди. Барып-барып омыртқа сүйеги менен қарны жабысып қалады. Ҳәм дүньядан өтеди. Биз оны бес-алты күн болса да кеўли сергисин, азырақ та болса ем алсын деген нийетте әкелдик.

Соннан баслап Нәзийра апа Дилимбетова бир жылға дейин емлеўханаларда, санаторияларда даўаланды. Ҳәммесинде де докторлар саўап ушын ол апайды өзлери алып кетип жатқарды ҳәм шыққаннан кейин үйлерине алып барып қойды. Қаҳарман Алланияз Өтениязов бир жазда баласы менен бирге үш бөлме жай салып берди.

Усылай етип, «Мәўрит»тиң биринши санының өзи маған үлкен абырай-мәртебе алып келди.

Он жыл даўам еткен бул көрсетиў барысында Қәлбийке Мәтякубованы таўып алдым. Оннан басқа «пәлек астында қалып кеткен» талантлар Турғанбай Қәлендеров, кейинирек ол Қарақалпақстан халық бақсысы болды, Қоңыратлы Орынбай Барлықов, Кегейлиши Қәлбийке Узақбергенова, Тахтакөпирли Азат Мәмбеткаримовлар ел нәзерине түскен қосықшыларға айланды.

Тоқсаныншы жыллары «кой дейтуғын хожа жоқ, айтарыңды айтып қал» деген заман болды. Оның үстине ески аўқам тарқаў алдында, өн-

дирислер тоқтаған, қайсы дүканға барсаң босаған прилавкалар алдыңнан шығады. Халық қатты дағдарысқа ушырады. Мен бул аўҳалды бүркеместен, ашықтан-ашық қысқа информациялар арқалы астарлы пикирлер менен берип бардым.

Сол жыллары «миллет сиясаты» деген «жаңа термин» пайда болып, бир миллетке — екинши миллет еңсесин ғүжирейтип турыўға қараған еди. Газеталарда усыған байланыслы ҳәр қыйлы ҳәм қызықлы, ҳәм ерси информациялар берилип туратуғын болды. Сол жыллары ғезлестирген бир информацияны эфирге бердим. Бурынғы аўқам көлеминде өз миллетинен басқаларды тегинликте басшы лаўазымларға көтермейтуғын республика —Арменстан екен. Оларда басшы хызметкерлердиң 96%тин армян миллетиндегилер қурайды екен. Екинши орында болса эстонлар. Бул мәселеге биз оғада демократ екенбиз. Ибрайым ағаның:

Ағамлар өтсин деп жүрип,

Есикте өзиң қалыпсаң, дегениндей, бизде бир неше миллет ўәкиллери жуўапкерли лаўазымларда ислер екен дә, өзимизден болғанлар азшылықты қурар екен.

Бир сапары жалаң аяқ жүриўдиң пайдасы ҳаққында информация бердим. Докторлардың мәсләҳәт етиўинше жаз айларында жалаң аяқ жүриў жүдә пайдалы, табанға массаж ислеген менен барабар, булшық етлер шынығады, қан айланыс жақсыланады, тағы-тағылар.

Бул информацияның изине мен «заманның усы барысы болса, ҳәммемиз де жалаң аяқ жүретуғын шығармыз» деген гәпти қостым. Бул — халықтың кеўлиндеги гәп еди.

Қулласы, бундай астарлы сөзлер менен айтылған пикирлер жүдә көп еди. Он жыл ишинде 120 көрсетиў эфирге шыққан болса, ондай астарлы сөзлерден қаншасы эфирге кеткен, Қуда билсин! Ҳәзир ойласам, сол айтқан гәплеримнен өзим сескенип кетемен!

Маған «кешеги көрсетиўиң зор болды» деп көзиме мақтаўлар жүдә көп айтылды. Мен «рахмет» деп бийпарўа өтип кетер едим. Бул хошаметлерди «мен көзимше мақтаў» деп түсинип, еки-үш жылға дейин шын кеўилден қабыл етпегенмен. Кейин ала қай жерге бармайын, қайсы районда болмайын «Мәўрит»ти аңлып отырып көремиз» деген пикирлерди есите бергеннен кейин, «ҳақыйқатында да, халықтың кеўлинен шығатуғын қусайды-аў» деген пикир пайда болды менде. Бул маған және де үлкен жуўапкершилик жүкледи. Енди буны бир қәлемде босастырмаўым керек.

1991-жылы мен телевидениеден шығып, басқа жумысқа өтип кеттим. Лекин, «Мәўрит» мойнымда қалды. Оны ай сайын үзилиске түсирмей алып бардым. 1998-жылы эфир арқалы «Мәўрит»ти даўам еттириўши жас журналистлер болса келсин, мен оларға эстафетаны тапсырып кетиўге таярман» — деп дағазаладым. Бул телевидение басшыларына жақпай қалды. «Мәўрит»ти кимге бериўди ол емес, өзимиз шешемиз, — деген өкпели гәплер айтылғанын еситтим. Олар ҳақ еди. Телекөрсетиўди кимге тапсырыў, олардың ўазыйпасы. Ал, мен болсам «Мәўрит»ке әбден баўыр басып, оны өз меншигимдей көрип кеткен екенмен. Бәрибир де ҳеш ким «көрсетиўди мен алып бараман» деп баслама көтерип шықпады. Солайынша көрсетиў мойнымда қала берди.

Деген менен, көрсетиўди таярлаў маған барған сайын аўырлық ете баслады. Әдебий шығармалар жазыў менен шуғылланыўға ўақтым аўыспады. Пикир-қыялым ҳәмме ўақыт «Мәўрит»тиң келеси санын ойлаў менен бәнт болар еди.

Оның үстине материаллық жетпесшиликке де көп ушырадым. Көрсетиўдиң бир санына 150 сум гонарар алар едим. Ал оны таярлаў ушын 1000 сум шығын шығатуғын еди. Ҳәр айда 850 сум зыянды өз есабымнан қаплаўға туўра келди. Лекин, халықтың ықласын ҳәр қандай шығынлардан артық көрдим, көрсетиўди үзилиске түсириўге жол қоймадым.

1999-жылы август айында көрсетиўдиң жаңа санын Әмиўдәрьяның көпириниң аўзындағы үлкен қара үйде алып бардым. Төменде, қайықта суў үстине қурылған паяпылда қосықшылар қосық айтты. Қырққа жақын қосықшы ҳәм ойыншылар кешке дейин сүўретке алынды. Суў хожалығы хызметкерлери бизге ҳәмме мүмкиншиликлерди жаратып берди, сонша адамға шай-суў да берди.

Лекин, усы көрсетиў себепсиз эфир жүзин көрмей қалды. Неге берилмей қалғанын бүгинги күнге дейин ҳеш кимнен сорамадым. Бирақ, қатты өкпеледим. Себеби, сонша қосықшы ҳәм ойыншылар алдында, әсиресе бизге күн даўамында хызмет еткен суў хожалығы хызметкерлери алдында тилим қысық болып қалды мениң! Мен қолынан ҳеш нәрсе келмейтуғын, жалғаншыға айландым. Сол себеп болды да, көрсетиў таярлаўдан биротала ўаз кештим.

Бул ушын биреўди аса гүналамайман. Бәлким, шаршаған да шығарман. Республика басшылары мениң сонша ашшы гәплериме үлкен кеширим

менен қарады. Маған бир аўыз ескертиў жасаған жоқ. Оларға мың-мың рахмет! Мени «еркелетип» қойған еди олар!

Қулласы, мени халыққа таныткан «Мәўрит» көрсетиўи. Бул ушын телевидениеге миннетдаршылығымды билдирип қойыўым тийис. Әлбетте, хәр қандай тийиспели гәплер айтқан болсам, бул елимиздиң мәпи, халқымыздың абаданлығы жолында айтылған орынлы пикирлер еди. Мен тек оларды әдебийлестирип, сатиралық тил менен жеткерип бердим.

«Мәўрит»те көриниўге талабанлар көп болды. «Хызмет болса атқарысатуғын»лар да тәўир баршылық еди. Мен оларға ушпадым. Көрсетиўдиң мәнисин қашыратуғын хәр қандай «пайдалы сюжетлерди» жақынлатпадым. Олардың көбиси маған өкпели де шығар.

Бул көрсетиў ҳаққында кишкене мақала емес, китап болатуғын ўақыялар хәм сюжетлерим бар. Бәрин келтире берсем, «бул қартайған екен, мақтаншақ болыпты» деп ойлап қалыўыңыздан қорқып, узын гәпти қысқартып, усының менен жуўмақламақшыман.

*2018-жыл, 26-июль.*

## ТӘЖИРИЙБЕДЕН ТУЎЫЛҒАН ОЙЛАР

1

Жаман шығарма жазбаў ушын, жаман шығармаларды да оқып турыў керек.

2

Меннен «бос ўақтыңды қалай өткересең?» деп көп сорайды. Мениң зеригип отырыўымның кимге қызығы бар?!

3

Жас талантлар ақсақал жазыўшылардың бахтын әрман етеди, ал ақсақал жазыўшылар болса, олардың жаслығын.

4

Жылына бир қосық жаңаламаған қосықшыны, қаўынды қаладан сатып алып жеген аўылдың адамына усатаман.

5

Шайырлық—ҳақыйқый шайырлар ушын муқаддес зат, базыбиреўлер ушын—хобби (ермек).

6

Аңшылар жәмийетине ағза болғанлардың бәри мерген бола бермейди, жазыўшылық та сондай.

7

Ескирген сөзлерди шығармаға зорлап тығыстырыў, таза кийимге гөне жамаў басқан менен барабар.

8

Турмыстағы ҳақыйқатлықтың бәри әдебиятқа сыя бермейди.

9

Инсан ушын жеркенишли ўақыяларды шығармаға киргизиў, оқыўшыны әдебияттан түңилдиреди.

10

Атақлы инсанлардың даўысына яки айтқан қосықларына дәл еликлей алсаң, дүрлеген қол шаппатлаўларға ийе боласаң, бирақ, бул бәрибир саған емес.

11

Мәкемени басқарыў — үйди басқарыўға усамайды. Мәкемеде жумыстан босатасаң, сөгис жәриялайсаң, жәриймa саласаң, үйде булардың ҳеш қайсысы жоқ.

12

Қысқа пикирлер — жиңишке резинаға усайды. Үлкен шығарма етейин деп созсаң, үзилип кетеди.

13

Мәскүнем ишиўди қойса молла болады.

14

Ҳақыйқатлық — күл астындағы шоққа усайды, бәрибир ол бир алыспай тынбайды.

15

Ҳеш кимниң қартайғысы келмейди, бирақ, узақ жасағысы келеди.

Ҳеш кимниң өлгиси келмейди, бирақ, бейишке барғысы келеди.

16

Табысқа қолың жетсе дос қызғанады, душпан күнлейди, себеби, ол тек сеники.

17

Ҳаялдың муҳаббаты көбирек қалтаңа ғәрезли, кәмбағалдың изинен жуўырып жүрген нашар көрмедим.

18

Муҳаббат — он сегиз жаста ғыжлаған шоқ, жиғирма бесте ол күлдиң астында турады, отыздан кейин үрлеп тутандырыўың мүшкил.

19

Ҳаял адам бир ўақыттың ишинде ҳәм тыңлап ҳәм сөйлей алады.

20

Жигит он қызға сөз айтып бир қызға үйленеди.

21

«Бир жигит тахтқа минсе, қырқ жигит атқа минеди», бирақ, сол «аттағылар» бәрҳәма «тахтты» көз астына алып жүреди.

22

Ҳақыйқат — ашшы, бирақ, оны түкирип таслай алмайсаң.

23

«Ол тас пенен урса, сен ас пенен ур», лекин, бийғам болма, ол еле қалтасындағы таслардың бәрин атып болған жоқ.

24

Қатнасықта туўысқан жақын, қәсте болғанда қостарың.

25

Жас ўақтында ата-анаңнан тартынасаң, қартайғанда балларыңнан.

26

Қатты қол басшыға кеткеннен кейин де бағынып жүресең.

27

Еркек қыянет етсе де, ҳаялынан диянат талап етеди.

28

Байлық адамды сулыў ҳәм ақыллы етип көрсетеди.

29

Семизлик биринши басқышта адамға ўақтыхошлық бағышлайды. «Толысып, шырайланып киятырман» деп қуўанып жүресең.

Екинши басқышта «еле онша семиз емеспен» деп өзиңди жубатасаң.

Үшинши басқышта ол саған күш бермейди.

30

Пул — жаслық шағыңда қатар-курбың менен ойнап-күлиў ушын, үйли-жайлы болғанында бала-шағаңды бағыў ушын, қартайғанда болса балаларыңа жалтақ болмаў ушын зәрүр.

31

Талант — хошаметке семиреди. Актёрлар залдағы адамлардың қол шаппатынан, бақсылар курдағы халықтың «ҳәй, барекелла»сынан, жазыўшылар шығармасын мақтап жазған мақаладан ләззет алады.

32

Талантлы инсанлардың перзентлери еки тайпада болады: биринсиси, атасының даңқын көкке көтереди, екиншиси, халықтан бурын умытады.

33

Ҳаялға берилген пул, қулпқа салып, гилтин жойтып алған менен барабар.

34

Ҳаял жаман болса,
Ағайин жатласады,
Жақсы болса,
Душпаның-әм қатнасады.

35

Ҳаял күйеўин мақтаныш етсе,
Қатарына үлги болады,
Еркек ҳаялын мақтаныш етсе,
Дуйым журтқа күлки болады.

36

Ерли-зайып
Жаслығында ийтли-мышық,
Қартайғанда әжик-гүжик,

37

Жарлы — жақсы гәпке семиреди.

38

Ешкили аўыл — жарлы аўыл.

39

Базары арзан шәҳәрдиң халқы кәмбағал.

40

Бақырыс пенен өскен ул, жалтақ болады.

41

Аса кеткен менменде,
Терең ақыл болмайды.

42

Кишипейиллик өлшеми менен жарасықлы,
Жөнли-жөнсиз жалбырақлаў — пәслик.

43

Шексиз байлықтың —
Бир жағында шийкилиги болады.

44

Бай адам бийғам уйқылай алмайды.

45

Бузық ҳаялды,
Көзи әшкара етеди.

46

Зәңги тек бийикке шығыў ушын емес,
Түсерде де керек.

47

Жақсылыққа ислетилген жалған сөз,
Мәлел келтиретуғын ҳақыйқаттан абзал.

48

Жақсы адам болыў мүмкин,
Жақсы басшы болыў басқа.

49

Алдап бир мәрте мәпленсең,
Кейин жүз мәрте пәнт жейсең.

50

Ҳақыйқат еки түрли болады — жәриялы ҳәм жәрия етиле бермейтуғын. Адамлар кейингисине өш.

51

Шоқ бала тез басылады,
Жуўас бала барып-барып ашылады.

52

Жақында келин түскен үй,
Есигиниң алдынан билинеди.

53

Үндемеген адам билимли көринеди,
Бирақ, оның «үндеўге» билими жетпей отырады.

54

Өсек гәп — шашып жиберген қосыўыс тарығы мегзейди. Бирақ, соның ишинде бир дән бар, айырып ала алсаң, ол — ҳақыйқатлық.

55

Еркек те, ҳаял да өзинен жасырағын ҳәўес етеди. Лекин, еркектиң аўзы бос, айтып қояды. Ҳаялдың не билгени ишинде.

56

Хошаметтиң ең жақсысы «сиз жас көринесиз» деў.

57

«Қызғанып жасама, қызығып жаса» дейди, бирақ ол екеўи шаңғалағынан айрылмайтуғын жабысқақ шабдалға усайды.

58

Өмир — соншелли узын, көк жийектеги сағымдай, ақыры көринбейди, өмир — соншелли қысқа, умывальниктиң суўындай, түўесилгенин билмей қаласаң.

## БУНЫСЫ ЕНДИ ҲӘЗИЛ

Бурынғы нақыл:

Қатын кимниң қатыны,
Ала қаптың қатыны,
Ала қабың болмаса,
Әлле кимниң қатыны.

Ҳәзирги нақыл:

Қатын кимниң қатыны,
Бизнесменниң қатыны,
Жүриспесе бизнеси,
Гезлескенниң қатыны.

Бурынғы нақыл:

Өзиң пишип, өзиң тигип киймесең…

Ҳәзирги нақыл:

Өзиң жазып, өзиң айтып,
Өзиң сазын шертпесең.

Бурынғы нақыл:

Тоқсан шықпай жүз кирмейди…

Ҳәзирги нақыл:

Миллион шықпай, миллиард кирмейди.

***

Таз — тарақтан қорқады,
Қатық шалаптан қорқады.

***

Ғарры қызға наз жараспайды,
Аш қарынға ўаз жараспайды.

***

Сықмарды еп қуртады,
Қудағайды сеп қуртады.

Бозлақ жерге ектим тары,
Ол тарыға Айхан жары,
Орта бойлы, өзи сары,
Бул жерден Айхан қыз өтти ме?

*(Халық қосығынан)*

Қараң, кәрекеңниң қызлары бурыннан-ақ бизнесмен болған. Турмысқа шықпай атырып-ақ, шериклесип тары егип жүргенин көрмейсең бе?

***

Есигиң алдында өседи ақ тал,
Талға «қосық айт» деп жалынар самал,
Сол ақталды еккен сулыў Айжамал,
Бир әдиўли сыр бар көз қарасыңда.

*«Көз қарасыңда»*

Журттың қызлары есигиниң алдына ақ тал егеди, ал, бизиң хаялдың көрген-билгени тек палаўқабақ.

***

Шадланып, шәўкилдеп урар жүреги,
Мың түменге арзан Бийбисәнемиң.

*(Радиода бузып айтылып жүрген қосықтан)*

Сораў: Бийбисәнемниң жүреги неше сум?

***

Жаслығымды күн нурына нурлатып,
Толқынлап ескенде бәҳәрдиң ләби.

*(Жас қосықшының репертуарынан)*

«Ләб» бенен «леп»тиң парқын билмесе, оннан не үмит, не қайыр?

***

Сизди сауға-сәлем бергенлерге қатты урысып таслайды деп еситтим?..

— Аўа Жасым биразға барғанда не қыламан «парахор» деген атты көтерип.

— Жақсы ислепсең. Лекин, мен баламды жумысқа алғаныңда қолым келтелик етип ҳеш нәрсе бере алмап еди. Соны бүгин табыстырғандай болып едим…

— Әпкел! Әпкел!

— Жаңа алмайман дедиң гой?

— Әй, енди, биринши апрель болған соң ҳәзиллесип едим.

— Биринши апрель болған соң меники де ҳәзил еди.

***

— Ағасы, «тез жәрдем»ге қоңыраў етеғой, көз жаратуғын ўақтым болған қусайды.

— Ертеңгеше шыда! Бүгин — 1-апрель, шақырған менен бәрибир исенбейди.

***

«Күлки — өмирди узайтады» дегенге көп исенебермең, өмир—триконың белдемеси емес.

## ҚАРТАЙҒАН ЕРКЕКЛЕРГЕ ҚАДАҒАН ЕТИЎШИ ҲӘМ РУҚСАТ БЕРИЎШИ ҚАҒЫЙДАЛАР

### Қадаған етиўши қағыйдалар

Кемпир менен бир жайда уйқылап қалыўға болмайды.

Келинниң көзинше ақлыққа бақырыўға болмайды.

Таза кийим кийиўге болмайды.

Жасырақ кемпирге жутынып қараўға болмайды.

Пенсиясын өзи саўыўға болмайды.

Қалтасына пул салып жүриўге болмайды.

Кемпир бар жерде жигит ўақтын айтып мақтаныўға болмайды.

Келинлер турмай атырғанда қатты жөтелиўге болмайды.

Телевизор пультин услаўға болмайды.

Кемпирден руқсатсыз қоңсыға бел берип турыўға болмайды.

Жатардан алдын шай ишиўге болмайды.

Сүйек кемириўге болмайды.

Зыят семириўге болмайды.

Заманның бағытына қарай буған жаңа пунктлер қосылыўы мүмкин.

### Руқсат бериўши қағыйдалар

Жылытпа ишиўге болады.

Кемпир жаманлаған адамды қосылып жаманлаўға болады.

Бала бағыўға болады.

Үйге қарап турыўға болады.

Гөне-көксиде жүриўге болады.
Ақлық көрген мультфильмди көриўге болады.
Кемпир мақтаған сериалды мақтаўға болады.

Заманның бағытына қарай айырым пунктлер алынып тасланыўы мүмкин.

## Хабарландырыў ҳәм қысқа хабарлар

Ҳәмел гүрсисине отырған ўақытлары жоғалтып алыўына байланыслы П.Сақпановтың адамгершилиги бийкарлансын.

* * *

Қайнамаған жаптан суў ишиў қадаған етиледи.

* * *

Газетаға пулсыз хабарландырыў бергиңиз келсе, 100 дана газетке бир жылға жазылыўды умытпаң.

* * *

Сессия ўақтында аўызша қәтере қабыл етилмейди.

*Деканат*

* * *

Ирсек-тирсек қосықларды келе қылып беремен.

*Слесар-шайыр.*

* * *

Шуқлап кемис таба алмадым,
Кейин аўызша жаманладым.

* * *

Керек нәрсе ме сол — «мурындық»,
Мурындық атамыз судланып еди,
Жиғирма «бала» қоса «урылдық».

* * *

—Аўзыңнан гүллемейсең бе? Баяғы бергениңди хәммеге айтып болыпсаң ғо!

—Яғаў аға, тек ҳаялға айттым.

—Оннан артық радиодан хабарлайын деп пе един?!

* * *

Ҳаялыма «ямана сулыўсаң-әй» деп едим, соған қуўанып қалды ғо!

— Сондай сөзди де үйдеги ҳаялға зая етеме екен?!

## Мут мәсләҳәтлер

Еркеклерге мәсләҳәт — «бир гәптен қалсаң бәле жоқ».

* * *

Ҳаялларға мәсләҳәт — «ат айланып қазығын табады», «узын арқанлап, кең тусап» қоябер.

* * *

Қоңсыларға мәсләҳәт — керек болмаса да елгезер сорап тур, болмаса бир-бириңди танымай кетесиз.

* * *

Қудаларға мәсләҳәт — «бaўызлаў қуда» келгенде шайтан таўық баўызласаң да қан шығар.

* * *

Қудағайларға мәсләҳәт — қызыңды мақтап атырғанда, келиниң бар екенин де умытпа.

* * *

Қәйин енелерге мәсләҳәт — келиниң қайтарып сөйлесе өкпелеме, ақыры ол сениң топырағыңнан жаратылған.

* * *

Келинлерге мәсләҳәт — «ийттиң жини дийўана», нақылдың екинши қатарын айт.

* * *

Жасларға мәсләҳәт — ата-ананың қарызы ҳеш қашан өтелмейди, лекин, ата-ана «өтемедиң» деп шаўқым көтермейди.

* * *

Хызметкерге мәсләҳәт — ҳақ та болсаң баслық пенен ерегиспе.

* * *

Студентлерғе мәсләҳәт — студентлик дәўирдиң зағарасы мазалы болады, зағара жеп турың.

## Қыйлы-қыйлы пикирлер

**Сиз мақала оқыйсыз ба?**

— Оқыйман.

— Як. Неғыламан «Қара мақаланы» оқып, бәрибир ондағы мақталған адамларды танымайман.

— Рәсмий мақалаларды қалдырмайман.

— Талас-тартыслы пикир туўдыратуғын мақала болса оқыйман.

— Мақала ҳәмме оқыў ушын жазылмайды ғо.

— Мереке-мейлислерде «билимсиз» көринип қалмаў ушын хабардар болып жүремен.

— Бурын төртинши беттеги материалларды қызығып оқыйтуғын едим. Енди оны да биржа хабарлары қысып шығарды.

—— Еғер мен үш күн газета көрмесем, өзимди атаўлап қалғандай сеземен.

— Қызық болсын-болмасын мақала оқып тураман. Оқымай топасланып қалыўдан қорқаман.

## Кимди жулдыз деўге болады?

— Ҳеш кимди!

— Жулдызға ой жетиў мүмкин, бой жетпейди. Соның ушын биреўди жулдыз деп атаў, оны мазақ қылған менен барабар.

— Егер оның қосығын ҳеш ким өзиндей етип атқара алмаса, соны жулдыз деўге болады.

— Даўыс өткинши, соның ушын жулдызлар да тез-тез жаңаланып турады.

— Жулдыз тек қосықшыларға тән теңеў емес, әдебияттың да, илимниң де жулдызлары болады.

— Бизде жулдыз жоқ.

— Жулдызды тынышына қойың, оның сизлер менен иси жоқ ғо.

## Басшы қандай болыўы керек?

— Қатал болыўы керек. Жуўас басшыдан ҳеш ким айбынбайды.

— Басшы хожалығын қәйтип ойласа, мәкемеге де сондай жан күйдириўи тийис.

— Басшының сүсты болсын. Үндемесе де адамлар айбынып турсын.

— Басшының қандайлығы, ол жумыстан кеткеннен кейин билинеди.

— Жақсы басшыны журт ғыйбат қылмайды.

— Бәрибир басшыға жақсы ат жоқ.

## Жазыўшы — ол ким?

— Қыялпараз. Оның мийинде басқа бир дүньяның адамлары тап өзлеримиздей болып турмыс кеширип атады.

— Жазыўшылар үш түрге бөлинеди: жазбаса тура алмайтуғын, абырай арттырыў ушын жазатуғын ҳәм жазыўшылықты хобби етип алғанлар.

— Талантлы жазыўшылар қызғаншақ болмайды, себеби, басқалардың өзине жете алмайтуғынын биледи.

— Қәлем ҳақы төлеў ҳәм китап сатыў тоқтатылса, әдебият тәуир-ақ тазарып қалады.

— Жазыўшылық— нәсил қуўаламайтуғын кеселлик.

## Беташар

Өткен әсирдиң елиўинши жылларына дейин бет ашарды аўылдағы қатықулақ жас балалар ашатуғын болған.

Алпысыншы жылларға келип елге танылған төкпе шайырлар ашқан.

Сексенинши жыллары ол қосықшылар менен бақсыларға өткен.

Еки мыңыншы жыллардан баслап бул өнерди актёрлар «тендер» ден жеңип алған.

## ТОЙЛАР

### Бурыннан киятырған тойлар

Сүннет той, айдар той — мәсликке, иши қызғанлар беретуғын той.

Келин тойы — бермесе болмайтуғын той.

Пайғамбар той — Пайғамбардың жасына жеткенине шүкирлик етип берилетуғын садақа аралас той.

Қына той — улы ул, қызы қыз болғанда кемпириниң үстине «төсек жаңалап» берилетуғын ерси той.

### Кейин пайда болған тойлар

Папка той — хәммеден бурын бир өзиниң баласы мектепке баратуғын болғаны ушын берилетуғын зыяпатқа уқсас той.

Мүше тойы — бул да соның артынан кеткен, бала бир мүшеге толғанда (12 жас) мабаға берилетуғын той.

30, 40 жас — «Апам кетти, мен калдым» ға салып берилетуғын зыяпаттан үлкенирек той.

50, 60 жас — берсе де, бермесе де болатуғын той.

Машын той — «Қой көрмеген қой көрип», жүреги шәўкилдеп беретуғын той.

Жай той — ағайин-туўғанға мәканды көрсетип, баханада жайға кеткен ғәрежетти жыйнап алыў ушын берилетуғын той.

Бесик той — еркексиз өтетуғын қатын-қалаш-лардың тойы.

Гүмис той, алтын той — қосылғанына 25 жыл, 50 жыл толғанда ҳаялынан миннетдар болғаны ушын яки ҳаялынан қорққанынан беретуғын той.

## Шашыўлар

Келин келгендеги шашыў — дүканда өтпей қалған конфеталарды пуллап қалыў ушын келин-шектиң үстинен шашыў.

Қарын шашыў — отырған қыз ерге тийип, дәслепки жүкли болғанда берилетуғын пыстырма отырыспақ.

Армия шашыў — бала еки жыллық ямаса бир айлық армиядан келгенде берилетуғын зыяпат.

Майсөк — жоқарыда айтылған шашыўлардың «сойыслығы».

## Қысқа қайырымлар

***

Сағал — улыўды, қораз — шақырыўды, ҳаял — тоңқылдаўды умытса, заман айныйды.

***

Ҳаялды ҳәм баланы алдап билмеген еркектиң қалтасында ийт үреди.

***

«Қарақалпақ байыса қатын алады»,
Қатын байыса,
Ойнасты сатып алады.

***

Мал-дүнья урлаған — қамалады,
Шығарма урлаған
«Плагиат»қа саналады.
Тек музыка урлағанлар,
Узаққа бара алады.

***

Музыкада өзи жети нота, оны Бетховен да таўыса алмады, Нәжимаддин де!

***

«Дурыс өлшемеди, деп, тәрези»,
Өкпелеме,
Ол ийесинен ғәрезли.

***

Баслықтың кешеги айтқаны да, бүгинги айтқаны да, ертеңги айтажағы да дурыс.

***

Достыңнан қол жуўғың келсе, қасыңа жумысқа ал.

***

Урлық ҳәм пара бир-бири менен «қыз алыспайтуғын» ағайин.

***

Самолётта:

— Арғы орынлыққа өтесиз бе, бул жер мениң орным екен?

— Сиз өтебериң, мен жолда түсемен.

***

Баланы келин жумсайды, бала сени жумсайды.

***

Бала кишкенелигинде мазалы, үлкейген соң билинеди ҳазары.

***

«Баланы жастан,
Қатынды бастан» —
Усы екеўине шыдассаң —
Басың тастан.

***

Ананың ашыўы,
Жипек көйлек кепкенше,
Қатынның ашыўы —
Мүддәҳәси питкенше.

***

«Сен анаңа тартқансаң» десе,
Мазатланып көкирек кереди,
Ал, өзи,
«Жатырына тартқан жаман» деп,
Балларына азап береди.

## Айтқан екен…

*Белгили жазыўшы-шайырлар ҳәм актёрлардың есте қаларлық қысқа фразалары*

**Расул Гамзатов:**

Әжелден арашалап апқалмас арақ,
Ишпей жүргенлер-әм ғарқ емес бирақ,

**Ибрайым Юсупов:**

Ҳаялға сыр айтпайтуғын еркек,
Бул дүньяда жоқ яки сийрек.

**Төлепберген Қайыпбергенов:**

Мен жазыўшылықта ҳаялыма усайман. Ҳаялым ҳәр бала туўғанда енди туўмайман деп серт айтады да, және ҳәмледар болғанын билмей-ақ қалады.

**Абдулла Қаххор:**

Келебер, критиктен жаман емес, қаппайды.

**Оспанхан Әўәкиров:**

Мен жумыс ўақтында ишкеним жоқ, жумысқа дейин иштим.

**Рам шайыр:**

Екинши күйеўим Бабажан деген,
Қызымды аларда ағажан деген.

**Дәўлен Айтмуратов:**

Жас шайырлар бала пышыққа усайды, сыйпаласаң қойнына киреди, бирақ, кейнинен тырнайды-аў.

**Шамурат Өтемуратов:**

Қапылып дүкан-әм ашық екен.

**Жақсымбай Бекмуратов:**
Мен монтёрды услаўға қорқаман ғо.

**Айтжан Абдалиев:**
Мен сахнаға шығыўдан биреў «атып түсирсе» … барып, гүртигин салдырып отыра берер едим.

## Дәўлен Айтмуратовтың «Пирқаққан»

### комедиясы ҳәр қыйлы дәўирде

**Алпысыншы жыллары**

Барсақ қыз ийжан же-еп отыр екен. Қызды алып шығыў шарбая қатынлардың таңлайындағы кишкене тилин суўырып алыўдан қыйын болды, бирақ алып шықтық.

**Сексенинши жыллары**

Барсақ қыз повидилла же-еп отыр екен, қызды алып шығыў көлге түсип кеткен тракторды вертолёт пенен көтерип алғаннан қыйын болды, бирақ алып шықтық.

**Еки мыңыншы жыллары**

Барсақ қыз музқаймақ же-еп отыр екен. Қызды алып шығыў, гүрлеп турған кәрхананы банкрот етиўден қыйын болды, бирақ алып шықтық.

**2015-жыллары**

Барсақ қыз компьютер ойна-ап отыр екен. Қызды алып шығыў биреўдиң жойтып алған пластигиндеги пулды шығарып алғаннан қыйын болды, бирақ алып шықтық.

## ЕРКЕКЛЕР ҲӘМ ҲАЯЛЛАР

### Ҳаяллар

Ҳаял гүлге уқсайды. Еркек нәзер аўдарған сайын жадырап ашыла береди.

Ҳаял кирпитикенге уқсайды. Жақтырмаған адамына тикенлерин ҳәррийтип алады.

Ҳаял илимий китапқа уқсайды, өмир бойы оқысаң да үйренип болмайсаң.

***

Ҳаял ятратқаннан күндестиң пайда болмаўын (жасырын болса да), абысынына иси түспеўин, қәйин енесиниң тезирек қартайыўын тилеп, ишинен аўмийин етеди.

### Ҳаяллар сөйлескенде

— Он жети орынлық «Газел»ге қырқ сегиз адам сыя ма?

— Сыяды, қуда шақырық болса?

— Ҳе-е, онда дурысын айтқан екен-аў, мен өжетлесип жүрмен…

***

— Уялы телефонның үстинен арыз етежақпан.

— Кимге?

— Баслығына.

— Ҳе?

— Ҳаў, сөйлесип атырсаң өшип қала береди, өшип қала береди. Абысын менен бир саат сөйлескенниң өзинде үш рет өшти.

— Жаз! Мен-әм қол қояман!

***

— Жылтыр, қымбат көйлеклерди басқа еллерде тек сахнаға кийеди екен ғо.

— Олардың абысыны жоқ тә!

***

— Қоңсы қатын менен урысып қалдым, ләген төккенниң үстинде?

— Жулдың ба?

— Яқ. Бирақ аўзыма келгенин қайтармадым.

— И-ий, жулсаң болады ғо!

— Жақында гилем жуўаман. Сонда сөйлеп көрсин, жулмақ түўе пыт-пытын шығараман!

## Урысқанда

— Адамлар мени бийҳая дейтуғын қусайды, сыртымнан. Мен сирә киси менен урысып билмеймен.

— Оның несин жасырасаң, бетиңе шығып тур ғо!

— Неғылдедиң?! Ҳә, жәҳәнди қуртқан саллақы сениң! Зуҳра-а! Қаяқтасаң, жер жутқыр! Маған ана пол жуўғыш таяқты әкелип бер!

## Күйеўин мақтағанда

— Бизиң үйдеги со-ондай дуўпияз, көйлегиниң жағасы пышақтың қырындай болмаса киймейди. Туфлийин ақ орамал менен сыпырып көреди. Айнымаған мениң өзим!

— Бизиң киси қазан-табақтың пири! Писирген тамағын жеп тоймайсаң! Мени асхана бетке жақынлатпайды — жүзиңе аўқаттың пуўы урады дейди.

—Бизиң шабаз бала бақканда нашарды минийерде қалдырады! Әйтеўир өзим жети бала туўып, биреўин түнде турып тосып көргеним жоқ. Өзи тосады, өзи уйқылатады. Ағам менен екеўиниң топырағы бир жерден алынған.

## Күйеўин жаманлағанда

— Усы қудайдан тапқырға тийгели етим кетип сүйегиме тақалды. Күнде ишип келеди. Есиктен дүзиў кирип келген күни жоқ. Арақ заўытқа от берип жиберер едим, қәйерде екенин билеғойсам?

— Бизиң собылықтың жети жини мениң төркиним. Үйбеттен келип бир туўысқаным нан аўыз тийсе жети күн урыс шығарады.

—«Сен симилтирге қатын болып отырған мен. Болмаса еки дизеңди қушақлап тақ өтесең» десем үндемейди. Биледи өзиниң шамасын!

## Ҳаял менен қалай оңысыўға болады?

Ол қызып кеткен ўақытта сен пәсиңе қайтасаң.

Абысынларын жаманлап атырғанда қосылып жаманлайсаң.

Төркин бетинде шақырық болса мол-молақай жазыласаң.

Изиңе адам ертип келе бермейсең.

Айлығыңнан пыстырмалап қалмайсаң.

## Еркеклер

— Еркеклер кимге усайды?

— Түйетаўықтың шөжесине.

— Неге?

— Жығылса өзи тура алмайды. Милийса әкетпегенше.

***

— Еркек қудайдан кейин кимнен қорқады?

— Ҳаялынан.

***

— Еркекке жағымсыз нәрсе не?

— Қәйин журттағы шақырық.

***

— Еркек қай ўақта қуўанады?

— Аяқ астынан отырыспа табылса.

— Қай ўақта қапа болады?

— Тост түўесилип қалса.

***

— Еркектиң ўәдеси қандай?

— Бир майданлық.

— Неге?

— Азанда сөз берип, түстен кейин бузып қояды.

***

— Еркек өсек қуўалай ма?

—Қуўалайды. Лекин, ҳаялларға жете алмайды.

***

—Еркек баласына қәйтип айбат шегеди?
—«Апаңа айтып беремен» деп.

## Еркекти хошаметлейтуғын мақаллар

Есерсоқ болмай ер болмас.
Еркек тананың басы артық.
Төбелесте тентек жеңеди.
Бақыраўық түйениң бары жақсы.
Бай ғайратлы болса қатын, уятлы болады.

## Ҳаялға ғәрезли қылып қойған мақаллар

Еркектиң атын қатын шығарады.

Еркекти ер ететуғын да қатын, жер ететуғын да қатын.

Ат айланып қазығын (ҳаялын) табады.

Ҳаял аўзына шөп өлшеп алады.

Балаң жақсы болғанша, келиниң мусырман болсын.

## Еркек пенен қалай оңысыўға болады?

Атқан адымын қадағалап барасаң.

«Саған тийемен деп бахтым ашылмады» деген гәпти тез-тез есине салып турасаң.

Ишип келген күни тамыңа кирип жатып қаласаң, шайын өзи демлеп ишсе ишкени, ишпесе аш жатады.

Кеңсесине барып қолына тийетуғын айлығын билип аласаң.

Қазан-табақтан басқа үй жумысларын мойнына қоясаң.

Урысса «жайды атыма өткерип аламан, қаңғырып далада қаласаң» дейсең. Юрист таныслараң болса буяғын да ойласып қоясаң.

## МАЗМУНЫ

Ағла пазыйлетлери бар халқымның........................................3
Қарақалпақлардың бас кийими қандай болған
ямаса жыраўлар неге шөгирме кийеди?...............................17
Бердақтың «тазаланған» қосықлары ҳаққында
бирер сөз..........................................................................................27
Мен билген Кеңесбай..................................................................33
Шоманайдың екинши бәҳәри....................................................41
«Ғәрип ҳәм Шасанем»лер менен сәўбет..............................68
«Қосық айтсам ҳаўаз толқып жаңлайды»............................77
«Қысқа жазып, керек гәпти айтыў керек»............................87
Сол ҳәсиретли жыллар...............................................................93
«Бир гөмме алтын таўып алдым»..........................................96
Қайдасызлар, шайырлардың баллары?..............................106
Сен күймесең, мен күймесем… ..........................................118
Мен неге жазыўшылықты таңладым?...............................126
«Мәўрит» қалай пайда болды ҳәм ол неге тоқтады?.....140
Тәжирийбеден туўылған ойлар.............................................155

**Муратбай НЫЗАНОВ**

# МЕН НЕГЕ ЖАЗЫЎШЫЛЫҚТЫ ТАҢЛАДЫМ?

«Билим» баспасы
Нөкис — 2018


Редактор *У.Юсупова*
Көрк. редактор *И.Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Г. Серимбетова*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақты 10. 08. 2018-жыл. Форматы 80x100 $^1/_{32}$ «Times New Roman» гарнитурасы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 5,75 б.т. 9,66 ш.б.т. 6,72 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №485.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa.@bk.uz

ЖШЖ «NISO POLIGRAF»ында басып шығарылды. Ташкент областы, Орта Чирчик районы, «Оқ ота» КФЙ, п. Машъал, Марказ көшеси, 1.

15360с

ISBN 978-9943-4447-6-8
9 789943 444768

«БИЛИМ»